# МАХ ДУГ



## НÆ ХÆХБÆСТЫ БÆРКАД, ЦЫ ДИССАГ ДÆ, ЦЫ!..

9
2026

*Сызгъæрин хур у – нæ фарн у уый...*
*Фыранк – нæ ныфс æмæ нæ тых.*

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026

# МАХ ДУГ

9
2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ**
АЛЫККАТЫ Руслан. Культурæ æмæ аивад Ирыстоны хъуамæ уой бæрзонд æвæрд ........ 5

**БОЦИТЫ Барон: 125 азы**
БОЦИТЫ Барон. Чи кæй фæсайдта. *Комеди* ........ 8

**ГУЫЦМÆЗТЫ Алеш: 75 азы**
Бæхы уаргъ æмæ чысыл лæппу. *Радзырд* ........ 20
Алешы тыххæй загътой ........ 54

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ: 75 азы**
БЫЗЫККАТЫ Земфирæ. Фыдæлты фарн – нæ тых æмæ нæ хъару! *Æмдзæвгæтæ* ........ 64

**ПОЭЗИ**
ХУЫБИАТЫ Зауыр. Мæ зæрдæйы хæзнайау дæ æвæрд. *Æмдзæвгæтæ* ........ 68

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
МАМИАТЫ Таймураз. Царддæттæг фæндаг. *Уац* ........ 74

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**
ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ........ 82

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ. ХОДЫ Никъала: 90 азы**
ТЪЕХТЫ Тамерлан. «Дæ куысты дæ уд бавæрдтай, уый дзыллæ хъуамæ æнкъара…» *Уац* ........ 110

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**МЫСИНÆГТÆ**
ДАУЫРАТЫ Дамир. *Радзырдтæ-æцæг хабæрттæ* ........ 113

**ХУДÆГЫЛ АХУДÆМ**
Хур, тæрхъус æмæ растфыссынад ........ 137

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## КУЛЬТУРÆ ÆМÆ АИВАД ИРЫСТОНЫ ХЪУАМÆ УОЙ БÆРЗОНД ÆВÆРД

Цалынмæ лæг цæры, уæдмæ йæм бирæ домæнтæ ис: хъæуы йæ хорз цæрæнбынат, уæлæдарæс, кусæн мигæнæнтæ, хæринаг æмæ афтæ дарддæр. Æппæт дæр арæзт цæуынц адæймаджы фæллойæ, фæлæ дзы иу дæр рæстæджы сæрты нæ ахизы: чи хардзы ацæуы, чи æмбигæ кæны, чи та – згæ, сæ кой дæр нал баззайы. Фæлæ цæйдæр фæрцы адæмыхатт, паддзахæдтæ, хицæн адæймæгтæ баззайынц историйы, æмæ уыцы цыдæр у культурæ, культурæйы сæйраг хай та – аивад. Бирæ хæзнатæ, бирæ мулк кæмæ ис, уыдон ферох уыдзысты, фæлæ, культурæмæ, аивадмæ чысыл ног бавæрæн чи бахаста, уыдон, æнæмæнг, баззайдзысты историйы, сæхæдæг куы нал уой, уæддæр. Культурæ дæр арæзт цæуы адæмы фæллойы руаджы. Цас дзы фылдæр пайда кæнай, уыйас кæны ирдæй-ирддæр, егъаудæр. Æз афтæ хъуыды кæнын, æмæ культурæ у зæххы къорийыл цæрæг адæмтæн сæ размæдзыды сæйраг нысан.

Культурæйы къабæзтæ, аивады алы хуызтæ сты æмсæр, иу иннæмæй уæлдæр кæнæ дæлдæр нæу, фæлæ, америкаг архитектор Фрэнк Ллойд Райты ныхасмæ гæсгæ, «архитектурæ у аивæдты мад». Мæ хъуыдымæ гæсгæ, архитектурæ нæ тæрсы уазал æмæ æнтæфæй,

дымгæ æмæ къæвдайæ, иннæ аивæдты та хъахъхъæны фыдракæндтæй æмæ æрдзы тызмæгдзинадæй. Архитектурæ у демократон аивад, цыфæнды хъæумæ кæнæ горæтмæ бацæуай, æнæ сæмбæлгæйыл нæ фæуыдзынæ. Хъыгагæн, лæг цы архитектурæйыл сæмбæлы, уый æдзух сæ хуыздæртæй нæ разыны. Ацы хъæндзинад иннæ аивæдтæм дæр хæццæ кæны.

Кæй зæгъын æй хъæуы, хæрзхъæд архитектурæ канд архитектортæй аразгæ нæу. Афтæ зæгъæн ис, æмæ йæм кæй къух æмæ зонд нæ хæццæ кæнынц, ахæм адæймаг зын ссарæн у – архитектурæ у дуджы æхсæнады иумæйаг фæлгонц.

Алцы зонæг нæ дæн, чи зоны, бирæтæ мæ хъуыдытимæ разы нæ уыдзысты, фæлæ ма мæ фæнды зæгъын литературæйы тыххæй дæр. Къоста æмæ Пушкины фæдыл ног хъуыды тынг зын зæгъæн у – уыдон сæ бынат раджы бацахстой, мах цæст æххæсгæ дæр кæдæм нæ кæны, уыцы бæрзæндтыл. Маяковский дæр уыцы бæрзондыл лæууы, фæлæ, æвæццæгæн, ахæм рæстæг нæма æрцыди, æмæ æппæт адæмы зæрдæты йæ аккаг бынат бацахса.

Ирон адæмы бæрц бирæ милуантæ куы уаид, уæд, мæ хъуыдымæ гæсгæ, ирон æвзагæн йæ кад уаид бæрзонд, Булкъаты Михалы æмæ Гуыцмæзты Алешы уацмыстæ та æппæт дунейы дæр уаиккой хъуыстгонд. Нуарджын аивадон мадзæлттæй сæ иу раргом кодта Иры хъæздыг истори, иннæ та – адæймаджы арф æмбæхст миддуне.

Уæдæ нæм куыд нæ уыди Къостайы аккаг поэттæ дæр… Токаты Алихан æмæ Дзаболаты Хазби кæд бирæ нæ ацардысты, уæддæр ирон поэзимæ бахастой, бæрæг чи дары, ахæм ног формæтæ æмæ æнкъарæнтæ. Къоста ма куы цардаид сæ дуджы, уæд сын аккаг аргъ скодтаид.

Культурæ æмæ аивад Ирыстоны хъуамæ уой бæрзонд æвæрд, уый у нæ алкæй хæс, науæд нæ адæмыхаттæн историйы нæ уыдзæн фидæн. Уыимæ ма батыхсын хъæуы нæ адæмы нымæцыл дæр, нæ кæстæртыл.

*АЛЫККАТЫ Руслан,*
*Уæрæсейы Архитекторты цæдисы*
*цæгатирыстойнаг хайады сæрдар*

# БОЦИТЫ БАРОН: 125 АЗЫ



**1901 – 1944**

*Цардæй дзаг ысты нæ фæзтæ,*
*Лæг – сæрибар, зæхх – уæрæх.*
*Хъал æмæ хæрзхаст – мæ бæхтæ,*
*Размæ уарийау – сæ уад.*

*БОЦИТЫ Барон*

# ЧИ КÆЙ ФÆСАЙДТА

*Иуактон комеди*

**АРХАЙДЖЫТÆ:**
Местъор, 45-аздзыд
Бибо, 40-аздзыд
Натæ – Бибойы чызг, 14-аздзыд
Ханджери – Бибойы сыхаг, 20-аздзыд
Темырхъан – дохтыр, 55-аздзыд
Верæ Карповнæ – медицинон хо, 35-аздзыд
Рынчынгæс, 50-аздзыд

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД

*Фыццаг ныв*

*Сæрд. Горæты рынчындон. Сыгъдæг уат.*

**Бибо.** Рагæй рынчын дæн! Мæ зæнгты рыст мын уыйбæрц низ нæ уыд, дæсны мæ кæй фæсайдта, уый мын цы низ уыд.

**Местъор** *(йæ русыл хæцы, афтæмæй бады йæ хуыссæны).* Дæсны ма уæдæ цæмæй дæсны у, сайын куынæ зона, уæд!

**Бибо.** Сайд дæр сайды хуызæн куы уыдаид! Иунæг карчы цъиу дæр нæм нал ныууагъта. Ныццæгъдын сæ кодта.

**Местъор.** Уæдæ куыд цолайæ æрбафтыдтæ рынчындонмæ, кæд уыйбæрц карчы фыд фæхордтай, уæд?

**Бибо.** Хуыцау ыл йæ бæллæх куы сæвæрид, цас дзы æз дæр ницы бахордтон æмæ йæхæдæг дæр.

**Местъор.** Уæдæ ма уыйбæрц кæрчытæ цæмæн фæцагътат? Уæдæ уый дæсны дæр нæ уыди æмæ иу дæр.

**Бибо.** Уæдæ дын æз цытæ дзурын. Хуыцауæй дæ бауырнæд, Местъор, мæ зæнгтыл нæ лæууыдтæн стæгнизæй, афтæмæй-иу мын карк аргæвдын кодта, йæ туг-иу ын зæххы ауагътон, не ‘взæр чызг-иу æй ныллæгуын кодта, стæй-иу нын æй сфыцын кодта, гæххæтты-иу æй батухын кодта æмæ-иу нын загъта: «Ацы каркæй дæхæдæг ма бахæр. Куы бафынæй вæййыс, уæд дын дæ буар хæйрæджытæ хæрынц, æмæ дæ зæнгтæ уымæн риссынц. Кæркдоны фæйнæджыты сæр-иу æй

сæвæр, хæйрæджытæ каркыл фæуыдзысты æмæ дын дæ туг æмæ дæ буар нал хæрдзысты!

**Местъор.** Уæдæ уый æцæг дæсны куы уыд!

**Бибо.** Æцæг дæсны куы уыдаид, уæд дзы йæхæдæг дæр хордтаид, фæлæ мæ тæригъæд куы фæхæссид. Нæ сæ йæхæдæг хордта, нæ мæн уагъта хæрын, æмæ æдзæллагмæ æрцыдтæн.

**Местъор.** Ау, æмæ-иу дзы йæ басæй дæр нæ ахуыппытæ кодта?

**Бибо.** Басæй цы зæгъыс, уый зæгъ. Хуыцауыстæн, йæ сыллыпп-иу уæлæсыхмæ хъуысти. Ноджы-иу ын не 'фсин цæрвджын уæлибæхтæ ракодта, æмæ-иу цывзыджын арахъхъæй иу куы ануæзта, уæд-иу тыфтырыхъо фестади!

**Местъор.** Æниу ма дзы ноджыдæр куы ануæзтаид!

**Бибо.** Фæлæ зонгæ дæр цыдæр кодта, уый йеддæмæ-иу райсоммæ карчы мард кæркдоны сæр куыд нал уыд, ууыл абон дæр ма дисæй мæлын! Æд гæххæтт иу æй æцæг хæйрæг фæхаста?

**Местъор.** Дыкъахыг хæйрæг, ха-ха-ха. Æллæх! Мæ нерв! М-м-м! Мæлын! *(Къулыл хизы, хъæрзы.)* Хуыцауы фыдæх ссар дæ каркимæ! Æмæ дæ хæйрæджытимæ! Офф!

**Бибо.** Дæуæн та цы хæйрæг бацыдис дæ нервы? *(Æддæмæ хъæр кæны.)* Сестра! Сестра! Сестра! Къуырма бау *(Цæгъды дзæнгæрæг.)*

**Верæ Карповнæ** *(æрбазгъордта хостимæ, бауадис Местъормæ. Местъор сынтæджы, къулыл хæцгæйæ, хъуырдухæн кæны)* Ныхас та кодтаид, æвæццæгæн? *(Местъормæ.)* Дæуæн дзурæн нæй, уый зоныс? *(Хос ын дæтты ануазынмæ.)* Гъе афтæ! Иууылдæр æй ануаз! Гъе, гъе! Гъеныр дзургæ мауал кæн! Бамбæрстай?!

**Местъор** *(хъæрзгæйæ).* Уымæ баст хæрæг дæр æнæ дзургæ нæ фæлæудзæн!

**Верæ Карповнæ.** Кæд дæ фæнды, рынчын ма кæнай, уый, уæд дзургæ ма кæн! Дæуæн, цалынмæ сдзæбæх уай, уæдмæ дзурæн нæй! Æртæкъабузон нерв куы фæриссы, уæд худæн дæр нæй, дзурæн нæ, фæлæ. Афтæ æрхуысс æмæ сабыр дæхи дар! *(Ацыд.)*

**Бибо.** Уый хæйрæджы кой кæй кодтай, уый тыххæй фæхæйрæг дæ, гъе. Диссаджы сестра нæу. Ма, дам, дзур! Мæн цы дæсны дзæбæх кодта, уый мæ хæрын нæ уагъта, ай та – дзурын. Уæдæ лæг куыд цæра?! Ма хæргæ бакæн, ма – дзургæ!

**Местъор** *(йæ сæр схъил кодта, йæ уадулыл хæцгæйæ дзуры).* Дæ

дæсны куынæ хордтаид, уæд-иу уæдæ дæ кæрчытæ цы фесты? Амæ æнæ дзургæ чи фæлæудзæн?!

**Бибо.** Æвæццæгæн сæ æцæг хæйрæг хордта, уый йеддæмæ-иу кæркдоны сæр нал уыдысты!

**Местъор.** Ай-гъай-иу нал уыдаиккой! Уый дын-иу сыл йæ фæндаг акодта, Бибо, йæ фæндаг!

**Бибо.** Хъуамæ, æцæг?!

**Местъор.** Æцæг, уæдæ сæ мæнгæй уым æвæрын кодта!

**Бибо.** Гъеныр мæ бауырныдта. Уæдæ-иу уымæн дзырдта уыцы æдзæсгом не 'фсинæн...

**Местъор.** Куыд-иу ын дзырдта?

**Бибо.** Бад, бад, зæгъгæ. Фæкæс, мæ хур, дæ рынчынмæ. Æз мæхæдæг дæр ацæудзынæн. Бауырнæд дæ, никуы йæ ауагъта йæ фæдыл акæсын! Мæлæты хорз ын нæ базыдтай йæ хиндзинад. Уæллæгъи, Местъор, лæгмæ иучысыл хиндзинад куынæ уа, уæд карк нæ, фæлæ айк дæр нæ бахæрдзæн.

**Местъор.** Карк куынæ уа, уæд айк кæцæй бахæрдзæн? Дæ хорзæхæй, Бибо, дæ таурæгътæ ныууадз! Тæрсын, мæ уадул та куы срисса, уымæй! Уыцы æртæкъабузджын нерв æгъатыр у.

**Бибо.** Сæр ма риссæд, уый йеддæмæ, уадулæн та циу?

**Местъор.** Раст мæ рихийы æрдумæ куы бавналын, уæд дæр нæ уарзы фæцагайын! Бæллæхы æртæкъабузон нерв нæу, зæгъыс?! Мæ дзых схæлиу кæнын дæр мæ нæ уадзы йæ риссынæй. Куы мæ нысхуыстытæ кæны, уæд мæ фæдис ныхъхъæр кæныны бон дæр нал вæййы.

**Бибо.** Дæуæн та цæй аххос кæнынц йæ рыст?

**Местъор.** Мæнæн?! Мæнæ ныртæккæ – дæу аххос у! Бирæ дзурыс æмæ мæн дæр дзурын кæныс!

**Бибо.** Æмæ ма дзур. Чи дæ дзурын кæны?

**Местъор.** Ды!

**Бибо**. Агъа, уæдæ дæм æз нал дзурын. Мæн тыххæй æппындæр мауал сдзур дæ дзыхæй!

**Местъор.** Дæхæдæг мауал сдзур, кæд мæ цы æлгъитыс!

**Бибо.** Куыд?!

**Местъор.** Куыд нæ, фæлæ æрдиаг дæ хæдзар!

**Бибо.** Дæхи хæдзар!

**Местъор.** Мæ хæдзары фæхъхъау... Æллæх, æллæх, м-м-м, м-м-м!

**Бибо.** Хуыцауы тыххæй, цы гуым-гуым кæныс?

**Местъор.** М-м-м, м-м-м, æллæх!..

**Бибо** *(хъæр кæны).* Сестра, сестра, сестра! *(Хойы дзæнгæрæг.)*

**Верæ Карповнæ** *(æрбазгъордта).* Цы та 'рцыдис?!

**Бибо.** Цы 'рцæуы, уый нæ фæзонут æви? Ницы, гуым-гуым кæны æмæ мæ хуыссын дæр нæ уадзы!

**Верæ Карповнæ.** Чи уæ кæй нæ уадзы? Кæд æм дæхæдæг дзурыс, мыййаг?

**Бибо.** Дæ рæсугъддзинадыстæн, мæ дзыхæй йæм иу ныхас дæр нæма скодтон! Мæн дзурынты мат ис?! Мæ зæнгтæ мæнæ хуынчъытæ куы кæнынц сæ риссынæй?!

**Местъор.** Æллæх!.. М-м-м! М-м-м!..

**Бибо.** Æдзух йæ гуым-гуыммæ мæ зæрдæ куыд нæ атоны! *(Хъæрзы.)* Мæхицæн мæ уд схауы мæ зæнгты рыстæй! *(Чызгмæ.)* Тагъд æрбацæудзæн дохтыр?

**Верæ Карповнæ.** Тагъд! Иу-фондз-дæс минуты фæстæ! (*Местъормæ.*) Ацы хатт ма дын дæттын сабыргæнæн хос, фæлæ дæхи æнцад куынæ дарай, уæд дын хос дæр ницыуал баххуыс кæндзæн. Æппындæр ныхас ма кæн! *(Бибомæ.)* Ды дæр æм мацы дзур!

**Местъор.** Æз æм ницы дзурын, Хуыцау æмæ зæхх – ме 'вдисæн! *(Æрзылд йæ хуыссæны æмæ афынæй.)*

**Верæ Карповнæ.** Уæдæ хæйрæджытимæ дзуры? Сабыр, чысыл афынæй уа. *(Фæцæуы.)*

**Бибо** *(хъæрзы).* Хæйрæджытимæ, уæдæ... Ацыди! *(Кæсы Местъормæ.)* Афынæй ис. *(Нал хъæрзы Бибо дæр. Бавнæлдта скъапмæ, райста сæкæры къæртт æмæ йæ йæ дæндæгтæй къæрццытæ кæны.)* Æфсæрмæй сæкæр дæр нал ахордтон!

**Местъор** *(йæ хуыссæны хæрдмæ фæхаудта).* Дæ фыдыстæн, æхсæрсæттæг дæ æви лæг дæ? Цы къæппытæ кæныс?!

**Бибо.** Ды дæр дæсны куы разындтæ! Уый мæ карчы фыд хæрын нæ уагъта, ды та – сæкæр хæрын.

**Местъор.** Æмæ дын æнæ къæппытæгæнгæ нæй?!

**Бибо.** Мæ сæкæр мæ бар у, æмæ йæ къæпп кæнон, цы кæнон, уый мæхи хъуыддаг у! Дæуæн къæпп кæнæн нæй, æмæ мæм хæлæг кæныс, нæ? *(Æдде дохтыры дзурын ссыди).*

**Темырхъан.** Йæ тæвд бæрзонд у? Æмæ ма абон дæр дзæбæх куы уыди!

**Бибо.** Уый мӕнӕй зӕгъы, ӕвӕццӕгӕн! *(Йӕ хуыссӕны рабадт, уӕрджытӕ ӕрбатымбыл кодта ӕмӕ сыл хӕцгӕйӕ хъӕрзы. Дохтыр ӕрбацыд, ӕмӕ йӕ цыма нӕ федта, уый бадт кӕны.)* Дохтырӕн афтӕ куы риссиккой, уӕд мӕ бамбарид. Уӕхимӕ, дам, ацу. Къӕхтӕ мыл куынӕ ис, уӕд мӕ куыд цӕуын кӕны нӕхимӕ?!

**Темырхъан** *(медицинон хомӕ).* Радзур-ма нын, Верӕ Карповнӕ, ацы рынчын куыд у!

**Верӕ Карповнӕ.** Мӕнӕ ацы рынчын *(Амоны Бибомӕ.)* стӕгнизӕй рынчын у. Йӕ тӕвд у 36,5, фӕлӕ тынг хъӕрзы йӕ зӕнгтӕй.

**Бибо** (*ӕрӕджиау*). Уый дохтыр Темырхъан куы дӕ! Ӕгас цу!

**Темырхъан.** Куыд тынг хъӕрзыс уый? Афтӕ тынг рынчын дӕ?

**Бибо.** Де знаг мӕ хуызӕн куы уаид. Мӕ зӕнгты риссынӕй кӕм дӕн, уый дӕр не 'мбарын.

**Темырхъан.** Ме знаг дӕ хуызӕн куы уаид, уӕд мӕ сӕр бахъуыд! Афтӕ тынг риссынц дӕ зӕнгтӕ?

**Бибо.** Раст мӕ улӕфын дӕр нӕ уадзынц.

**Темырхъан.** Дӕ рӕуджытӕ риссынц?!

**Бибо.** Рӕуджытӕ куы риссиккой, фӕлӕ зӕнгтӕ уӕззау рыст кӕнынц!

**Темырхъан** *(Бибомӕ).* Уӕдӕ дӕ улӕфын чи нӕ уадзы? *(Верӕ Карповнӕмӕ.)* Йӕ низы истори-ма йын рахӕсс!

**Верӕ Карповнӕ.** Айрох мӕ ис, ӕз ӕй ныртӕккӕ ӕрдавдзынӕн!

**Темырхъан.** Ауай!

**Верӕ Карповнӕ.** Ныртӕккӕ *(Фӕцӕуы.)*

**Бибо.** Афтӕ кӕны ӕдзухдӕр. Мӕнӕн исты хос куы рафыссыс, уӕд ӕй ферох кӕны. Знон мын ды парашоктӕ рафыстай, уый та мын сӕ цыдӕр донгонд хосӕй баивта. Мӕ зӕнгтӕ кӕд уымӕн тынгдӕр риссынц, уӕддӕр цы бӕрӕг ис. Тӕрхъусау разгъор-базгъор кӕны, ӕндӕр ӕй мӕ мӕт ис?!

**Темырхъан.** Ӕмӕ дӕ зӕнгтӕ риссынц, зӕгъыс, и, Бибо?

**Бибо.** Уӕдӕ сайгӕ кӕнын?

**Верӕ Карповнӕ** *(ӕрбацыд).* Мӕнӕ йӕ низы истори!

**Темырхъан** *(кӕсы бирӕ гӕххӕтмӕ).* Бибо, райсом хъуамӕ уӕхимӕ ацӕуай!

**Бибо.** Куыд? Ӕмӕ мӕ къӕхтыл лӕууын куынӕма фӕразын, уӕд уый та цавӕр истори у?

**Темырхъан.** Дæ хæдоныл-ма уæлæмæ схæц уæдæ, æз дын дæ зæрдæмæ байхъусон!

**Бибо.** Мæ зæрдæмæ кæд хъусыс, уæд æз нæхимæ нæма цæуын!

**Темырхъан.** Схæц-ма дæ хæдоныл?!

**Бибо** *(схæцыд йæ хæдоныл).* Агъа, дæ рын бахæрон!

**Темырхъан.** Сабыр, улæфгæ ма кæн! *(Бибо сындæггай улæфы.)* Æз дын афтæ куы зæгъын, улæфгæ ма кæн!

**Бибо.** Хъус, хъус! Куынæ улæфын!

**Темырхъан** *(хъусы трубкæйæ).* Дзургæ дæр æмæ улæфгæ дæр ма кæн! *(Бибо сусæгæй улæфы.)*

**Темырхъан.** Æз дын афтæ куы зæгъын, бынтондæр ма улæф!

**Бибо.** Æз бынтондæр куынæуал улæфон, уымæй тæрсын æмæ ардæм дæр уымæн æрцыдтæн, уый йеддæмæ нæ хæдзары дæр амардаин. Мæ низ мæнæ мæ зæнгты ис, мæ зæнгты. Мæнæ ам ис сæ истори. Уæд дын мæ зæрдæйæ дæр рахъаст кодтаин!

**Темырхъан.** Лæг зæрдæйæ арæзт у, æмæ дæм уымæн хъусын. Гъе, гъе афтæ æрбад! Кæд дæ улæфт бауромын нæ фæразыс, уæд уæдæ сулæф! Тынг улæфгæ! *(Дохтыр хъусы.)* Уый бынтондæр куынæуал улæфыс? Улæфгæ!

**Бибо.** Æз ма улæфын куы фæразин, уæд нæ хæдзары дæр улæфыдаин!

**Темырхъан.** Уæдæ ма цы фæразыс?!

**Бибо.** Æрмæст хъæрзын, æмæ мæ хъæрзын дæр куынæ уадзы уæртæ къабузджын нервыты хицау! *(Амоны Местъормæ.)*

**Темырхъан.** Местъор та чи у?

**Бибо.** Уæртæ!

**Темырхъан.** Местъоры низ ахæм у, æмæ йын хъæрзæн дæр æмæ дзурæн дæр нæй, фæлæ ды райсом хæдзармæ ацæудзынæ! *(Медицинон хомæ.)* Он вполне здоров. Его завтра нужно выписать!

**Бибо.** «Ждоров» куы уаин, уæд мæ вписать хъæуид, уæд Местъоры цур хуыссин. Сымах дæр ахæм ждоров куы уаиккат!

**Местъор** *(дохтырмæ).* Кæнæ мæн акæнут ардыгæй, кæнæ Бибойы! Нал дзы фæразын!

**Бибо.** Æз та дæуæй нал фæразын!

**Темырхъан.** Цæмæй уæд?

**Бибо.** Иу æрра фæвæййы æмæ къултыл хизы!

**Местъор.** Ӕрра дæ бинонтæ! Ӕллæх! Мæ уадул! М-м-м! М-м-м!

**Бибо.** Нæ уын зæгъын, ферра вæййы, зæгъгæ! Ӕз къултыл нæ хизын, æмæ уæ мæ рынчын æмæ мæ низ дæр уымæн нæ уырнынц, нæ?

**Темырхъан** *(бауад Местъормæ).* Верæ Карповнæ! Тагъд валериановкæ.

**Верæ Карповнæ.** Ныртæккæ *(Ауад.)*

**Темырхъан** *(Бибомæ).* Ацы рынчынмæ дзурæн нæй! Ӕртæкъабузон нервæй рынчын у, уый зоныс?!

**Бибо.** Ӕмæ кæд æз та æппæт къабузтæй рынчын дæн, уæд та? Цæмæй мæ базыдтат? Ӕз уын ацы рынчынæй нæхимæ нæ ацæудзынæн. Кæнæ мæ дзæбæх скæнут, кæнæ ам амæлон, æндæр амал мын нæй! Уæдæ æз дæр… Ӕз дæр къултыл хиздзынæн, æмæ мæ уæдæ дзæбæх кæнут!

**Темырхъан.** Бибо!

**Бибо.** Ӕз 40 азы дæн Бибо. Ау, ме ‘ууæнк бахордтон? Ӕнæниз куы уаин, уæд мæм джитъри хæрын дæр нæ цæуы кæнæ булчъы сыфтæ?

**Верæ Карповнæ** *(æрбацыд).* Мæнæ валериановкæ! *(Местъормæ.)* Ӕнуаз. Гъе афтæ! *(Дохтырмæ.)* Абондæргъы нырæртыккаг хатт нуазы валериановкæ. Кæрæдзимæ дзурынц, æмæ та фæрынчын вæййы!

**Бибо.** Ӕз æм ницы дзурын. Мæхи мын куы ныууадзид баулæфын. Ахæм рынчын вæййын, æмæ æхсæв-бонмæ мæ цæстæй дæр никуы ракæсын!

**Местъор** *(адæммæ).* Фыр фынæйæ ма хъал дæр куыд равæййы.

**Темырхъан.** Температурæ дæм вæййы?

**Бибо.** Температурæ та цы у?

**Темырхъан.** Температурæ – нозты мыггаг, лæджы стæвд кæны.

**Бибо.** Уæд ма арахъхъ мæ зæрдыл лæууид, нæхимæ-иу дзы куы ануæзтон цывзыджынæй, уæд-иу мæ зæнгтæ дæр нал рыстысты, æмæ-иу тæвд дæр уыдтæн, фæлæ ам бынтондæр нæ тæвд кæнын, мæ зæнгтыл дæр нал лæууын.

**Местъор** *(адæммæ).* Ай-гъай, нал лæууы йæ зæнгтыл. Хуысгæйæ цард куы уа лæгæн, уæд ма йæ зæнгтыл цæмæн лæууа?

**Темырхъан.** Ӕмæ дæ мах дæр уымæн æрвитæм уæхимæ, кæд та дæ зæнгтыл слæууис! *(Худы.)*

**Бибо.** Куыд мæ фæцæйæрвыста нæхимæ. Ацы тæвды ныр быдыры куысты бамидæг у. Цалынмæ мæм уæрдон скæной... Ӕниу, уæдæ

фистæгæй чи цæуы хъæумæ? Уымæн дæр та исты хос æрхъуыды кæндзынæн.

**Натæ** *(æрбацыд хæринæгтимæ, Бибо йæ цыма нæ федта, уый хъæрзт кæны).* Баба, цы кæныс? Тыхджындæр рынчын дæ?

**Бибо.** Уæдæ, мæлын. Нал у мæ бон. *(Тынг хъæрзы æмæ кæны мæлæг адæймаджы митæ, чызг кæуы æмæ йын хæцы йæ ныхыл.)* Нæхимæ ныццу, æмæ мæм тагъд уæрдон! Ницæйуал хуызæн у-иу сын зæгъ.

**Местъор.** Зæгъ-иу сын, абон дæр, зæгъ, нал ахæсдзæн. *(Адæммæ.)* Мард фæуæд.

**Бибо.** Раст зæгъы, раст, Местъор. Уый уындæй уæддæр мæлдзынæн. Тагъд нæхимæ уайгæ, æмæ мæм уæрдон, уæрдон! *(Афынæй æмæ йæ хуыр-хуыр ссыд.)*

**Натæ.** Баба, баба! Нал дзуры. (*Кæуы æмæ тагъд фестади, фæцæуы Местъормæ.*) Абон ма фервæздзæн, хорз лæг?

**Местъор.** Абон ма фервæздзæн, фæлæ райсом мауал фервæзæд.

**Натæ.** Нал фервæздзæн, зæгъыс?

**Местъор.** Нал, мæ хур, нал. Нæ кæсыс, йæ хуыр-хуыр куыд цæуы. Фынтæ уыны, фынтæ.

**Бибо** *(фынæйæ).* Уæрдон, уæрдон! *(Худы.)*

**Натæ.** Уæдæ худгæ куы кæны… *(Кæсы йæм.)* Фынæйæ худы. *(Ацыд фæстæмæ дзургæ.)* Мæ хæдзар куыд фехæлд.

**Бибо** *(худы).* Уæдæ та мын колхозы сæрдар дæр куыстафон исты ‘фсæнттæ скодтаид! *(Худы.)* Бæхтæ, дам, не ‘вдæлынц…

**Местъор.** Нырма нæма фехæлд, фæлæ дын æй Хуыцау фехалæд. Æллæх! М-м-м! Мæ уадул! Оф, мæлын!

**Бибо.** Нырма нæма мæлыс, фæлæ дæ Хуыцау мард фæкæнæд. Мæлæты дзæбæх фынтæ уыдтон, æмæ мæ райхъал кодтай *(Цæгъды дзæнгæрæг.)*

**Верæ Карловнæ** *(æрбазгъордта).* Что случилось?

**Бибо.** Уæртæ та сæрра ис!

**Местъор.** М-м-м! м-м-м.

**Бибо.** Марадз æмæ ныр уый гуым-гуыммæ бафынæй у… *(Чызгмæ.)* Тагъд мын мæ дзаумæттæ рахæсс, æз нæхимæ цæуын!

**Верæ Карповнæ.** Райсом, райсом.

**Местъор.** Ауадз æй, ауадз! Шимулант!

**Бибо.** Дæхæдæг шимулант!

**Верæ Карповнæ** *(сагъдæй баззадис).* Вот комедия! *(Фæцæуы.)*
**Бибо.** Къомедиа та цы хæринаг у? Гъы?

Æмбæрзæн

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД

*Дыккаг ныв*
*Горæты рынчындон. Сæрд. Уыцы уат.*

**Бибо** *(йæ хæринæгтæ тухы).* Æз ын барæй дзырдтон дохтырæн, нæ хæдзармæ мæ ауадз, зæгъгæ, уæддæр ницы хуыздæр кæнын. Кæд мæ ноджы хуыздæр хæссиккой, уый та мæ нæхимæ ‘рвиты! Омæ цы? Ацæудзынæн. Исты ма мæ лæдзæджы ‘нцæйтты цæуын куынæ хъæуы! *(Худы.)* Нырмæ дæр уал дзæбæх баулæфыдтæн. Уæдæ мæм афонмæ Будзийы бæхтæ дæр сиргæ ссæуынц. Куыд сæ фæсайдтон дохтырæй дæр æмæ колхозы сæрдарæй дæр. *(Худы.)* Цон æмæ мæ гæрстæ мæ уæлæ акæнон. Мæ уæззау рынчын кæд фехъуыста нæ бинойнаг, уæд афонмæ Будзийы раз кæугæ йæ фындз фурттытæ кæны. «Тагъддæр, Будзи, æмæ йæ йæ сыджытыл сæмбæлын кæнæм!» *(Худы.)* Куыд æнхъæлынц? Æз сын нырма сæхи хистытæ бахæрдзынæн. Амæлын æнхъæл мын уыд не ‘фсин дæр. Мæ фæхъхъхъæу æрбауа. Лæгмæ хиндзинад куынæ уа, уæд фистæгæй дæр фæхафы, фæлæ æз... *(Худгæ ацыд æддæмæ.)*

**Местъор** *(æрбацыд æмæ йæ сынтæгыл арбадт).* Кæд иучысыл фервæзин йæ дзæнгæдайæ. Бон-изæрмæ фынæй кæны, æхсæв та æхсæрсæттæгау сæкæр хæры. Дохтырæн та афтæ дзуры: «Хæрын мæм нæ цæуы». Бонæн килæ сæкæр хæр, уæд ма лæгмæ хæрын куыд æрцæуа?! Хуыссæг дæр, дам мæ нæ ахсы. Уæдæ ма бон фынæй ма кæнæд, кæддæра… Оу! Дæ-дæ-дæй, мæ уадул! М-м-м!

**Верæ Карповнæ** *(æрбацыд).* Ныртæккæ!.. Ныртæккæ дын æз укол скæндзынæн! Цом уæд та дохтырмæ. Уый дын йæхæдæг скæндзæн укол!

**Рынчынгæс** *(æрбацыд).* Верæ Карповнæ! Ацы рынчыны хуыссæн айсон?

**Верæ Карповнæ.** Айс. Уый нал æрбацæудзæн.

**Рынчынгæс.** Амард?

**Верæ Карповнæ.** Ды дæр афтæ куы амæлис! Рафснай хуыссæнтæ. *(Ацыд Местъоримæ.)*

**Рынчынгæс.** Мæгуырæг. Куыд бирæ ма фæтухæн кодта.

**Натæ** *(дуары зыхъхъырæй мидæмæ кæсы).* Бацæуæн ис?

**Рынчынгæс.** Мидæмæ.

**Натæ** *(кæсы хуыссæнтæм кæуындзастæй).* Амард?

**Рынчынгæс.** Амард, мæ къона, амард! Æз дæр æй нал æрбаййæфтон.

**Натæ** *(кæуы, рынчынгæс ыл хæцы).* Мауал ку. Цы ма йын сараздзынæ…

**Бибо** *(урс халаты æрбацыд, хъæрзы æмæ фæкомкоммæ Натæмæ).* Натæ!

**Натæ.** Дада! *(Йæ хъуыры ныттыхст.)* Афтæ фенхъæлдтон, амардтæ! Ханджери дæр мемæ ис.

**Рынчынгæс.** Мæрдтæ æгас кæнын райдыдтой *(Ацыд.)*

**Бибо.** Бæхтæ нæ ракодтат?

*(Местъор æрбацыд йæ уадулыл хæцгæ æмæ йæ хуыссæны æрбадт).*

**Ханджери** *(сæргуыбырæй æрбацыд, къухты кæлмæрзæнæй йæ цæстытæ сæрфы, афтæмæй).* Уый Бибо куы дæ! О, Хуыцау дын æй ма ныббара, ацы чызг!

**Бибо.** Цы кодта?

**Ханджери.** Цы ма кæна?! Куыстафон æгас сыхы сæ къæхтыл слæууын кодта. Бæхтæ дæм скодтон. Амарди, дам.

**Бибо.** Æмæ мард нæ дæн æви?

**Ханджери.** Адæм та ингæн къахынмæ ацыдысты. Сæрдыгон бон, дам, мард уæлæуыл бирæ дарæн нæй. Уæ, Хуыцау дын æй ма ныббара, цы чызг дæ.

**Бибо.** Уæрдон мæм кæд тагъддæр сæрвыстаиккат, уый тыххæй афтæ бакодтон. Мæхи аххос уыд.

**Ханджери.** Дæхи аххос уыд, уæдæ мæн аххос уыд?

**Бибо.** Æмæ цы ракодтон? Удæгас мард никуы федтай?

**Ханджери.** Удæгас мард никуы федтон, фæлæ хъуджы мард федтон.

**Бибо.** Цæй хъуджы мард? Цытæ дзурыс, дæ хорзæхæй?

**Ханджери.** Дæ зианы хабар куы ныхъхъуыст, уæд сых сæ куыстмæ нал ацыдысты. Дæ кæрты дуармæ мæлдзгуытау хъомпал кæнынц. Фæсивæд ингæн къахынмæ ацыдысты, Тыхмиты Цæлагуыр та хъомдоны смидæг Мырзæхъимæ, æмæ дын дæ хъуджы хистæн аргæвстой.

**Бибо.** Сайгæ мæ кæныс?

**Местъор.** Лæгмæ гыццыл хиндзинад куынæ уа, ха-ха-ха! *(Йæ уадулыл фæхæцыд.)* М-м-м!

**Бибо**. Оу, мæ хæдзар куыд фехæлди, гъе!

**Ханджери.** Цæй, ныр цом, цы ма дæхи æргæвдыс? *(Фæцæуынц.)*

**Бибо.** Йæ, худинаг, йæ, худинаг! Фæлтау мæхи куы аргæвстаин!

**Местъор.** Цымæ, чи кæй фæсайдта? Дæ хинтæ дæхи сæрыл æртыхстысты, Бибо!

**Бибо** *(фæстæмæ).* Дæ сæрыл дæр сæ Хуыцау æруадзæд! *(Ацыд.)*

**Местъор.** Гъе ахæм рынчынтæ дæр æрбахауы рынчындонмæ.

**Верæ Карповнæ** *(æрбауад).* Ацыди Бибо?

**Местъор.** Ацыди!

**Верæ Карповнæ** *(Местъормæ).* Уæдæ дæуæн дæр дæ уадулы рыст æрсабыр уыдзæн.

**Местъор.** Бибоимæ иу уаты фæуыны бæсты мын фæлтау куы ахаудаид! Цыма æвзæр хинæй æвзæрдæр исты ис?

**Верæ Карповнæ.** Уæдæ дæуæн дæр, чи зоны, де 'ртæкъабузон нерв, куыд фæхъæр кæныс, афтæ нæ фæриссы!

**Местъор.** Мæнæн? М-м-м! Ох! Мæнæн куыд риссы, афтæ куы риссид ме знаджы зæрдæ дæр. Тагъд мын хос!

**Верæ Карповнæ** *(фезгъоры).* Ныртæккæ, ныртæккæ!

*Æмбæрзæн*

*1942 аз*

# ГУЫЦМÆЗТЫ АЛЕШ: 75 АЗЫ



**1951 – 1992**

*Æцæгæлоны дæ зæххы тæфтыл хъуамæ ма ауадзай. Цард зæххæй у, æмæ дын дæ зæххы гæппæлæн исчи куы схицау уа, уæд æм дæ фырттæ та æххуырсты цæудзысты.*

*ГУЫЦМÆЗТЫ Алеш*

# БÆХЫ УАРГЪ ÆМÆ ЧЫСЫЛ ЛÆППУ

*Радзырд*

Мит, мит, урс-урсид мит афтæ æрттивы, цыма дзы фараст сæрдыгон хуры рухс æнхъæвзæнтæ кæны. Фараст сæрдыгон хуры та цы сты! Цыма миты æртхутджытæй алкæй мидæг дæр чысыл хур сзынг, ахæм тæмæн калынц. Хур, æцæг хур дæр кæсы арвы сыгъдæгæй, фæлæ дзы нырма цæй хур ис, йæхæдæг дæр, æвæццæгæн, миты рухсæй барухсдзыд, æндæра, афтæ уазал чи у, уымæй цæй рухс хъуамæ ракæла?

Æртындæсаздзыд Мурæт йæ хъуынджын худ арф æрсагъта, йæ бæмбæдждджын къандзолы цæппæртæ æфтауы, йæ мад æмæ йæ фыд уæргътæ куыд бæттынц, уымæ кæсы æмæ цин кæны, хорз бон кæй скодта, ууыл.

«Хъуынтъыз бон куы скодтаид, уæддæр цы! – хъуыдытæ кæны йæхинымæр, – тымыгъ дæр скæнæд! Цæмæй дзы тæрсын? Ды мын бæх зæгъ, бæх, æндæра тымыгъ та лæгæн цы хъом у?»

Хъуыды кæны Мурæт, фæлæ йæм йæ хъуыдытæ фаг ныфсджын нæ фæкастысты æмæ йæ фæнды исты æхсарджын ныхас зæгъын.

«Æз мæхæдæг арты хуылфæй куы рацыдтæн», – зæгъы йæхинымæр сæрыстырæй æмæ йæхицæй баныфсджын.

Афтæ йæ хистæр æфсымæр фæдзуры. Фæлæ йе 'фсымæр ныр далæ йæхицæн хъармы бады, уый та фæндаджы къахыл лæуд у, æмæ уыцы ныхæстæ зæгъын дæр уымæн æмбæлы. Ныртæккæ йе 'фсымæрæй æхсарджындæр у, уæдæ цы?! – хуын ын хæссы: ахсæв ногбон æхсæв у, æмæ сын истытæ хъуамæ ныддава. Знон сæ комахсæйнаг аргæвстой, йæ рæстæмбис ын голджыты уæнггай ныккалдтой, нывæрдтой дзы ноджыдæр цыхтытæ, арахъхъ æмæ æндæр цыдæртæ дæр. Ныр голджытæ æддæмæ рахастой, æмæ сæ йæ мад æмæ йæ фыд уаргъбаст кæнынц.

– Гъе лæппыз, цы дæ фындз æруагътай? – дзуры йæм йæ фыд. – Æви ардыгæй Дзаумæ ныууайынмæ дæ ныфс нæ хæссыс? Дæ цахъхъæнæй-иу Чеселты лæппутæ хъомрæгъæуттæ фæфос кодтой.

Мурæт йе уæнгты æнкъары хъару, лæгдзинады хъару, æмæ йæ нæ фæнды, йæ фыдæлтæй йæхи дæлдæр æвæра.

– Лæгдзинад-иу равдыстой, – дзуры æнæрвæссон хъæлæсы уагæй йæ фыдмæ, – кæд-иу быдираг дæлæмæдзыдтыл фæтых сты, уæд. Махау Америкæимæ куынæ ‘взæрстат уæ тых!

Фыд худы йæ рихийы бын. Райгонд у йæ кæстæр хъæбулæй.

– У, бынмиз, – æфсоны хыл æм кæны, – уыцы Америкæ кæй хоныс, уыдонæй иу лæджы искуы уынгæ фæкодтай, уынгæ? Цæстæй кæй нæ уыныс, ахæм адæмимæ хæцын, кæй зæгъын æй хъæуы, æнцон у. Дзыхæй. Чеселт та-иу се знæгтимæ се знæгты зæххыл хъама æмæ дамбацайæ ныхас кодтой. Рауай, фæкæс нæм, æмæ уæргътæ бæхы рагъмæ баппарæм.

Дыууæ голладжы уаргъбастæй лæууыдысты митыл. Дыууæ голладжы дæр – се ‘мбистæй ноджы дзагдæртæ. Бæх дæр ифтыгъдæй лæууыд скъæты раз. Йæ фыд æй æрбаласта уæргъты цурмæ.

– Афтæ лæуу, Зыгъар, – загъта йын, цыма йæ кæстæрмæ дзуры.

Тыррыкзæрдæ Мурæт йæ къабæзты хаты æгæрон хъару, фæнды йæ уыцы хъару истæуыл авзарын, æмæ уæргътæм февнæлдта, схæцыд сыл, фæлæ сæ змæлын дæр нæ фæкодта.

– Схæц, – йæ рихиты бынæй йæм худы йæ фыд, – цæмæй уыдон бæхы рагъмæ сæппарай, уый тыххæй дæ нырма бирæ сылы цымын бахъæудзæни.

Ныр æртæйæ схæцыдысты уæргътыл: фыд – иу голлагыл, мад æмæ фырт – иннæйыл. Уæргътæ уæззау уыдысты, æмæ, фыд йæхион саргъмæ куы сæппæрста, уæд бæхы иннæ фарсмæ ахызт, ныххæцыд голлагыл æмæ сæм рахъæр кодта:

– Сæнцайут, сæнцайут!

Мад æмæ фырт сæ тых-сæ бонæй схæцыдысты голлагыл – уæргътæ сæ бынаты абадтысты. Фыд сæ барæстытæ кодта, дызæрдыггæнгæ йæ усмæ бакаст:

– Æнхъæлдæн æмæ та дзы иу цæст уæззаудæр у?

Ус басомытæ кодта:

– Мæ мæрдтыстæн, æмхуызон сæ ныччыссæтæ кодтон.

Фыд сæм уæддæр дызæрдыггæнгæ кæсы.

– Цæй, хорз, – йæ къух ауыгъта, – æгæр уæззау фесты, фæлæ Зыгъарæн ахæмтæ – арсы хъуыны мæлдзыг. Лæппу, сбад æмæ гъæйтт кæн.

Мурæты фæнды саргъмæ цъиуау стæхын, фыццаг хатт куынæ сæхста йæхи саргъмæ, мыййаг, фæлæ йæ уæргътæ хъыгдарынц, æмæ мæсты кæны.

– Гъе, кæд дæуæй бæлццон лæг нæма ис, – худы йыл йæ фыд, – ахсæв уым лæууынвæнд ма скæн, зæрдæхсайынтыл нæ ма фæкæн.

Фырт сæм уæлбæхæй бынмæ кæсы æмæ дис кæны: ныртæккæ йæ фыдæй уæлдæр кæй у, уый фыд цæуылнæ хаты?

– Мурæт, дæ нывонд фæуон, – дзуры йæм уæлæмæ йæ мад, æмæ Мурæтмæ афтæ кæсы, цыма бæрзондыл бадæг Хуыцау у, æмæ йæм бынæй уæлæмæ адæм кувгæ кæнынц, – Мурæт, дæ нывонд фæуон, – хъуысынц æм йæ мады ныхæстæ, – чындзæн-иу зæгъ, уым хицæнæй иу цыхт æмæ арахъхъы дурын атыхтон, æмæ-иу сæ Бежантæм бадæттæд, худинаг сæ у, сæ ном сын ницæмæй ссарæм.

– Уырдыджы-иу бæх сындæггай ауадз, миты дын ма фæкæлæд, – ныр та йæ фыды ныхæстæ хъусы, – машинæвæндагмæ куы бахизай, уæд-иу иувæрсты цу, машинæ дæ ма ныццæвæд.

– Мурæт, дæ нывонд фæуон, уым сывæллæттæн цъындатæ атыхтон, æмæ-иу дзы алкæмæн йæхиуæттæ ратт, ма та сыл фæхыл уæнт.

Бæрзондылбадæг йæхицæн аргъ кæнын хъуамæ зона, æмæ Мурæт дæр алы ныхасæн дзуапп дæттын йæ сæрмæ нал хæссы – сæры гæзæмæ батылдæй сын сразы сæ ныхæстыл, бæхы басхуыста. Бæх зивæггæнгæ исы йæ къæхтæ. Йæ сæр бынмæ æруагъта, цыма фæндагыл исты агуры. Уыдæттæ та Мурæты зæрдæмæ нæ цæуынц. Уыдон æм æхсарджын лæджы митæ нæ кæсынц, æмæ бæхы рохтæ æрбалвæста. Бæх йæ сæр бæрзонд систа, йæ къахайст дæр фæцырддæр. Мурæт йе уæнгтыл схæцыд. Йæ зæрдæ бахъæлдзæг.

«Барæг хъуамæ Уастырджийы хуызæн фидауа бæхыл, – хъуыды кæны æмæ райы йæхинымæр – саргъыл чи ныззылынтæ вæййы, ахæм лæгтæ фæндагыл цæугæ дæр хъуамæ ма кæниккой. Саргъыл куыд фидауыс, ууыл адæм сæ цæст куынæ æрæвæрой, уæд кæдæм хауыс бæхы рагъмæ?!»

Афтæтæ хъуыды кæны Мурæт. Йе уæнгтыл фæйнæрдæм ахæстытæ кæны, сæрбæрзондæй йæ цæст хæссы йæ алыварс: хъæубæстæ йыл сæ цæст нæма æрæвæрдтой? Зымæгон райсом у, фосмæ зилын афон, æмæ хъæууынгты змæлæг нæй. Нæдæр адæм, нæдæр хъомтæ, нæдæр фыс. Æрмæст хуытæ зилæнтæ кæнынц фаджысы цурты. Хуы та хуы у, æмæ йæ кæд дæ къахæй смыхъхъ кæнай, æндæр дæ фиппайгæ дæр нæ бакæндзæн. Мурæт мæсты кæны. Фæнды йæ хуытæй искæй ехсæй æрдауын, фæлæ йæ йæ сæрмæ нæ хæссы – Уастырджийы хуызæн барæг хуыты ехсæй куыд хъуамæ нæма? Умæйдæр – фаджысы рагъыл. Куыйтæ та,

куыйтæ?! Ӕнæуи хъæумæ маргъ куы æрбатæхы, уæд дæр бæстæ сæ сæрыл сисынц, фæлæ ныр, марадз-зæгъ, цыма хъæууынгты бæхджын лæг нæ, фæлæ мæлдзыг дæр нæ фæбыры, афтæ сæхи ныхъхъус кодтой æмæ бæхы къæхты хъæрмæ читт дæр нæ кæнынц. Ӕвæццæгæн, къахы уынæрæй дæр зонынц хион æмæ æддагон.

Мурæтæн æхсызгон нæ, фæлæ хъыг у, йæ бæхы къæхты хъæр дæр ын кæй зонынц сæ хъæуы куыйтæ. Фæлтау ын йæхи дæр куынæ зониккой. Бæстæ сæ сæрыл куы сисиккой, бирæгътау æм куы лæбурикккой. Уый сæ уæлбæхмæ хъуыды дæр нæ кæнид, сæрбæрзондæй цæуид се 'хсæнты. Ӕгæрыстæмæй сæм ехсæй дæр нæ февзидид. Лæгау лæг та куыдзмæ февзидын йæ сæрмæ куыд хъуамæ бахæсса, уымæйдæр – уæлбæхæй! Хъæубæстæ куыйты рæйынмæ тыргътæм ракæликкой, базоникккой йæ, æмæ хистæртæ сæ фырттæн зæгъикккой:

– Лукъафындзтæ! Акæсут-ма дæлæ Мурæтмæ – райсом раджы та бæлцуаты фæцæуы!

Фæлæ хъæууынгты змæлæг нæй.

«Уый дын хъæу! – мæсты кæны Мурæт. Уæдмæ хъæуæй дæр ахызти. – Уый дын хъæу! Ӕнæхъæн хъæубæстæй дæ иу уынæг ма фæуæд! Уæд та сын сæ хуыздæры рамырхтон».

Бустæ кæны лæппу, æмæ йæ бафæндыд, чингуыты цы хабæрттæ бакæсы, ахæм исты саразын: сæ хъæу æцæгæлон бæстæ куы фестид, сæ чызджыты хуыздæры сын куы раскъæфид, фæдисонтæм æмбисвæндагыл фæстæмæ куы фездæхид æмæ сæ уæнгсæстытæ куы фæкæнид. Дард фæндагыл бæхджын фæндаггон кæй у, уымæй бахъæбатырхуыз Мурæт, йæ риуы æхсарджын хъуыдытæ гуыры, æхсарджын лæг та хъуамæ истæмæйты æхсарджын уа, æмæ йæ æцæгæйдæр æрфæндыд, йæхицæн искуыцæй иу дзæбæх чызг куы аскъæфид: æмбаргæ чызг, дзæбæх хæдзарвæндаджы чызг, йæ цард ын чи нæ сæнад кæна, ахæм фæлмæнтæ чызг.

«Уæд ма уымæй хуыздæр цы уаид, – йæ туг цырын кæны лæппуйæн, æмæ уыцы туг хъарм лæсæнæй лæдæрсы йæ удмæ, – фæлæ цæргæ та кæм кæниккам?»

Ныры рæсугъд, фæлмæн æмæ уæздан чызджытæй бирæтæ хъæутæм чындзы цæуын сæ сæрмæ кæй нал хæссынц, уый зоны Мурæт æмæ, кæй æркæна, уыимæ кæм цæрдзысты, ууыл сагъæс кæны. Йæ сæры гуырынц царды фæндтæ æмæ царды цæлхдуртæ, хæрз æнцонæй сæ иуварс кæны йæ развæндагæй.

«Куыд кæм цæрдзыстæм? – хъуыдытæ кæны йæхицæн, – ме 'фсымæр дæр æрхаста ус, æмæ йын дæлæ районы хæдзар радтой. Махæн дæр ратдзысты, æмæ нæхицæн царды дзæбæхæй цæрдзыстæм».

Лæппу фæхъуыды кодта, йе 'фсымæрæн ус кæй ис, æд бинонтæ хицæнæй кæй цæры, уый тыххæй кæй рараст и ныртæккæ балцы æд уæргътæ.

«Сывæллæттæ нын уаид, – æхцон хъуыдытæ нывæнды йæхицæн Мурæт, – æмæ-иу нын Стырбонты рæстæг баба æмæ гыцци хуынтæ хæссиккой».

Уыцы хъуыдытæй йæ зæрдæ бахъæлдзæг. Йæхинымæр æрбæстон кодта, йæ усимæ кæм цæрдзысты, уый. Уыцы фарст ын лыггонд у. Ныр та, кæй æрхæсса, ууыл хъуыды кæны: чи у уыцы дзæбæх уæздантæ фæлмæн чызг, йæ цард ын чи нæ сæнад кæна?

Æвзары Мурæт чызджыты дзæбæхтæй йæхицæн усаг, æвзары дунейы чызджытæй йæхицæн усаг, фæлæ йæхи цахъхъæнтæй иу дæр нæ цæуы йæ зæрдæмæ, нырма æгæр гыццылтæ сты, цæмæ сæм батæхуды кæндзынæ – къæцæлæй арæзт чындзыты хуызæттæ. Уый та хъæуы фæлмæнтæ арæзт усаг, уæздан, бæркадджын.

«Цæй усæгтæ ис уыдонæй? – йæхинымæр бустæ кæны йе 'мцахъхъæнтыл. – Лæппутимæ хъæбысæй фæхæцынц. Стæй худын дæр нæ зонынц. Лæппутау фæхудынц, цыма лæппутæ сты. Сылгоймаг та хъуамæ худын зона. Йæ мидбылты рæсугъд бахудын цы чызг нæ зоны, уымæй цæй усаг ис?»

Бустæ кæны Мурæт йæхинымæр йе 'мцахъхъæнтыл, æмæ йæ зæрдыл æрлæууыд, а фæззæджы, дзуары бонты рæстæг, Сыгъдты цы уазæг федта, уый. Куыд рæсугъд худти йæ мидбылты! Тынг рæсугъд худти. Афтæ рæсугъд худти, æмæ-иу йæ худынмæ Мурæт сæрæй къæхты бынмæ хиды цад фестад: уый тыххæй-иу не схид, æмæ йын æнтæф уыд, мыййаг. Нæ! Фыр мæстæй, фыр адæргæй: иннæ лæппутæ дæр сæ дзыхтæ никъкъæпп кодтой, афтæмæй йæм кастысты, цыма уыдоны тыххæй худти афтæ рæсугъд йæ мидбылты. Уыдæттæ сын Мурæт нæ барста, æмæ-иу фыр мæстæй йæ хид акалд.

Уыцы чызгыл хъуыдытæ кæны, æмæ йæ зæрдæ æрфæлмæнтæ. Райгонд у йæхицæй дæр. Утæппæт чызджытæй йæхицæн усаг равзæрста. Кæм цæрдзысты, уый дæр æрбæстон кодта. Æндæр ма цы вæййы?! Хæйрæг куынæ фестдзæн æмæ алцы æвиппайды куынæ ацараздзæн. Уæдæ чызджы ном дæр тынг хорз зоны…

«Тинæ», – йæ уды хъарм хъуыдытæ дзы схаудтой æргом ныхасæй, хъæрæй.

Æмæ райгæ зæрдæимæ æрбалвасы бæхы рохтæ. Бæх йæ сæр бæрзонд сисы, йæ къахайст фæрогдæр кæны, æмæ та лæппу дæр саргъæй йæхи уæлæмæ сивазы. Бæргæ, йæ фыды нымæт дæр ма куы рахастаид. Æцæг Уастырджийы хуызæн фидауид.

«Уæд та мыл Тинæ куы амбæлид, – дарддæр хъуыдытæ кæны йæхицæн, – чи зоны та уазæгуаты æрбацыд Сыгъдтæм».

Сыгъдты онг нырма бауайын хъæуы, æмæ лæппу йæхи рæвдауы, Тинæимæ кæй фембæлдзæн, уыцы хъуыдыйæ. Хъæумæ æввахс йæ бæхы бацырын кæндзæни, бæх æхст фатау тæхдзæни хъæууынгты, Тинæ йæм тыргъæй кæсдзæн æмæ йæхи цæстæй фендзæн: Мурæт бæхыл Уастырджийы хуызæн фидауы. Фендзæн æй æмæ худдзæни уыцы диссаджы мидбылхудтæй. Ам лæппуйы амондджын хъуыдытæ чысыл фæсыкк сты.

«Æмæ ма мæ базондзæни? – сагъæс кæны йæхинымæр. – Стæй мæ, чи зоны, зонгæ дæр нæ кæны. Уыцы бон æм нæ лæппутæ, мæ цахъхъæнтæ дæр æмæ мæнæй хистæртæ дæр, сæ цæстытæ дзагъырæй дардтой, æмæ не ‘ппæты кæм бахъуыды кодтаид? Уæлдайдæр мæн. Æз æм дзургæ дæр куы ницы скодтон. Чи зоны, дзæгъæлы ныхас кæй нæ кодтон, уый тыххæй мæ бахъуыды кодтаид, – ныфсытæ æвæры йæхицæн, фæлæ йæ зæрдæйы уаг уæддæр февзæрдæр. – Хорз чызг дзæгъæл ныхæстæ нæ фæуарзы».

Йæ ныфсæвæрдтæ йæхи зæрдæмæ дæр нæ фæцыдысты.

«Фæлæ, чи зоны, афтæ дæр æнхъæлдта, ома гыццыл лæппу у æмæ мæм нæ уæнды дзурын, – бакатай та кодта йæхинымæр. – Гыццыл лæппу куыд дæн – цас хистæр мæ хъуамæ уа? Бирæ-бирæ – дæс азы. Баба та гыццийæ фынддæс азы хистæр у, æмæ цы… Уæвгæ мæ дæс азы хистæр дæр нæ уыдзæни, – чысыл фенкъард, афтæмæй та дзуры йæхицæн, – фæлæ горæтаг чызг у, уæздан чызг, алы хæринаджы дзæбæхтæ хæры, тайæн хæринæгтæ, æмæ уæд алчи дæр йæ азтæй хистæр фæзыны. Нæй, – аскъуыддзаг кодта йæхинымæр, – хæрзхуыз кæй у, уымæн афтæ зыны, æндæра мæ авд азæй хистæр нæ уыдзæни. Бирæ-бирæ – аст азы».

Лæппу йæхицæн цы ныфсы мæсгуытæ фæцамадта, уыдон æм ныр иттæг фидар нал кæсынц – чызджы азтæ йын сæ сæнад кодтой, æмæ ныррхæндæг.

«Хорз чызг у Тинæ, – æрхæндæгæй хъуыдытæ кæны дарддæр, – фæлæ уый горæтаг чызг у, буц ахуыр, æмæ-иу мæ нæхимæ æрбауайын дæр нæ уадздзæн, стæй, мыййаг, нæхиуæттимæ дæр куынæ фидауа».

Хъыг æркасти Мурæтмæ, чидæр æй йæ мад æмæ йæ фыды цурмæ цæуын кæй нæ уадздзæни, йæ хъæуы-иу арæх кæй нал фендзæн. Чидæр æй сæ хъæуæй кæй иппæрд кæны, уыцы хъуыдыйæ йæ зæрдæ бауынгæг, йæ цæстытæ доны разылдысты, æмæ йæ саулохы рохтæ фыр мæстæй æрбалвæста; афтæ тыхджын сæ æрбалвæста, æмæ уый дæр дзыхълæуд фæкодта. Бæхы фæстæмæ разылдта, æмæ лæппу уæлбæхæй йæ цæстæнгас ахаста сæ комыл. Чеселтгом æртæ фахсæй сыстад йæ алфамбылай. Æппæт дæр – митæмбæрзт, митæхгæд. Бæлæстæ, æгæрыстæмæй Дзуары хъæд дæр, – чырс æвæрд. Митбæрзæй нæзытæ ранæй-рæтты цы радарынц сæ цъæх цæнгтæ, æндæр æппæт дæр ныхъхъус и урс-урсид миты бын.

Сæ хъæу нал зыны. Налдæр Дыууæдонастæу. Фæлæ уалæ къæдзæхты сæрмæ митрагъ бæрзæндтыл рабадт Хъола æмæ, цыма æцæгæйдæр бæрзондыл бадæг Хуыцау уый у, уыйау бынмæ, кæмттæм æмæ иннæ хъæутæм йæ цæст дары. Хъæу нæ, фæлæ комбæстæ хъахъхъæнæг уæйыджы хуызæн у Хъола. Бады айнæджы сæр. Æхсон уæйыг, йæ къæрит кæрц – йе уæнгтыл, йæ урс нымæт – йæ быны. Бады æмæ тамако дымы. Хуыссæг æй ахсы, йæ цæстытæ æрцъынд вæййынц æмæ, йæ сæр йæ риуыл куы æрхауы, уæд фестъæлфы, фæгæпп кæны, айнæджы сæрæй афæлгæсы – тыхгæнæг макуыцæй фæзынæд, мыййаг. Нæй, æнæ йæ комбæстæ никуы фæцæрдзæн Мурæт. Кæм нæ уарзыс, уым куыд хъуамæ фæцæрай? Лæг цы уарзы, йæ зæрдæ уымæ фехсайы. Мурæт та сæ хъæуæй фылдæр ницы уарзы. Бæхы разылдта æмæ дарддæр йæ цыды кой кæны.

«Хъолайæ дæр тынг æппæлынц чиныджы, – йæ зæрдæ æрфæлмæнтæ æмæ та хъуыдытæ кæны йæхицæн, – ныртæккæ Хъола нæ хъæуæй ницæмæй хуыздæр у, фæлæ Бегайы рæстæг цæргæ хъæу уыдаид».

Рох дзы не сты сæ комы зæрæдты ныхæстæ.

«Лæг бирæйы аргъ у, – йæхинымæр сын фæлхат кæны сæ ныхæстæ, цыма йæхи хъуыдытæ сты, – лæг куы бæзза, уæд йæхæдæг æнæхъæн æфсад у. Бега та æцæг лæг уыди».

Нæ, канд Бегайæ не ‘ппæлы Мурæт. Йæ зæрдыл лæууынц йæхи мады ныхæстæ дæр.

«Уæ йæ фæхъхъау фæуон Мурæтæн, – хъуысынц æм йæ мады хъæлæсы

зæлтæ, – уый ма нæ куынæ уаид, уæд нæ дон нæ дæлæмæ ласид, нæ – уæлæмæ. Хæдзары иунæгæй дæр чындзæхсæв у, æнæхъæн чындзæхсæв».

Уæдмæ Сыгъдты бынмæ дæр бахæццæ. Йе уæнгтыл схæцыд, йæ бæхы базмæлын кодта, æмæ бæх йæ къæхтæ рогдæр айста митвæндагыл.

Хъæуы куыйтæ уæлкъуыбыртæй смæнæ-мæнæ кодтой. Мурæт тæргæ бæхæй фæлгæсы хъæуы ʻрдæм, фæлæ дзы Тинæйыл йæ цæст никуы æрхæцыд.

«Æгуыдты хъæу у, æндæр ницы», – мæсты кæны лæппу.

Уæдмæ цъала дæр фæсте аззад. Сæхицæй ардæм, дыууæ хъæуы æхсæн, дзæбæх фæндаг уыди, надвæндаг. Ныр февзæрдæр. Айразмæ йыл дзоныгътыл афæд кодтой, фæлæ та уый фæстæ æруарыд мит æмæ æрæмбæрзта дзоныгъвæдты. Уæддæр хорз у, æмæ дзы фистæг бæлццæтты надвæндаг ис. Фæлæ уый дæр цæй фæд у? Нарæг. Картофы уæрмыты хуызæн дзыхъхъытæ-къуыппытæ. Бæхы къахайст сыл къуыхцы кæны.

– Сабыр, Зыгъар, – æрбалхъивы бæхы рохтæ, – ам дын афтæмæй цæугæ нал у. Ардыгæй Хъемултамæ – дæ зын, стæй уырдыгæй дæлæмæ машинæвæндаг у, æмæ гъæйтт кæндзынæ. Уырдæм та авд километры бæрц у нырма, æмæ æд уæргътæ ныффæллайдзынæ. Тагъд кæнын ницы пайда у. Тагъд дон фурды не ʻййафы.

Хъæутæ фæсте аззадысты. Ныр ардыгæй машинæвæндагмæ кæд æнæнхъæлæджы фæндаггоныл амбæла, æндæр дзы змæлæг нал ис. Мурæты та фæнды ныхæстæ кæнын.

Мит, урс-урсид мит, схицау цæстныдзæвæнтæн. Бæхы къæхты бын хъыррыст кæны. Хаттæй-хатт сабыр уынæргъдау хъæдæй райхъуысы бæлæсты къæс-къæс. Уый сæ салд цæнгтæ схъæрзынц митæвæрдты уæзæй.

«Бега, кæй зæгъын æй хъæуы, саг лæг уыди, – здæхы фæстæмæ йæ раздæры хъуыдытæм, – фæлæ уый бынаты æз дæр афтæ бакодтаин, уæдæ æндæр куыд? Æцæгæлон адæм дын дæ хъæуæй куыд хъуамæ фæхынджылæг кæной?! Уый фарон къахетæгты дæр афтæтæ фæндыд».

Уыцы хъуыдыйæ лæппу бахъæбатырхуыз. Къахет сæрдыгон сæ фос ам æфцæджытыл фæхизынц. Æмæ сæ хизæнт. Фæлæ дзы ахæм æдзæсгæмттæ дæр разынд, æмæ суанг хъæуы сæрвæтты онг æрыскъæрдтой сæ фос. Уыдæттæ сын нæ ныббарста Мурæт. Хъæуы лæппутимæ сæм ссыдысты æмæ сæ асырдтой хъæуы сæрвæттæй. Исчи сын хынджылæггаг куынæ у, мыййаг!

«Æцæгæлон адæм та нын нæхи комы цы хъуамæ ракæной? Цыфæнды тыхджын дæр уæнт. Нæ фæндæгтæ зонынц, нæ – æмбæхсæнтæ. Ныддæрæн сæ кæниккам. Сухты цагъд баййафиккой».

Афтæтæ хъуыды кæны Мурæт. Йе уæнгтæ базмæлын кæны, йæ гуырыл схæцы, йæхи саргъæй уæлæмæ сивазы æмæ бынмæ кæдæмдæр сæрбæрзондæй ныккæсы. Фæндагыл та змæлæг нæй. Ныр лæппу фæфæсмон кодта, йæ фыды нымæт йемæ кæй нæ райста: йе уæхсчытыл æй æрбаппæрстаид æмæ æцæгæйдæр Уастырджийы хуызæн уаид. Нымæты бын йæ фыды гæрзтæ дæр æрбастаид, æмæ йыл афтæ гæрзифтонгæй цыфæнды знаг дæр æрбамбæлæд – цæмæй дзы хъуамæ фæтæрса?!

«Уæдæ ма исчи æрбабырсæд нæ коммæ, – мæсты кæны хинымæр, – нырма нæ комы фаг лæппутæ ис, ничи нæ фæхынджылæг кæндзæни».

Бахъæбатырхуыз Мурæт. Æмæ йæхинымæр нывæнды, знаг сæм куы ʻрбабырсид, уæд йæ ныхмæ куыд хуыздæр сарæхсиккой, уый.

«Нæ иутæ Дзуары хъæды фале къæдзæхы сæр бабадиккой, – фæндтæ кæны лæппу, – уым дунейы дурты цæндтæ ис, къæдзæхы йас дуртæ. Æмæ уым сусæгæй сæ разы бабадиккой, знаг сæ куыд нæ бафиппайа æмæ уал знаджы мидæмæ, коммæ, æрбауадзиккой».

Уыцы тохы нывтæ йæ цæстыты раз бæрæг бæлвырд нывтæй уайын райдыдтой, æмæ йæхи банхъæлдта сæ комы лæппуты раздзогæй.

«Мæхæдæг иннæ лæппутимæ бабадин мидæггаг комы, æмæ, мах онг куы ʻрбахæццæ уой, уæд сыл хохы йас дурты зæйтæ рауадзиккам».

Йæ цæстытыл уайынц, уыцы хохыйас дуртæ сын се знæгты сæ быны куыд цъист кæндзысты, уыцы нывтæ.

«Уыдон фæстæмæ лидзынтыл фæуыдзысты. Æмæ уæд мах æргæппытæ кæндзыстæм, нæ бæхтыл абаддзыстæм æмæ сæ сурынтæ сисдзыстæм».

Уыцы хъуыдытæм йæ бæхы басхойы йæ къæхтæй. Бæх йæ уæззау уæргътимæ тырны митвæндагыл.

«Уыдон Дзуары хъæды фале къæдзæхы онг куы бахæццæ уой, уæд сыл иннæ лæппутæ дæр рауадздзысты дуры зæйтæ, – цин кæны Мурæт йе знæгты сæфтыл, – уыдон сæмтъеры уыдзысты. Уæдмæ сæ мах дæр баййафдзыстæм, не ʻхсаргæрдтæ фелвасдзыстæм…»

– Æ-æ-æ! – стæвд и лæппу æмæ æхсаргарды æфсон дардыл ныттилы йæ ехс, æрдауы дзы йæ хайуаны фæрстæ.

Бæх дæр, мæгуыр, уыцы æвæндæгтыл сæпп-дугъ кæны.

– Æ-æ-æ! – æхсаргардæй знаджы сæр ныддауыны æфсон нымайы йæ бæхы фæрстæ.

Бæх стæвд и, йæ хъару йæ цы амоны, уымæй уайы размæ. Йе рагъыл йæ уæззау уæргътæ схъиуынц, æмæ сæ уæзæй фæцæйсæтты йæ астæу. Лæппуйы цæстытыл уайынц йе знæгтæ. Мæнæ та дзы иуы баййæфта, æхсаргард дард фæхаста æмæ…

– Дзæхст! – бæхы фарсыл тыфылтæ акалдта йæ гæрз ехс. Мæгуыр хайуан сонтæй йæхи размæ аппæрста æмæ…

Æмæ дарддæр цы æрцыд, уымæн æвиппайды ницыуал рахатыд. Кæдæмдæр сæрбихъуырæйттæгæнгæ куы атахт, уæд дæр ма тохы нывтæ уадысты йæ цæстытыл, æмæ йæ сæры фегуырд: чидæр æй фæсте мæнгардæй æрбахста. Миты уæлæ йæ цæлхъ фæцыд Мурæтæн. Астæумæ мит у, æмæ дзы рисгæ ницы фæкодта, фæлæ йæм афтæ кæсы, цыма йыл знаджы нæмыг сæмбæлд, ныр знаг йæ уæлхъус лæууы æмæ, куы базмæла, уæд ын йæ сæры тенка æхсаргардæй æрдаудзæн. Иуцъусдуг дæргъæй фæлæууыд митыл. Миты уазал куы æрхатыд, уæд ыл æртæфст, бамбæрста, кæм ис æмæ фæгæпп кодта. Чысыл æддæдæр Зыгъар йæ зонгуытыл лæууыд, йæхи стон-стон кодта хъæпæнæй.

«Йæ къах ма асæттæд? – фæтарст лæппу æмæ йæм бауад. Бæхы идоныл ныххæцыд, лæгъстæ йын кæны:

– Зыгъар, сыст-ма, о. Зыгъар, – ивазы бæхы рохтæ.

Бæх йæхи стыдта хъæпæнæй. Æнæбары надвæндагмæ бахызтысты, тыхст зæрдæйæ сгары бæхы къæхтæ. Нæй, аирвæзтысты фыдбылызæй – бæхæн йæ къæхтæй йæ быны ничи чиуы. Фæлæ хид тынг сси. Бафæллади. Йæ комулæфт йæ фындзыхуынчъытæй цыхцырджытæй кæлы.

– Ныр сæлхæр нæ дæн! – мæсты кæны йæхимæ, – кæдæм тардтон бæхы ахæм уæргътимæ?

Æмæ нырма ныр фæфиппайдта, уæргътæ бæхы рагъыл кæй нал сты, уый. Кæсы, æмæ уæртæ æддæдзæф кæрæдзимæ сæ сæртæ ныббыцæу кодтой дыууæ голладжы, афтæмæй нынныхстысты миты. Афтæ зыны, цыма цæукъатæ сты æмæ сыкъайæ хæцынц.

– Æнæрай уæ фæуæд уæ хицау, – æлгъиты сæ Мурæт æмæ дауы йæ бæхы сæр.

Бæх, æвæццæгæн, тæрсгæ фæкодта йе та уазал сси – йæ мидбынаты базмæлыд, йæ хид буар базыр-зыр кæны.

– Ныртæккæ, Зыгъар, ныртæккæ, – лæгъзытæ кæны йæ хайуаны. – Ма тæрс, Зыгъар. Æрсабыр у. Уæртæ уæргътæ баппардзыстæм, æмæ фæндагыл цæугæ-цæуын нал суазал уыдзынæ.

Дауы, рæвдауы йæ хайуаны æнахъом фæндаггон æмæ цæстæнгасæй бары йæ уæргътæ. Уæдмæ бæх дæр йæ ризынæй фæлæууыд. Йæ идоныл ын ныххæцыд, баласта йæ уæргъты цурмæ.

– Афтæ лæуу, Зыгъар, – зæгъы йын бардзырдау æмæ идон суагъта. Голджытæ бараст кодта, сæ миттæ сын æрцагъта, дыууæ къухæй схæцыд уæргътыл: марадз-зæгъ, кæд сæ бынатæй читт дæр фæкæной.

Æркæстытæ сæм кодта, йæ тых-йæ бонæй та сыл схæцыд. Уæргътæ базмæлыдысты, фæлæ митæй сыскъуынын нæ бакуымдтой. Суагъта сæ, æмæ уыдон дæр ноджы арфдæр æрныхстысты.

– Афтæмæй ницы, – фæндтæ кæны лæппу, сæ алыварс сын мит йæ къахæй нæмы, – миты ныссагъдысты æмæ сæ афтæмæй не сфæраздзынæн.

Æнæхъæн галдзармы бæрц ныннадта йæ къæхты бын. Голджытыл радгай схæцыд, æрæвæрдта сæ над митыл. Ныр æй зоны, афтæмæй дæр сæ нæ сæппардзæн бæхы рагъмæ, фæлæ уæргътæн ам ныууадзæн дæр нæй. Йæ ныфс нæма асаст. Уæргъты ‘хсæн йæ зонгуытыл æрлæууыд, сæ астæумæ сын йæ уæхск сбыцæу кодта, сæнцад йæ тых-йæ бонæй. Уыдон чысыл фæхицæн сты митæй, фæлæ йæ уæрджытæ митыл афтæ нындæгъдысты, æмæ дзы ныхсгæ цы кодтой, æндæр йæ къахыл слæууын йæ бон нал баци. Нæй, нæ сæтты уæддæр йæ ныфс Мурæтæн. Йæ зонгуытыл нал, фæлæ йæ къæхтыл слæууыд, йæ астæу æртасыд, афтæмæй йе уæхск бабыцæу кодта уæргъты æхсæн æмæ ногæй схæцыд. Ныр та йæ астæу сраст кæнын нал баци йæ бон. Æмæ фыр мæстæй йæхи æруагъта уæргътыл.

Бады æмæ хъуыды кæны: цы чындæуа? Ныр уæргъты бæхы рагъмæ сæппарын йæ бон кæй нал бауыдзæн, уый зоны, æнæ сæппаргæ та сын нæй. Æмæ цы бачындæуа? Æнæрайы фæндагыл сты æрмæстдæр дыууæйæ: йæхæдæг æмæ йæ бæх. Бæх цы? Уæргътæ сисынмæ йæм куынæ фæкæсдзæн, мыййаг. Йæхи исты æрхъуыды кæнын хъæуы.

«Бæх фæндаггоны ныфс у», – хъуыды кæны Мурæт. Уæдæ цы бакæна, ам æм æвваxс, уд кæм тæлфы, ахæм ничи ис, уæдæ кæмæй авæра йæхицæн ныфсытæ.

Æмæ ссардта ныфсы фæрæз: ахæм рæстæг хорз бæх йæ хицауы

бамбары. Зыгъар митыл куы ӕрхуыссид, уӕд ын уый та йе рагъмӕ ацы ӕнӕрайы уаргъты тулгӕ бакӕнид. Сыстад ӕмӕ йӕ бӕхы сӕр йӕ хъӕбысы ныттыхта, лӕгъзытӕ йӕ кӕны.

– Зыгъар, – ӕппынфӕстаг лӕгъстӕгӕнгӕ дзуры йӕ бӕхмӕ, идон ивазы бынмӕ, афтӕмӕй, – Зыгъар, дӕ низтӕ, ӕрхуысс-ма, о.

Фӕлӕ бӕхмӕ ӕрхуыссыны фӕндӕй ницы ис. Йӕ къӕхтӕ ныббыцӕу кодта над митыл, лӕууы хӕлиуӕй ӕмӕ йӕ сӕр ныттилы.

– Цӕй-ма, о, Зыгъар, – лӕгъстӕ йын кӕны Мурӕт, – куы йӕ зоныс, нӕ дыууӕйӕ дарддӕр нӕм ничи фӕкӕсдзӕн, уӕд кӕмӕ ӕнхъӕлмӕ кӕсӕм? Ӕрхуысс иучысыл, ӕмӕ ацы дзӕгъӕйладжы уаргътӕн исты хос скӕнӕм.

Марадз-зӕгъ – бӕх читт дӕр нӕ кӕны. Ӕвӕццӕгӕн, искуы фехъуыста, хорз бӕхӕн ӕрхуыссын кӕй не 'мбӕлы ӕмӕ кадджын бӕхы ном дӕлӕмӕ нӕ уадзы.

– Цӕй-ма, о, Зыгъар. Куы йӕ зоныс, ацы уаргътӕн Дзаумӕ ӕнӕ ныппаргӕ нӕй, уӕд мӕ цӕуылнӕ ӕмбарыс? Сӕхи ӕгъдауӕй куынӕ ныццӕуудзысты, мыййаг. Ды мӕ коммӕ бакӕс, ӕмӕ, фӕстӕмӕ куы ӕрбаздӕхӕм, уӕд та дын ӕз родты цъӕх хосӕй сусӕгӕй радавдзынӕн, ӕмӕ мерс кӕндзынӕ. Хорз? – лӕгъстӕ йын кӕны Мурӕт, йӕ къухӕй идон ивазы бынмӕ, иннӕ къухӕй бӕхы къах скъӕдз кӕны, фӕлӕ йын йӕ дыккаг къахмӕ куы бавналы, уӕд бӕх йӕ къӕдз къах митмӕ ногӕй фӕбыцӕу кӕны. – Хорз бӕхӕн йӕ хицау куы зӕгъа, уӕд хъуамӕ хуысгӕ дӕр ӕркӕна. Уый-иу сӕрвӕты ӕфсӕстӕй ма схуысс къамбецау, ӕндӕр ам та ӕнӕсӕрмӕхӕссинагӕй цы ис? – лӕгъстӕ кӕны бӕхӕн, архайы, цӕмӕй бӕх ӕрхуысса.

Бӕх ӕй ӕмбаргӕ нӕ кӕны ӕви цы – хӕлиувадӕй лӕууы митыл. Лӕппу йын йӕ идон куы ӕривазы бынмӕ, уӕд уый та, фыдаудӕнгӕнӕгау йӕ сӕрыл бӕрзонд схӕцы, йӕ бӕрзӕй нысхъӕл кӕны.

Смӕсты Мурӕт. Йӕ бон дзы базыдта ӕмӕ йӕ ныхъхъуытты уагъта.

– Кӕд ахӕм бӕх дӕ, – мӕстӕйдзагӕй йӕм хыл кӕны ӕмӕ йӕм фыдӕхы цӕстытӕ базилы, – кӕд дӕ сӕрмӕ ӕрхуыссын нӕ хӕссыс, уӕд уӕдӕ кӕлгӕ цӕмӕн фӕкодтай? Ӕви хорз бӕхӕн кӕлын фидауы? Мӕнмӕ гӕсгӕ, ӕвзӕр алцӕмӕй дӕр ӕвзӕр у, – загъд кӕны йӕ бӕхимӕ, – лӕг дӕу хуызӕн бӕхимӕ фӕндагыл хъуамӕ рацӕуа? Ахӕм фӕндагыл, сӕрбихъуырӕйттӕ чи кӕны, уымӕй цы хъуамӕ бадомай!

Фӕхӕрам и Мурӕт йӕ бӕхмӕ. Тӕргайгӕнӕджы лӕуд скодта фӕн-

даджы был. Ныр æй иунæгæй фæндтæ кæнын хъæуы – йæ бæхæй йæ ницыуал ныфс ис. Уæргътæ уæддæр æнæмæнгæй кæй сæвæрдзæн бæхыл, уыцы ныфс та йын сæтгæ нæ кæны. Хур арвыл дзæвгар сфардæг. Мит, урс-урсид мит, алырдыгæйты йæ урс дæндæгтæ бастыгъта æмæ худы, райы, тæмæнтæ калы. Цæуыл бацинзæрдæ, уымæн ницы хаты Мурæт æмæ ныр та уымæ мæсты кæны, къахæй йæ сфæйлауы, мыхъхъытæ йæ кæны йæ резинæ цырыхъхъытæй.

«Æниу миты аххос дæр цы у, – мæсты дзагъултæ бакæны йæ хайуанмæ, – бæхыл къах куынæ уа, уæд асфальтыл дæр фæкæлдзæн. Фæлæ уæддæр исты хос хъæуы», – сагъæс кæны лæппу.

Фæндаджы был лæууы, фæлгæсы йæ алыварс. Дæлвæндаг æмуырдыг нæу, селфамадау ахаста. Бæхы дæлвæндагмæ ныккæнын хъæуы: чи зоны, афтæмæй йæ бон бауа уæргътæ сæвæрын. Уыцы хъуыдыйыл ныццин кодта. Дæлвæндæгты йæ цæст хæссы, æвзары, кæм хуыздæр уыдзæни, кæм æрлæууын кæна бæхы? Фæндагыл дыууæрдæм арауай-бауай кодта, равзæрста хуыздæр бынат: кæм лæууыдысты, уымæй чысыл дæлдæр. Фæлæ уæргътæ уырдæм дæр хæссын хъæуы. Æмæ сæ чи хъуамæ ныххæсса? Ницы хуызы сæ ныффæраздзæн. Хъуыды кæны æмæ та ссардта фæрæз:

«Уæргъты цурæй уырдæм, фæндаджы тæккæ былгæронмæ, мит ныннæмын хъæуы, æмæ сæ над митыл ласæгау ныккæндзынæн», – цин кæны йе ‘рхъуыдыйыл.

Астæумæ мит æнцон нæмæн кæм у, фæлæ дæ цы фæнды – симды куы бацæуай, уæд дзы симын хъæуы. Æмæ нæмы астæумæ мит йæ къæхты бын. Мит мит у, фæлæ уый дæр къæхты бын коммæ нæ кæсы, нæ комы ссæндын. Æмæ лæппу афæллад.

– Ам хæрæмттæ ницы пайда сты, – йæ бæхы æвæлмон лæудмæ мæсты кæны Мурæт, – фæндагыл дыууæйæ стæм, æмæ нæ фæндаджы зынтæй йæхи хъуамæ мачи тылиф кæна.

Ныххæцыд бæхы рохтыл, йæ фæстæ йæ ласы. Ныр дыууæйæ нæмынц æгоммæгæс миты. Иудзæвгар ыл куы арацу-бацу кодтой, уæд та бæхы æрурæдта, йæхæдæг ма йыл цалдæр цыды акодта, былгæрон уæрæхдæр зиллакк сарæзта, æмæ йæ куыстæй йæ зæрдæ барухс. Иучысыл аулæфыд æмæ сыздæхт йæ уæргътæм. Йæхи бауыгъта, йе уæнгтыл фæйнæрдæм ахæстытæ кодта æмæ сыл рахæцыд. Иучысыл сæ раласта, фæлæ дарддæр уæргътæ ласын нал куымдтой. Надвæндаг æгæр нарæг уыд, гол-

джытæ уыцы нукгонды нæ цыдысты, сæ разæй мит счъил кодтой æмæ сæ афтæмæй та иу цæд-гал дæр нæ рафæрæзтаиккой.

«Ныр мыл цы уынгæджы бон ис, – ныууынæргъыдта лæппу æмæ фыр мæстæй йæ цæстытæ доны разылдта, – куыд уынгæджы фæдæн, цы ми сын бакæнон?»

Æрбадти та уæргътыл. Ныр æй афтæмæй йе 'фсымæр куы фенид, уæд дзы куыд хынджылæг кæнид, уый ауад йæ цæстытыл.

«Уый уым йæхицæн хъармы бады йæ усы фарсмæ, – мæсты кæны йе 'фсымæрмæ, – æмæ æз та цы уынгæджы фæдæн? Цыма æз не сбадин хъармы».

Хъуыдытæ кæны Мурæт, æмæ йæм афтæ кæсы, цыма æппæт адæттæ, ус ын кæй нæма ис, уый аххос сты. Уæд йæ зæрдыл æрлæууыд, йе 'фсымæры цур цы чызг цæры, уый. Хорз чызг у, рæсугъд, фæлмæнтæ, фæлæ нырма гыццыл у, йæхицæй æнæхъæн дыууæ азы бæрц кæстæр. Уый нырма кæд сыстыр уыдзæн.

– Уый нырма кæд сыстыр уыдзæн, – бустæ кæны йæхинымæр, – æмæ уæдмæ æз фыдæбонæй мæлон?

Бустæ кæны Мурæт, фæлæ уæддæр уыцы чызг уайы йæ цæстытыл. Йæ риуы цавæрдæр хъарм уылæн æнхъæвзæнтæ кæны æмæ хаты: куы йæ зонид, чызг дæр æй уарзы, уæд æм æнæмæнгæй банхъæлмæ кæсид.

«Тинæ йæ цуры тыппо куы у», – йæ раздæры уарзоныл йæ къух ауыгъта лæппу æмæ æркаст уæргътæм. Уæргъты уынд та йын йæ сæрæй асырдта йе 'хцон хъуыдытæ.

«Нæй, æнæ сыхалгæ сын нал ис», – бамæт кодта йæхимидæг.

Халы голджыты баст, фæлæ йын халын дæр нæ комынц – йæ фыд сæ афтæ ныббаста, цыма гæркъайæ здыхт сты. Уæддæр сæ сыхæлдта. Ахæцыд дзы иуыл. Ныр голлаг йæ коммæ каст.

«Иугæйттæй та сæ цы ласын хъæуы», – байради йе 'рхъуыдыйæ æмæ йæхицæй бабуц.

Дыууæйы дæр куы нылласта, уæд æм æрцыди æндæр фæнд: хицæнæй сын сæ кæмттæ бабæтт, хордзендихтæ сæ фæкæн сæ астæуыл æмæ сæ афтæмæй сæвæр саргъыл. Иу голладжы ком уал дзы бабаста æмæ ацархайдта голлаг йе 'мбисыл хордзендих акæнын. Фæлæ голлаг æгæр дзаг уыд, æмæ йæ фæндæй ницы рауад.

«Æнæрай сæ фæут, кæд сæ кæдæм байдзаг кодтат!» – мæсты кæны йæ мад æмæ йæ фыдмæ.

Фæстæмæ сыхæлдта голладжы ком. Дыууæ голладжы кæмттæ кæрæдзийыл авæрдта, фæйнæрдæмты сæ фæдыдагъ кодта, æмæ сæ ныббаста синагæй. Фыццаг хатт нæ бæтты уæргътæ, æмæ кæд не суæгъд уаиккой.

Бæхы идадзæй нылласта дæлвæндагмæ. Уæргъты бынмæ йæ баурæдта, фæлæ йæ алыварс йæ цæст куы ахаста, уæд ыл æртæфст: уæргътæ бæхы рагъмæ исты хуызы куы баппара, уæддæр тас у, æмæ æвæд миты бæх æд уæргътæ хæрды ма сфæраза. Бæхы уым ныууагъта, æмæ та йæ бахъуыд йæ фæд-йæ фæд уæлвæндагмæ фæндаг нæмын. Æнæбары фæд дзы сарæзта, йæ хайуаны сæр та æрлæгъзытæ кодта, ныффæдзæхста йæ, æнцад лæуу, зæгъгæ, æмæ уæлбылмæ æмхæрд схызти. Ныр бæхы рагъ фæндаджы æмвæзадыл уыд, фæлæ дæлвæндаг æгæр селфамадау цыд, фæндаджы былæй бæхы рагъмæ – æнæхъæн метры бæрц дæрддзæг. Бæхæй уæргъты 'хсæн йæхицæн æрлæууæн бынат æрцарæзта, мит къахæй æрнадта æмæ голджытыл тæккæ былгæронмæ æрбахæцыд, æрбахæцыд саргъы гоппыл дæр йæхирдæм.

– Зыгъар, æнцад лæуу, – ныффæдзæхста бæхы æмæ скуывта: – Гъе Хуыцау, рæстмæ мын ауадз мæ хъуыддæгтæ.

Йæ иу къах бынæй над митмæ ныббыцæу кодта, иннæ иу къæпхæны бæрц уæлдæр æрфидаргæнгæ, голджытæй иуыл рахæцыд, æруагъта йæ йæ уæрагмæ, иу къухæй сæвнæлдта иннæ голлагмæ дæр æмæ йæ чысыл æрбырын кодта.

– Гъе Хуыцау, ма фæбырæнт æмæ сæ уæз ма рахæссæнт, – скуывта та æмæ, йæ уæрагыл цы голлаг æрæнцад, ууыл дыууæ къухæй сæнцад; йæ тых, йæ хъару цы амыдтой, уымæй голладжы саргъмæ бахста. Голлаг саргъы онг бахæццæ, фæлæ иннæ голладжы дæр йæ фæстæ рариуыгъта, йæ уæз рахаста, æмæ дыууæ голладжы дæр æмхауд æркодтой бæхæй лæппуйы 'хсæн. Бæргæ ма сæм фæлæбурдта, фæлæ уыдон бæхы къæхты 'хсæнты сæхи ахастой æмæ дæлæ уырдыджы бынмæ фæтулынц сæрбихъуырæйттæгæнгæ. Дæлдæр бæлæсты рæбын бæласы зæнгыл сæ дзæхст фæцыд.

Лæппу фыр адæргæй сæ фæстæ кæсгæйæ баззад, бандзыг йæ мидбынаты. Ныр ыл цыдæр стыр худинаггаджы хъуыддаг æнæмæнгæй кæй æрцæудзæн æмæ йын йæ худинаггаджы ми сæ хъæу кæй базондзысты, уый тасæй йæ уæрджыты магъз адон, митыл æрхаудта. Йæ æгуыдзæг æдыхы уавæр ын йæ хурхы сæртæ æрбалвæста, йæ маст æй хуыдуг кодта, йæ зæрдæ суынгæг, йæ цæстытæ фыццаг доны азылдысты, стæй хъарм цæссыгтæ æрлæдæрстысты йæ рустыл.

Йæ æдых, йæ æвæрæз уавæр йæ сæрмæ нæ хаста лæппу æмæ куыдта ставд цæссыгæй. Кæуын дæр нæ хаста йæ сæрмæ, йæ цæссыгтæ сæрфта йæ хуылыдз къандзолы дысæй, фæлæ уыдонæн сæ цæуæнтæ фегом сты, æмæ сæ нал урæдта. Куыдта, афтæмæй касти бынмæ, далæ йæ уæргътæ кæм æрæнцадысты, уырдæм. Йæ ныфс асаст, уæргътæ ма бæхы рагъмæ сæргъæва, ууыл нал хъуыды кодта. Уый нæ, фæлæ ма сæ уæлвæндагмæ сæппара, уый хъару дæр нал хатыд йæ къабæзты, уыцы хъуыды йæ дæлдзиныг кодта. Ахæм æдыхæй никуыма банкъардта йæхи Мурæт, æмæ лæдæрсынц йæ цæссыгтæ. Цы сараза, ууыл хъуыды кæны, ницы амал ары æмæ мæт кæны йе 'гуыдзæг уавæрыл. Цæйнæфæлтау дзы сæ хъæуы æгуыдзæджы ном ахъæр уа, разы у абырæг алидзыныл. Уыцы хъуыдытæй ныфсы рухс бакалд йæ риумæ, æмæ чысыл æрсабыр. Ныр ын абырæг фæлидзынæй дарддæр кæй ницыуал амал ис, ууыл гуырысхо нал кæны. Æмæ та бахъæбатырхуыз. Йæхимидæг нывæнды, абырæг куы фæлидза, уæд цытæ архайдзæн, уыдæттæ.

Нæ, Мурæты нæ фæнды, адæмы чи мары, ахæм абырæг уа. Абырæг дæр йæхицæн кад кæнын хъуамæ зона, æмæ Мурæт та зоны йæ сæрæн кад кæнын: куыд хъуамæ бафхæрай мæгуыр лæджы, куыд ын хъуамæ байсай йе 'нæбары муртæ? Фæлтау фæцæудзæн, уартæ Америкæйы цы æхцаджын адæм ис, уыдонмæ æмæ сын сæ милуантæ рамырхдзæн.

Афтæтæ хъуыды кæны Мурæт. Бады фæндаджы был митыл, бæх æмæ уæргътæм ныккæсын йæ цæст нал тæры, æмæ йæ йæ хъуыдытæ ахастой уыцы милуантæ давынмæ. Фæлæ йæ давгæ-давын куы æрцахсой, уымæй дæр æдас нæу, æмæ æвзары æдас фæндæгтæ. Хъуыды кæны Мурæт, æмæ куы ницы амал æрымысыд, уæд аргъæуттæм йæхи аппæрста. Аргъæуттæ йын йæ къух ацарæзтой: гамхуд йæ сæрыл ныккæндзæни, æмæ ма йæ уæд та чи фендзæн? Ничи йæ æрцахсдзæн. Æхца голджыты байдзаг кæндзæн – æхца гæххæтт у, æмæ уыдон дæр уæззау куынæ уыдзысты, – йæ уæргътæм ныккæсгæ фæндтæ кæны йæхицæн, – байдзаг дзы кæндзæн голджытæ æмæ сæ рантъухдзæн.

Ам та чысыл йæ хъуыдытæ фæсыкк сты: гамхуд йæ сæрыл уыдзæн, йæхæдæг нæ зындзæн адæммæ, фæлæ голджыты дæр æмбæхсдзæни? Голджытыл конд куынæ уыдзæн гамхуд? Æмæ голджытæ сæхи 'гъдауæй куы рацæйцæуой уынджы, уæд сыл адæм сæ цæст куыннæ æрæвæрдзысты? Æрæмбырд сыл уыдзысты, æмæ æд голджытæ се 'хсæн аззайдзæн. Адæм голджытæм къухæй æвналдзысты, æмæ уæд ууыл

дæр аныдзæвдзæн сæ къух – зынгæ нæ кæндзæн, фæлæ йыл уæддæр сæ къух аныдзæвдзæн. Æмæ уæд уыдон базондзысты, ам ма æмбæхст чидæр кæй ис, æрцахсдзысты йæ, йæ гамхуд ын скъуырдзысты æмæ…

Нæй, уыдæттæ нæ фæцыдысты йæ зæрдæмæ.

Хъуыды кæны ләппу, æмæ та уымæн дæр ссардта фæрæз: стыр хæлаф бахуыйдзæн, фæтæнфадыг хæлаф, тынг фæтæнфадыг, æхца уым ныккалдзæн, æмæ уæд уыдон дæр нал зындзысты гамхуды бын. Ныр утæппæт æхца дæр йæхирдыгæй фесты, æмæ, дарддæр цы араза, ууыл хъуыды кæны. Йæ сæнтты ныгъуылы, фæлæ, йæ цæстæнгас йæ алыварс куы ахæссы, уæд æй йæ фæндаджы мæт бауигъы, æмæ та адæргæй йæхи аппары йæ сæнттæм, йæхи се 'вджид бакæны.

Йæ зæрдыл æрлæууыдысты, айразмæ йын йе 'фсымæр цытæ дзырдта, уыдон. Кинойы, дам сæ федтон: æрымысыдысты æнагъæддаджы мигæнæн – мæнæ дзыппы кæй дарынц, ахæм дæргъæццон рухсгæнæны хуызæн. Фæлæ уыцы рухсгæнæнæй хуымæтæджы рухс нæ кæлы, йæ рухс цæуылдæриддæр ныдзæвы, уый кæрды æмæ ссæнды йæ разæй: дур уа, æфсæйнаг уа, зæхх уа – алцы дæр.

Утæппæт æхцайæ ахæм рухсгæнæн куыд нæ балхæнид? Æмæ уæд æрбаздæхид сæ хъæумæ. Уыцы рухсгæнæнимæ сæ хъæумæ куы æрбаздæха, уæд дарддæр цы ми кæндзæн, ууыл ныхъхъуыды кодта, æмæ та йæ цæст схæцыд йæ уæргътыл.

Æрбаздæхид сæ хъæумæ. Сæ хъæу ыл тымбылтæ кæниккой, фæрсиккой йæ, нырмæ кæм уыд, уымæй. Уый сын зæгъид:

– Уыдæттæ уал фæуадзут, фæлæ-ма мын бæх ракæнут.

Адæм ын дис кæниккой йæ митыл. Уый бæхыл сбадид æмæ сисид йæ диссаджы рухсгæнæн, сæ хъæуы цур æй хохы фарсмæ ныддарид, йæ рухсгæнæн йæ разæй гæрдид уæрæх фæндаг, уæртæ Рукъæй Дзæуджыхъæумæ цы фæндаг гæрдынц, ахæм. Уый бæхыл бадид æмæ тындзид размæ. Дыууæ сахатмæ хæхты бынты сæхицæй Дзаумæ ацаразид фæндаг, машинæтæ кæм цæуой, ахæм раст æмæ лæгъз фæндаг. Æмæ, цыфæнды мит уара, цыфæнды тымыгътæ кæна, уæддæр сæхицæй Дзаумæ кæддæриддæр сур фæндаг уаид. Йæхицæй ныббуц, æмæ, сæхицæй Дзаумæ фæндаг кæй ацаразта, уый дæр æм фаг нал кæсы.

Ахæм фæндæгтæ ма саразид сæхицæй Чъребамæ дæр, Дзæуджыхъæумæ дæр, Къуайсамæ дæр, Хъеуселтмæ дæр – кæмдæриддæр сæхиуæттæ цæрынц, уырдæмты. Цы æхца ма йæм уа, уыдонæй поездтæ

балхæнид, æмæ уыцы фæндæгтыл æхсæвæй-бонæй гъæйтт кæниккой поездтæ. Æрмæст уыцы поездтæ иууылдæр хъуамæ цæуой сæ хъæуыл. Уым сын хохы бын стыр бынат саразид разилынæн, æмæ сæ чердæм фæнды, уыцырдæм-иу азиликкой.

Ныр æм уыдæттæ дæр фаг нал фæкастысты. Йæ зæрдыл æрлæууыд, а сæрды Дзауы фале Хуымысæрты цы ныккæндтæ аразгæ федта, уыдон: бомбæтæ, дам ныл куы калой, уæд, дам, уым æмбæхсдзысты адæм. Уыдонæй цæй æмбæхсæн бынæттæ ис?! Фæлæ хæхты бынты фæтæн фæндæгтæ куы сараза, уæд уыдон цыфæнды æмбæхсæнтæй дæр хуыздæр уыдзысты. Фæндæгтæ дæр уыдзысты æмæ сыл фæсфурдæй бомбæтæ куы калой, уæд та – æмбæхсæн бынæттæ. Хæхтыл цыфæнды бомбæтæ кал, уæддæр дзы хæхты бынмæ цы хъуамæ æрхæццæ уа? Ницы! Æмæ сæхиуæттæ иууылдæр æнæ фыдбылызæй аирвæзиккой. Хъахъхъæнджытæ дзы сæвæрид, цæмæй та сын сæ æцæгæлон адæм ма бацахсой.

Ныр йæхи банхъæлдта, Чъребайæ Дзæуджыхъæумæ цыдæриддæр адæм ис, уыдоны ирвæзынгæнæгæй æмæ разы у йæхицæй. Йæхицæн искуы хæцæн бынат саразид – арф, хæхты бын. Уырдыгæй йæ хъус дарид æмæ, бомбæтæ чи кала, ахæм хæдтæхæг куы суына, уæд та йæм-иу йæ æнæхуызæнон рухсгæнæн сдарид, хæдтæхæджы-иу уæлдæфы лыстæг кæрдæнтæ акæнид, зæхмæ дзы куыд ницыуал æрхæццæ уа, афтæ.

Æцæгæлон адæм ын лæгъстæ кæниккой æмæ дзы йæ зæрдæмæ чи цæуа, уыдонæн дæр саразид æмбæхсæнтæ. Æрмæст лæвар нæ. Тынг зынаргъæй. Æмæ уыцы пайда уарид йæ адæмыл. Уыдон сбонджын уаиккой æмæ цардæй тъæпп хауиккой. Æмæ гъеуæд се 'ппæт дæр базониккой, Мурæт цы лæг у, уый!

«Мæхицæн ус æрхæссин, – хъарм фæндтæ нывæнды йæхицæн, – иу дзæбæх чызг, уæздан, фæлмæнтæ арæзт. Æмæ царды дзæбæхæй цæриккам. Нæдæр Америкæйæ тæрсиккам, нæдæр зымæгæй».

Зымæджы коймæ та йæ зæрдыл æрлæууыдысты йæ уæргътæ, æмæ сæм ныккаст. Уыдон бæласы рæбын ныддæргъ сты тæвд боны хуытау. Ныр ын сæ фенд æцæгæйдæр фаджысы амæст хуытау æнæуынон уыд, фæлæ сæ уындæй тас нал æвзæрд йæ риуы. Утæппæт æппæтхъом хъуыдыты фæстæ та баныфсджын, йæ къабæзты та фæхатыд æгæрон тых, æмæ сын исты хос æнæмæнгæй кæй скæндзæн, уый та йæ бауырныдта. Фæлæ цы? Хъуыды кæны лæппу йе 'нæрайы уæргътыл. Йæ сæнттæй æрыздæхт, фæлæ уæддæр йæ сæнтты арт нырма йе уæнгты

ӕнхъӕвзӕнтӕ кӕны, ӕмӕ, утӕппӕт диссӕгтӕ аразынмӕ йӕ ныфс чи хӕссы, уый, ома ацы дыууӕ голлагӕн мацы ӕрымыса, уый йӕ нӕ уырны.

«Фӕндагмӕ уал сӕ схӕссын хъӕуы», – аскъуыддзаг кодта йӕхинымӕр.

Йӕ бӕхы фӕндагмӕ сласта, уым ӕй идонӕй бӕласы цонгмӕ бабаста ӕмӕ ныллӕгӕрста йӕ уӕргътӕм. Схъил сӕ кодта, ӕмӕ йын уайтагъд арахъхъы тӕф йӕ фындзыхуынчъытӕ ныццавта. Ӕркаст сӕм, иу голладжы фарс дзы ныллӕхъир. Йе 'фсымӕрӕн цы арахъхъ рахаста, уый пластмассӕйӕ арӕзт мигӕнӕны уыд конд – нӕ асастаид.

«Ӕвӕццӕгӕн, Бежантӕн цы дурын рарвыстой, уый асаст», – мӕт кӕны йӕ арахъхъыл ӕмӕ сыхӕлдта голджыты баст. Дурын ӕцӕгӕйдӕр базгъӕлӕнтӕ. Ӕвӕццӕгӕн, бӕласыл сӕмбӕлд, ӕндӕра митыл кӕцӕй асастаид. Дурыны бын къусгондӕй аззад, аззад ма йӕ мидӕг хӕрз чысыл арахъхъ дӕр. Лӕппу йӕ систа, басмыста йӕм, ахъуыды кодта, ануаза йӕ ӕви нӕ. Арахъхъы тӕф никуы уарзта, фӕлӕ цӕмӕй фӕныфсджындӕр уа, уый тыххӕй дзы иу хуыпп акӕнон, зӕгъгӕ йӕ йӕ былтӕм схаста, фӕлӕ дзы йӕ бон нуазын не сси, ӕмӕ йӕ адыввытт кодта. Голлагӕй суыгъта дурыны иннӕ сӕстытӕ дӕр. Арахъхъ голладжы алӕдӕрст, ӕмӕ цыхтӕй ӕндӕрӕй иууыл арахъхъы тӕф скодтой.

Голлаг ӕнӕхъӕнӕй уыцы ӕмхӕрд кӕй не сфӕраздзӕн, уый та йын цы зонын хъӕуы, ӕмӕ цы бакӕна? Нӕй, фӕцухтӕ сӕ хъӕуы. Хӕссинӕгтӕ ӕвдӕлон кӕны голлагӕй. Кӕй исы, уыдон ӕвӕры бӕласы рӕбын, куыд нӕ атулой, афтӕ. Се 'рдӕг сын равдӕлон кодта ӕмӕ схӕцыд. Ныр бирӕ фӕрогдӕр ис. Йе 'ккой йӕ акодта, иу къухӕй хӕцы голладжы комыл, иннӕ бахъуаджы сахат митмӕ фӕбыцӕу кӕны, афтӕмӕй тырны. Ӕмбисвӕндагмӕ дӕр нӕма схӕццӕ, афтӕ йыл йӕ уаргъ уӕз кӕнын райдыдта, йӕ къӕхтӕ йӕ коммӕ нал кастысты, ӕмӕ, йӕ сӕрибар къухыл арӕхдӕр ӕнцойгӕнгӕ, йӕ цыппӕртыл хилы уӕлӕмӕ. Схид и. Хиды цӕхджын донӕй сдудыдтой йӕ цӕстытӕ, ӕмӕ ӕрлӕууыд, йӕ хъуынджын худ систа йӕ сӕрӕй, йӕ цӕсгомы хид дзы ныссӕрфта ӕмӕ йӕ сӕхста уӕлвӕндагмӕ. Ныр ын чысыл фенцондӕр, зымӕгон хур боны уазал ӕхсызгонӕй ӕмбӕлд йӕ хидӕйдзаг сӕрыл, ӕмӕ та йе уӕнгты фӕхатыд ног хъарутӕ.

Ӕппынфӕстагмӕ схылди уӕлбылмӕ. Йӕ уаргъ митыл ӕрӕппӕрста, ӕхсызгонӕй сулӕфыд. Йӕ хуылыдз бӕмбӕдждждын къандзолы дысӕй ныссӕрфта йӕ цӕсгомы хид, иудзӕвгар аулӕфыд, стӕй ма голладжы

цы аззад, уыдон дæр фæндаджы был митмæ равдæлон кодта æмæ афтид голлагимæ ныздæхт фæстæмæ.

Дыккаг цыд дæр ын бантысти. Ныр уал дзы иуæй ирвæзт у. Голладжы йæ хæссинæгтæ нывæрдта, фыццаг куыд уыдысты, афтæ æмæ митыл æрбадт. Иучысыл куы аулæфыд, уæд æм хъарын райдыдта зымæгон уазал, æмæ йæ зæрдыл æрлæууыд: хидæйдзагæй уазал адæймаджы ныццæвы. Йæ худ ацагуырдта, ссардта йæ, йæ миттæ йын ацагъта æмæ йæ ныккодта йæ сæрыл. Худ митыл суазал, йæ сæрæй йын суры йæ фæллад, æмæ та дзы уый ныфс бауагъта. Ныздæхт дыккаг голлагмæ дæр.

Уый дæр та йе 'мбисмæ равдæлон кодта. Ныр дзы иу кæй фæуæле, уымæй æгæр баныфсджын, æмæ, хæссинæгтæй кæй систа, уыдон æнæ бæстæттæй æркалдта бæласы рæбын. Æрдæг голлаг йе уæхскмæ сæппæрста, фæлæ йæ æгæр сриуыгъта, уаргъы уæзæй фæцудыдта, къахæй скъуырдта митыл æвæрд хæссинæгтæ æмæ уыдон дæр алырдæмты асхъиудтой. Фыдызгъæлы уæнгтæ æмæ цыдæр тыхтæттæ дард нæ ахаудысты, миты æрсагъдысты, фæлæ цыхтытæй иу, се 'ппæты стырдæр, йæ уæз ахаста æмæ уырдыджы бынмæ фæтулæг. Лæппу йæ фæстæ кæсгæйæ баззад. Фыр мæстæй йæ хурхы сæртæ ахгæдтой.

«Æнæрай уæ скæнæд уæ хицау, – йæ цæстытæ доны азылдысты, йæ зæрдæ сæ фæцъæх æмæ сыл йæ къух ауыгъта, йæ уаргъ нал æрæвæрдта. – Кæд сæфой, уæд бынысæфт фæуæнт», – загъта æмæ схæрд кодта. Иннæтæ кæй ныппырх сты, уый йын уæддæр йæ зæрдæ балхъывта, æмæ йæ къæхтæ мæсты ист кæны. Уыцы цыхты фæстæ ныццæуа æви йæ ныхъхъуытты уадза, ууыл хъуыдыгæнгæ йæ развæндаг дæр рæстмæ нал æвзары, афтæмæй тырны размæ, уæлбылмæ. Бирæ йæ нал хъуыди, афтæ йæ къæхтæ æмбырд фæкодтой, размæ митыл бахауд. Йæ къухтæй голладжы ком феуæгъд æмæ йæ фæстæ митыл йæ тъæпп фæцыд. Фæгæпп кодта, фæлæбурдта йæ уаргъмæ. Хорз уыд, æмæ голлаг йæ комы 'рдæм ныссагъд миты, æндæра та уыдон дæр ныппырх уыдаиккой.

Сфæлмæцыд йæ уæргътæй Мурæт. Афтæ сæ бафæлмæцыд, æмæ йæ бафæндыд, се 'ппæты дæр ныппырх кæна, ам сæ фæндагæй дæлæмæ арæцугъа æмæ сæхимæ бафардæг уа. Уыдæттæ йын йæ мæсты зонд дзырдта, фæлæ сæ пырх нæ ныккодта. Голлаг та йе 'ккойы баппæрста æмæ йæ схаста уæлбылмæ. Уым та йæ равдæлон кодта æмæ афтид голлагимæ араст йæ хæлæттаг хæссинæгтæм. Иугай сæ фæуыгъта, сæ миттæ сын фæцагъта æмæ сæ нывæрдта голладжы. Ныр хъуыды кæны:

ныццæуа æви ма ныццæуа уыцы цыхты фæдыл? Ацы уырдыджы ма астæумæ миты дыууæрдæм куы фæрацу-бацу кæна, уæд бынтондæр рафтдзæни. Уыдæттæ бæргæ хаты, фæлæ уæддæр йæ зæрдæ нæ фæлæууыд, ацыд цыхты фæд-фæд. Фæд æй дзæвгар-дзæвгар ныссайдта йæ фæстæ, стæй бæлæсты рæбын миты æрбайсæфт. Лæппу уым мит ракъахта, æмæ дзы кусарты фæлмбадт цæстау разынд бур-бурид цыхты гуымбыл.

– Ныр цы гуырриццытæй хъазыс? – сбустæ йыл кодта хъæрæй æмæ йæ рахаста йæ дæлармы. Фæстæмæ йын хæрды зындæр цæуæн уыд, суанг йæ уæрджытæм ныгъуылд миты, митæй байдзаг сты йæ резинæ цырыхъхъыты хъустæ дæр, фæлæ уæддæр слæгæрста. Цыхт голладжы ныппæрста, йæ уаргъ йе 'ккоймæ систа. Улæфгæ дæр нал акодта. Фæстаг цыд ма йын баззад, æмæ тагъд кæны.

– Фæстаг цæфæн фиддон нæй, – ныфсы ныхæстæ дзуры йæхицæн. Уæлбылмæ уал куы схизид, уæд та дарддæр истытæ кæнид. Фæлæ иучысыл куы суад, уæд ыл æртæфст, бамбæрста, аулæфын æй кæй хъуыд: йæ уæрджытæ йæ быны ныддонзоныг сты. «Фæстаг цæфæн фиддон нæй», – ныфсытæ æвæры йæхицæн æмæ тырны уæлæмæ. Æппынфæстаг куы фæуæлбыл, уæд æхсызгонæй сулæфыд, æмæ фæуæлахизуæвæджы кастæй ныккаст дæлвæндагмæ йæ тулæн фæдтæм: уым мит афтæ ссæст уыд, цыма дзы æрсытæ фæратул-батул кодтой.

Голладжы та йæ хæссинæгтæ нывæрдта, фыццаг куыд уыдысты, афтæ, дыууæ голладжы кæрæдзийыл бахъил кодта æмæ æрбадти митыл. Йæ хидвæздæг куыд калд, уый æнцонæй æвзæрста йæ цæст.

Иучысыл куы абадт, уæд æм уазал хъарын райдыдта æмæ йыл æртæфсти, бамбæрста, бынтондæр кæй ныххуылыдз. Ныххуылыдз мит æмæ хидæй. Йæ резинæ цырыхъхъыты хъустæ дæр митæй байдзаг сты. Цæмæй зыдта, йæ уæргътæ фæндагыл мæкъуылтау тулдзысты, æндæра уыдон бабæттын дæр зын нæ уыди.

Раласта йæ цырыхъхъытæ. Сæ миттæ сын ныццагъта. Йæ къахтухæнтæ дæр ныххуылыдз сты. Цъындатæ йыл дыууæйы фæлыст уыди, æмæ æддæгтæ сумæл сты. Рахъавыд, уæргътимæ цы цъындатæ ис, уыдонæй иуы фæлыст скæна, йæ къахтухæнтæ мауал стуха, фæлæ уый дæр йæ сæрмæ не 'рхаста – æрвитæггæгты куыд бакъаддæртæ кæна? Йæ бæмбæджджын къандзолæн йæ дыстæ æмæ йæ фæдджитæ цы схуылыдз сты, æндæр мидæгæй хус уыд. Фæлæ лæппу хатыд, мидæгæй йæ майкæ хидæй хуылыдз кæй у. Уый куы раласид, уæд иннæтæ

бæргæ сур сты, фæлæ йæ ныфс нæ бахаста – хидæйдзагæй йæ уазал куы ныццæва. Йæ хæлафы фадгуыты мидæггаг фæрстæ, æвæццæгæн, цæугæ-цæуын кæрæдзиуыл хафта, æмæ уыдон дæр суанг йæ сагæхты онг хуылыдз уыдысты.

Лæппуйæн та йæ уавæрæй йæ зæрдæ бамæгуырхуыз.

«Гъеныр куыд уынгæджы фæдæн, – мæт кæны йæхимидæг, – дарддæр цы кæнон?»

Æххуысагур йæ цæстæнгас хæссы йæ алыварс.

Дæлæ комы рæбын, иуварсæрдæм йæхи нылхъивгæ, Пацъайы дон йæ гуыбыны цъарыл фæлæсы кæдæмдæр æнæ сымæй, цыма калм у æмæ йæ амæттагмæ хъавы. Фæндагыл йæ бæх хæлиувадæй лæууы æмæ йæ сæр ныхъхъил кодта, йæ сæр мæстæймарæгау тилы. Æндæр – никуы ничи. Уый та хъæуы удæгас змæлæг, ныфсы змæлæг – йæ уæргътæ исынæн ын чи аххуыс кæна. Æввæхсты та ахæм змæлæгæн йæ кой, йæ хъæр дæр нæй.

Хъуыды кæны Мурæт æмæ ницы сæрфат ары йæ уæргътæ бæхы рагъмæ сæппарынæн. Ныр æй фæстæмæ хъæумæ здæхын кæй бахъæудзæн, хъæуæй искæй æххуыс кæнынмæ кæй хъуамæ ракæна, уый йын йæ зæрдæ æвдæрзы. Йæ сæрмæ нæ хæссы – хъæумæ æгадæй баздæха. Хъæуæй Уастырджийы хуызæн барæгæй рацыд, ныфсджынæй, æхсарджынæй æмæ сæм ныр фæстæмæ хъуамæ æгадæй баздæха, сæркъулæй сын зæгъа: мæ уæргътæ фæндагыл ахаудысты, æмæ мæм сæ сисынмæ фæкæсут. Йе 'мцахъхъæнтæ йыл сæхи худæгæй схæсдзысты. Зæгъдзысты йын: галæй ацыдтæ æмæ хъугæй æрбаздæхтæ. Æмæ уыдæттæ йæ сæрмæ куыд хъуамæ бахæсса? Йæ уæргътæ бæхы рагъмæ сæппарынхъом чи нæу, уымæй цæй ныфсы лæг ис? Уый цæй разагъды хъуыддæгтæ хъуамæ сараза йæ комбæстæн!

Уыцы хъуыдытæ дæлдзиныг кæнынц Мурæты, æмæ мæсты кæны йе 'фсымæрмæ.

«Ай диссаг нæу, – бустæ йыл кæны йæхинымæр, – дæ усы фарсмæ хъармы бадынæй дарддæр мацы зон, дæ усы къабайы бын бабыр. Цыма æз не сбадин мæ усы фарсмæ хъармы».

Зоны йæ, йе 'фсымæр хъæбатыр лæппу кæй у, фæлæ, ныртæккæ йе 'фсымæры тыххæй ахæм фыдæбætты кæй ныххауд, уымæй йæхи йе 'фсымæрæй бæрзонддæр бынаты æвæры æмæ йыл нал ауæрды бустæ кæнынæй йæхинымæр. Ныр йæхи йе 'фсымæрæй лæгдæр хаты:

йе ‘фсымæр хъæбатыр лæппу у, фæлæ ма ахæм лæппуйæ ноджы хъæбатырдæр чи у, уый æгæрон хъару дызæрдыггаг хъуамæ макæмæн уа. Æмæ ахæм та йæхæдæг у Мурæт. Уыцы хъуыды дзы уадзы ныфс, æппæтхъом ныфс, æмæ та йе уæнгты банкъардта æгæрон хъару. Фæлæ йе уæнгты уæддæр уыйбæрц хъару нæй, æмæ ацы æнæрайы уæргътæ бæхы рагъмæ сæппара… Уæдæ цы чындæуа?

Хъуыды кæны Мурæт, цы бакæна, ууыл. Цы сараза, цæмæй хъæубæсты раз йæхи ма фæхудинаг кæна? Худинаг нæ, фæлæ йæхæдæг йæхицæй цæмæй ныббуц уа, æппæтхъом кæй у, ууыл цæмæй баууæнда, ахæм исты бакæнын æй фæнды ныртæккæ. Умæн та фæрæз нæ ары. Цыфæнды хъуыддаджы дæр исты амал ссарæн кæй ис, æмæ, зындзинæдты амал арын та æхсарджын лæджы хъуыддаг кæй у, уыдæттæ куыд нæ зоны. Зоны уыдæттæ. Æхсарджын лæппу кæй у, ууыл дæр æууæнды, æмæ йæ уырны: исты мадзал ссардзæн. Хъæумæ æххуысагур баздæхынил хъуыды дæр нал кæны.

Æмæ ссардта фæрæз.

«Уæргътæ уал ам ныууадздзынæн, – цин кæны йе ‘рхъуыдыйыл, – бæхыл машинæвæндагмæ ныууайон, æмæ уым исчитæ автобусмæ æнхъæлмæ кæсдзæни, Чъребамæ кæнæ Къуайсамæ чи цæуа, ахæмтæ. Кæд дзы исчи хорз зонгæ уа, уæд уымæн зæгъдзынæн æмæ йæ мемæ ракæндзынæн. Бæхыл æй сбадын кæндзынæн, кæд нæ фæзивæг кæнид».

Йе ‘рхъуыдыйыл æй дзæбæх бацин кæныны бон дæр нæма фæци, афтæ йæ зæрдæмæ нал фæцыд уыцы фæнд.

«Фæлæ зонгæ уæддæр зонгæ у, – ныхæндæг ногæй, – æмæ йæ æнæмæнгæй искæмæн радзурдзæнис, нæ хъæуккæгтæй йæ искæмæн радзурдзæн, æмæ уæд бынтон ныххудинаг уыдзынæн нæ хъæубæсты раз. Зæгъдзысты: æцæгæлæтты цæсты нæ Мурæт ныффидиссаг кодта. Стæй дзы, чи зоны, зонгæ дæр ничи уа. Чи мæ зоны уыцы хъæуы?

Ногæй та ныхъхъуыды кодта. Хин хъуыды февзæрд йæ сæры. Æрымысыд, æхсарджын лæг алы хатт йæ хъаруйæ æхсарджын кæй нæ вæййы, йæ хъару йæ кæм нæ фæамоны, уым зондæй дæр кæй спайда кæны.

«Æмæ дзы мачи уæд зонгæ. Уый та ноджы хуыздæр, – райзæрдæйы фæндтæ кæны йæхицæн, – æнæзонгæтæ дзы уæддæр уыдзысты. Чифæнды уæд, радзурдзынæн ын мæ хабар, æмæ мæм куыд нæ фæкæсдзæни, куыд нæ мын баххуыс кæндзæн? Чи дæн, уымæй мæ куы фæрса, уæд ын мæхи не схъæр кæндзынæн, æндæр исчи рахондзынæн

мæхи. Зæгъдзынæн ын, зæгъын, Меркъозты цотæй дæн. Мæ уæргътæ сæвæрынæн мын баххуыс кæндзæн, стæй ацæуæд æмæ йæ кæмæнфæнды дæр дзурæд, мæнмæ дзы худинаг ницы æрхаудзæн. Искæй худинаг кæнын дæр хорз нæу, фæлæ дзы Меркъозты уæттæм дæр худинагæй цы æрхаудзæн – йæ уæргътæ дзы никуы никæмæн ахаудтой. Куы ницæмæй ныххудинаг уай, уæд та дыл худинаггаджы ном никуы сбаддзæни. Æмæ не 'ппæт дæр æвыд уыдзыстæм худинаджы номæй».

Уыцы фæнд йæ зæрдæмæ фæцыд, æмæ фæгæпп кодта. Голджыты цур мит ракъахта, уæрмгонд дзы скодта æмæ голджыты уым æрфæрсыл кодта. Бамбæрзта сæ митæй.

«Лæгмæ йæ тыхсты рæстæг ничи фæзыны, æндæра фыдбылызы фæндаггон уæларвæй дæр æрхаудзæн æмæ дын дæ муртæ æрбатары кæндзæни. Стæй уæд та нæ хъæуæй исчи æнæнхъæлæджы дæлæмæ цæуы, уæд мын мæ уæргътæ ам дзæгъæлы æппæрстæй цæмæн хъуамæ фена?» – загъта йæхицæн æмæ йæ бæхыл абадт.

Уæлбæхæй йæ цæст ахаста йæ тулæнвæдтыл, æмæ йæ зæрдæ бамæгуырхуыз: цыма дзы æнæхъæн комы куыйтæ дысон-бонмæ сæ кæрæдзийы хъуынхъис тыдтой, ахæм хуыз ын уыд. Чифæнды ма рацæуа ауылты, æнæмæнгæй дызæрдыггæнгæ бирæ фæкæсдзæн ацы митзмæстмæ æмæ дзы цы хабар æрцыд, уымæн уæддæр ницы бамбардзæн, æрмæст ын йæ уæргътæ миты бын ма ссарæд, æндæр. Уæргътæ та миты бынæй нæ зынынц.

«Цæй, цы уа, уый уæд», – йæ къух ауыгъта лæппу æмæ йæ бæхы басхуыста.

Бæх иу ран лæууынæй схъыг æмæ рæвдз иста йæ къæхтæ. Иучысыл куы ауадысты, уæд та лæппуйы зæрдæ бангæстæ, уæлбæхæй йæхимæ фæкасти аргъæутты хъæбатыры хуызæн, æмæ уымæй йæ тых фæдывæр.

Баныфсджын чысыл Мурæт æмæ тырны размæ, фæнды йæ исты хуызты йæ фæндаг æрцыбыртæ кæнын. Фæндагыл та тындзгæ куынæ цæуай, уæд йæхи хъæдæй не 'рцыбыртæ уыдзæн, æмæ басхойы йæ бæхы. Бæх дæр йæхиуыл нæ ауæрды, лæгæрды митвæндагыл, йæ рохтæ ивазы размæ, ахъавы сæпп-дугъмæ дæр, фæлæ йын Мурæт уыцы бар нал ратты – фаг ын у иу рæдыд.

Фæндаг, митвæндаг, æртхъирæнгæнгæ сысты лæппуйы раз, мит æртхъирæнгæнгæ кæсы комы фæхстæй дæр, æмæ лæппу хъуыды

кæны, мит канд мит кæй нæу, фæлæ ма тыхджын дæр кæй у. Ныры онг зыдта, мит уазал кæй у, зынкалæн, зынзмæлæн, фæлæ тыхджын кæй у, уый ныронг никуы рахатыдта.

«Фæлæ цæмæй тыхджын у, – хъуыды кæны лæппу, – митæй дарддæр куы ницы у».

Тæргæ бæхыл тырны размæ Мурæт æмæ хъуыды кæны, мит цæмæй тыхджын у, уыл. Йæ тых цæй мидæг ис, уый йæ зонд нæ ахсы, фæлæ тынг хорз зоны иу хъуыддаг: ныртæккæ йæ цуры йе 'фсымæр, йæ фыд æмæ сæ хъæуы лæппутæ куы уаиккой, уæд, мит тыхджын кæй у, ууыл хъуыды дæр нæ акæнид æмæ йын йæ тых мурмæ дæр нæ дарид. Фæлæ уыдон ныртæккæ йæ цуры не сты, æмæ йæм мит уымæн тыхджын кæсы æмæ ма, зæгъæ, Мурæтæн йæ бæх йемæ нæй, иунæгæй аззад ацы митхаст фæндæгтыл, æцæг тыхджынæй гъеуæд равдисид йæхи ацы уазал æмæ æнæуд мит, алырдыгæй æртыхсид йæ иунæг къоппайыл æмæ йæ ныххуыдуг кæнид йæ быны. Уыцы хъуыдытæ хъыг фæкастысты Мурæтмæ.

«Багъæц, уæдæ, – æртхъирæнгæнгæ йæ цæст хæссы митæвæрдтыл, – мæнæ уал зæххы бынты фæндæгтæ саразон, кæддæра ма мын уæд та цы хъом уаис!..»

Варойы æдзæрæг хъæууат дæр фæсте аззад, æмæ Мурæт бæхы рохтæ æрбалвæста. Бæх йæ къахайст фæсындæгдæр кодта. Машинæвæндагмæ бирæ бауайын нал хъæуы, æмæ нал тагъд кæны. Уым æй æнæзонгæтимæ дзурын кæй хъæудзæн, æнæзонгæтæй æххуыс кæй курдзæн, уый йæм сæрныллæг ми кæсы, æмæ уымæй мигъ бады йе уæны. Уый йæм æхсарджын лæджы хъуыддаг нæ кæсы, æмæ йæхимидæг æвзары, æнæзонгæтæн куыд хуыздæр бамбарын кæндзæн йæ уавæр, уыдæттæ.

Фистæг бæлццæтты надвæндаг йæхи æлвасы фæндаджы рæбынтæм. Фæндаг кæддæр трактортæй фæцарæзтой, æмæ йæ уæллаг фарс ам сисамадау ахаста: кæм – ныллæгдæр, кæм – бæрзонддæр. Ранæй-рæтты – цалдæр метры бæрзæндæн. Уыцы къулвахс афтæ æмраст лыг у, æмæ йыл ранæй-рæтты мит не 'рлæууыд, митæйхаст зæххыл уыцы дурвæхстæ сæхи æргом кæнынц зæххы хуызтæй, æмæ сæ уынд ныфс уадзы Мурæты зæрдæйы.

«Фæндагыл лæг хъæуы, – хъуыды кæны йæхинымæр, – алы гыццыл къуыхцыйы тыххæй йæ фындз чи æруадзы, ахæмты хъуамæ фæндагыл цæуын дæр ма уадзиккой. Уыдон лæджы ном худинаггæнджытæ сты».

Афтæ хъуыды кæны Мурæт. Баразæнгард гомгæрцц зæххы гæппæлты уындæй, басхойы йæ бæхы фæрстæ – тагъд кæны йæ фæндаг æрцыбыртæ кæнынил.

Машинæвæндагыл æцæгæйдæр лæууыд дыууæ лæджы. Мурæт фæзилæны æрхызт саргъæй, бæхы йæ фæстæ идадзæй ласгæ бацыд лæгты цурмæ.

Лæгтæй иуыл æгæр хицауы бæрджытæ зынд: хæрзконд уыди, кæсæнцæстытæ йыл, йæ къухы – æрттиваг пъартфел.

«Гъе-ри-гъа, – ахъуыды кодта Мурæт, – ай цыдæр хицау лæг у æмæ дын мæ уæргътæ æвæрынмæ куыд нæ фæцæуæг уыдзæн!»

Иннæ хъæууон лæджы хуызæн уыд. Йæ уæлæ – бæмбæдждджын къандзол æмæ резинæ цырыхъхъытæ.

«Æвæццæгæн æм ацы лæг уазæгуаты æрбацыд, – æвзары сын сæ хъуыддæгтæ Мурæт йæхинымæр, – æмæ йæ ныр автобусмæ рахизын кодта. Искуы автобус куы фæзынид, уæд ацы пъартфелджын ахъуытты уаид, æмæ иннæмæн мæ хабар бамбарын кæнин».

Нæ фæнды Мурæты ацы пъартфелджыны цур йæ хъуыддагыл дзурын æмæ æнхъæлмæ кæсы, кæд ахъуытты уыдзæн, уымæ. Лæгтæ фæхатыдтой, лæппу сæ цæстæнгасæй æгæр кæй бæрджытæ кæны, æмæ йæм, хъæууон дарæсы чи уыд, уый раздæхт.

– Лæппыз, – сдзырдта йæм хъазгæмхасæн, – ды дæр автобусмæ æнхъæлмæ кæсыс?

Мурæт, цы зæгъа, уый нæ зыдта æмæ фæтыхст.

– О… – банкъуыста йæ сæр.

– Æмæ æд бæх сбаддзынæ автобусы? – худтис ыл, хъæууоны хуыз кæмæн уыд, уыцы лæг.

Мурæт фæсæтдзæ. Хъыг ын уыдысты йæ ныхæстæ, йе ‘рфгуытæ фелхынцъ кодта æмæ ницы сдзырдта.

– Æвæццæгæн, Чеселтæй æрцыдтæ? – бафарста йæ пъартфелджын.

– О… – загъта йын Мурæт.

– Гъеныр ай хъæбатыр лæппу нæу? – загъта иннæ лæгæн, – ай хуызæн фæндагыл иунæгæй та йæ ныфс куыд рахаста?

Пъартфелджын лæджы хъæлæсыуаг æхсызгонæй æмбæлд зæрдæйыл, æмæ йæм Мурæт æвиппайды æнæнхъæлæджы хионы зæрдæ бадардта.

– Æмæ бæхыл куы дæ, уæд афтæ тынг кæм ныххуылыдз дæ? – фарста йæ иннæ лæг. – Дæ сагæхтæ иууыл хуылыдз куы сты.

Ныр пъартфелджын лӕгмӕ йӕ зӕрдӕ ӕрфӕлмӕнтӕ, фӕлӕ иннӕйы ныхӕстӕм та мӕсты кодта ӕмӕ ницы сдзырдта.

– Ӕвӕццӕгӕн, фӕндагыл нӕ уӕндыдтӕ ӕмӕ фыр тасӕй дӕ бын ахуылыдз, – джидзӕггаг ныхӕстӕ кодта уый.

Уыцы ӕнӕхсӕст лӕджы ныхӕстӕм амӕсты Мурӕт, ӕнӕуынон ын фестад, фыдӕхы цӕстытӕ йӕм базылдта. Рахъавыд, исты дӕрзӕг ныхӕстӕ йын зӕгъа, фӕлӕ пъартфелджынӕй фӕаргъуыц кодта.

– Ахӕм хуыз ын нӕй, – загъта пъартфелджын, – ахӕм лӕппутӕ хъӕбатыр гуырдтӕ вӕййынц.

Ныр Мурӕт знаджы цӕстӕй ракаст, хъӕууон дарӕсы чи уыд, уымӕ. Автобусы фӕзындмӕ нал ӕнхъӕлмӕ каст. Автобус ӕрӕгмӕ куы фӕзынид, уӕд ацы ӕнӕхсӕст лӕг йӕ уазӕджы цур лӕууынӕй сфӕлмӕцид, сӕхимӕ ахъуытты уаид, ӕмӕ Мурӕт йӕ сӕр бакъул кӕнид ацы пъартфелджын лӕгмӕ. Уый йӕм ӕнӕмӕнгӕй кӕй фӕкӕсдзӕн, ууыл гуырысхо нал кӕны – хорз лӕджы хуызӕн у. Стӕй ардыгон нӕу, ӕмӕ йын йӕхи куы бацамона, уӕд дӕр ӕй никӕй раз ныххудинаг кӕндзӕн: ӕцӕгӕлон лӕг кӕмӕн хъуамӕ радзура, йӕ уӕргътӕ кӕй фӕтылдысты, уый? Стӕй йӕ куы радзура, уӕд дӕр – ӕцӕгӕлӕттӕн. Ӕцӕгӕлӕттӕ та Мурӕты нӕ зонынц. Афтӕ бӕргӕ хорз уаид, нӕдӕр ӕй гӕды ныхӕстӕ дзурыны сӕр бахъӕудзӕн, нӕдӕр йӕ зонгӕты цӕсты ныххудинаг уыдзӕн, фӕлӕ, хъӕууон дарӕсы чи ис, уый цӕвӕджы хъӕдау йӕ цуры схъил, ӕмӕ йын хӕдзармӕ аккуырсын нал ӕнтысы.

– Чеселтӕй ардӕм ам лӕууынмӕ ӕрцыдтӕ? – фӕрсы та йӕ уыцы ӕнӕхсӕст лӕг.

Мурӕты нӕ фӕнды тызмӕг ныхас кӕнын: йӕ уӕргътӕ ӕвӕрынмӕ йӕм адонӕй исчи ӕнӕмӕнгӕй кӕй хъуамӕ фӕкӕса, уый йӕ зӕрдыл дары, фӕлӕ йӕ ацы лӕг ӕгӕр ӕгады бынаты ӕвӕры, ӕгӕр ӕй дӕлдзиныг кӕны йӕ рӕтъузӕн ныхӕстӕй, ӕмӕ йӕм уый ӕгӕр сӕрныллӕг ми фӕкаст, нал ын ныббарста:

– Ӕмӕ ам лӕууынӕн ӕхца фидын хъӕуы? – бакаст ӕм тызмӕг цӕстытӕй.

– Ха-ха-ха, – ныххудтис ын уый йӕ ныхӕстыл, – мӕнӕ куыд ӕнӕрцӕф у.

Йӕ худт дӕр нӕ фӕцыд йӕ зӕрдӕмӕ.

«Ахӕм худтӕй ӕрмӕстдӕр ӕлгъаг адӕймӕгтӕ фӕхудынц», – йӕхимидӕг аскъуыддзаг кодта лӕппу ӕмӕ йӕм фыдӕхы цӕстытӕ базылдта.

– Ныууадз-ма лæппуйы, – бауайдзæф ын кодта пъартфелджын, – цы дзы дæ ныхтæ ныссагътай? Афонмæ дын иу галиугуырд дæ мадæн ахъаззæгтæ ныссидтаид.

– Æвæццæгæн æй хæдзарæй дуканимæ рарвыстой, уый та ам бонасадæн кæны, – бирæзонæг хъæлæсыуагæй загъта иннæ.

– Дуканимæ æрцыдтæ? – бафарста йæ пъартфелджын.

Лæппуйыл æртæфст: ацы æнæхсæст лæджы цур искæмæ æххуыса-гур йæ сæр кæй нæ бакъул кæндзæн; ахæм лæг ын йæ хабар куы базона, уæд æй æнæхъæн Къуыдары кæмтты ныффидиссаг кæндзæн. Нæ, фæлтау сæхимæ баздæхдзæн æмæ сæхи хъæуæй искæй ракæндзæн.

– О, – загъта пъартфелджынæн, – дуканийы мæ хъуыддаг ис.

– Æмæ уæдæ ам цы лæзæрыс? – бафарста йæ иннæ.

Лæппуйæн фыр мæстæй йæ хурхыуадындзтæ арæсыдысты. Ныр æй æнæмæнгæй сæ хъæумæ кæй хъæуы баздæхын, йæ хъæубæсты раз кæй фегад уыдзæн, уыцы хъуыды йын йæ зæрдæ сæлхъывта æмæ йæ бафæндыд: бæхыл абад, уæлбæхæй ацы æнæхсæст лæджы ехсæй æр-цæфтæ кæн, дзæбæх æй снæм, стæй фæстæмæ дæ фæд-фæд бафардæг у. Фæлæ ма цыдæр æнхъæлцау уыд æмæ йæхиуыл ныххæцыд.

– Автобусмæ дæр ма кæсын, – æнæнхъæлæджы ссардта æфсон, – Чъребайæ чидæр æрбацæуинаг у, æмæ уымæ лæууын.

Нæ, абон æппæт дæр уыд Мурæты ныхмæ, абон ыл алцы дæр цыди гадзрахатæй: йæ ныхæстæ кæронмæ дæр нæма загъта, афтæ дæле æрбазынд автобус æмæ чысыл фæстæдæр хъинцгæнгæ, хъыррыст-гæнгæ æрлæууыд сæ тæккæ цур. Æрхызт дзы иу сылгоймаг æмæ хъæуы ‘рдæм фæцæуæг. Дыууæ лæгæй йæ бынатæй ничи фезмæлыд – Къуайсайы ‘рдæм цæуæг нæ уыдысты.

Автобус йæ бынатæй фезмæлыд хъыррыстгæнгæ, хъинцгæнгæ æмæ уыцы хус хъыррыст дзæнгæлтæ кодта митхуылыдз дунейы. Йæ хъæрæй сæнкъуыст лæппуйы зæрдæ. Уыцы æнæхсæст лæг та йæ афтæ куы бафæрса, ам ма цæмæ лæууыс, зæгъгæ, уый тасæй лæппу бæхы рагъмæ йæхи сæхста æмæ дуканийы ‘рдæм акодта йæ фæндаг. Ам йæ ницы хъуыддаг уыд, фæлæ, пъартфелджыны раз цæмæй ма фæгæды уыдаид, иннæ лæг та йыл цæмæй йе ‘лгъаг худтæй ма бахудтаид, уый тыххæй йæхи нал басаста, ныццыд дуканимæ. Уый фылдæр хæттыты æхгæд вæййы, фæлæ ныр гом разынд. Йæ дзыппы æхца уыд – фæс-тæмæ цæугæйæ йæ фыдæн тамакотæ хъуамæ рахастаид. Тамакотæ

нæ балхæдта – нырма йæ дзæвгар рацу-бацуйы сæр хъæуы, æмæ сæ йæ дзыппыты дыууæрдæм цы ратæр-батæр кæна – райста печениты пачкæ, йæ дзыппы йæ ныссыдта, бæхыл абадт æмæ фæстæмæ раздæхт.

Æвзæр адæймæгтæ куыд никуы федта Мурæт, фæлæ йæм дзы арвæй зæххы ‘хсæн нырма ацы лæгæй цъаммардæр ничи фæкаст. Æнæнхъæлæджы йын ахæм маст чи скодта, уый æвыдæй ныууадзын лæджы ми нæу, фæлæ йын цы маст скæна?

«Нæ, уыцы пъартфелджыны йын йæ цуры куынæуал сæййафин, – мæсты кæны лæппу, – уæд ын иу-дыууæ ныхасы зæгъин, цæмæй йæ дзыхыл хæцын зона».

Дыууæ лæджы ма уым лæууыдысты – дардæй сæ суыдта. Ацы дзæгъæлдзурæджы афтæ æвыдæй кæй уадзы, ууыл мастгæнгæ, лæппу сæ иувæрсты аскъæрдта, кæсгæ дæр сæм нал фæкодта, нал æй бафæндыд уыцы лæджы æнæуынон цæсгом ногæй ауынын, æмæ, фæзилæны куы фæаууон, уæд йæ бæх фæурæдта, ныхъхъуыды кодта, цы чындæуа, ууыл. Сæ хъæумæ йæ æнæмæнгæй баздæхын кæй хъæуы, нырууыл нал дывæнд кæны, уый маст æй нал и, фæлæ ацы æнаккаджы тыххæй кæй здæхы сæ хъæумæ, ацы æнаккаджы тыххæй кæй ныххудинаг уыдзæн ныр йæ хъæубæсты раз, ууыл у йæ мæт – афтæ æвыдæй йæ куыд ныууадза? Дæ бафхæрæгæй дæ маст куынæ райсай, уæд уый цæй лæджы ми у? Фæлæ дзы йæ маст цы хуызы райса?

«Нæй, уæлбæхæй йыл ехсæй æрзилын хъæуы!» – йæ маст æхсиды уыцы хъæууон лæгмæ, цы хуызы йын смаст кæна, уый нæ зоны æмæ катæйттæ кæны. Ехсæй йыл бæргæ æрзилид, фæлæ уыцы пъартфелджын æгъдауджын лæджы хуызæн у, æгъдауджын адæймаджы цур та адæймаг йæхи æнæгъдауæй хъуамæ ма равдиса.

«Уыцы лæгæн кув, – йæхимидæг æм æртхъирæнтæ кодта Мурæт, – уый фæрцы уал ирвæзыс. Фæлæ мын кæдæм фæцæудзынæ? Мæнæ уал мæ фæндаджы кой бакæнон, стæй мæ дæумæ дæр равдæлдзæни. Нæ дæ ферох кæндзынæн, мæрдты ‘хсæн дæр дæ базондзынæн, æмæ мын уæд сар дæ сæр кæны».

Йæхимидæг æртхъирæнтæ кæны æмæ бæхы бацагайдта. Уыцы лæгæй йæ маст цы хуызы райса, уымæн ницы сæрфат ары, ницы хорз мадзал, æмæ йæхи сраст кæнынæн агуры æфсæнттæ: нырма уал æй фæндаджы кой бакæнын хъæуы. Лæгау лæг фыццаджыдæр йæ сæйраг хъуыддаг саразы, стæй йæ иннæ хъуыддæгтæм дæр равдæлы. Йæ

мидзæрды лыстæггай æвзары уыцы лæджы хуызтæ, цæмæй йæ бахъуыды кæна, ма дзы ферох уа йæ цæсгомы æвæрд, æмæ йын фадат куы фæуа, уæд ын йе 'фхæрд йæ зæрдыл æрлæууын кæна.

«Фæлæуу, хъуынджынхъус, – нæ сысы лæппуйы маст, – æз дын дæ хъуынджын хъустæй хид рауадздзынæн. Ай диссаг нæу, – фыр мæстæй нытту кодта уæлбæхæй, – нæ дæ зонын, нæ мæ зоныс æмæ мæ хъуыддæгты дæ фындз цы тъыссыс? Æнæхъуаджы мæ цæмæн æфхæрыс? Æнæхъуаджы мын цæмæн маст кæныс? Тыхст фæндаггон дæн, æмæ мын æххуысы бæсты ноджы цæмæн маст кæныс? Кæд æнæхсæст къамбец нæ дæ, уæд, дæ цуры чи лæууыд, уый та цæуылнæ фæзмыс? Уый ахуыр лæг куы у, æмæ уый йæхи куы никæмæй лæгдæр кæны, уæд ды æвзæр-æвзæр дæхицæй уæлбикъон цы аразыс?»

Бæх йæ рохтæ тоны размæ. Æвæццæгæн, йæ бæхы зондæй афтæ хъуыды кæны, ома ныр нæ дзул лæвæрд фæци, æмæ хæдзармæ атагъд кæнон, цъæх хосæй мæхи бафсадон. Æмæ фæстæмæ кæй здæхынц, уымæй райгонд у, нал ауæрды йæхиуыл. Мурæт та джитæнтæ кæны. Йæ фыд, стæй сæ хъæуы раз дæр кæй ныххудинаг уыдзæн, уыцы хъуыды йæ сæрæй къæхты бынмæ ныууигъы, тæрсы уыцы хъуыдыйæ æмæ адæргæй йæхимидæг йæ маст калы уыцы лæгыл, нал ыл ауæрды æфхæрынæй. Хыл кæны йæхимидæг уыцы лæгимæ æмæ афтæмæй йæхицæн ныфсытæ æвæры. Куы сыстыр уа, уæд уыцы пъартфелджынау ахуыр лæг рацæудзæн, уымæй ноджы ахуырдæр æмæ алкæмæн дæр уыдзæни æххуысы лæг. Тынг стыр лæг куы суа, уæд дæр йæ сæрмæ хæсдзæни алкæмæн дæр æххуыс кæнын, никæуыл былысчъилтæ кæндзæн, кæстæртæм уæле бынмæ нæ кæсдзæни, æмæ йæ уыдон дæр уарздзысты…

Афтæтæ хъуыды кæны Мурæт. Ларойы цæрæнуæттæм æй бирæ нал хъуыд, афтæ йæ цæст æрхаста уæлвæндагыл. Фистæг бæлццæтты надвæндаг йæхи æлвасы фæндаджы рæбынтæм. Иу ран фæндаджы къул уыд бæхы рагъы æмвæзæн, уымæй дæр карды карстау æмраст лыг. Фæз ахаста уæлбыл дæр. Æмæ Мурæт йæ бæхы æрурæдта. Ныр йæ уæргътæ ам уæлбыл куы уаиккой, уæд ын сæ бæхы рагъмæ та цы æрбаппарын хъæуы: фæндаджы фахсмæ афтæ æнгом балæудзæн, æмæ къулæй бæхы æхсæн къух дæр нал нытътъысдзынæ. Ныр йæ уæргътæ ам куы уаиккой, фæндаджы уæлбыл, уæд сæ бæхы рагъмæ тулгæ дæр бакæнид. Фæлæ сæ уæлбылмæ та кæуылты схæсдзынæ? Схизæн дзы нæй – карды карстау æмраст лыг у.

Йæ бæхы базмæлын кодта Мурæт æмæ цæуы дарддæр. Цæуы æмæ йæ цæст хæссы фæндаджы былтыл. Чысыл куы бауад, уæд федта: уæлбылмæ æрбацæуæн ис, æрбацæуæн æм ис фистæгæй нæ, фæлæ бæхыл дæр. Æмæ та йæ бæхы æрурæдта. Мит, урс-урсид мит, æртхъиræнгæнгæ кæсы лæппумæ уæлвæндагæй. Хъæумæ здæхыны бæсты йæ уæргътæ ардæм куы 'рбахæсса, уæд та сæ цыппар цыды кæй бахъæудзæн, уый зоны лæппу, æмæ йæ уæргътæ ракал-бакалæй йæ зæрдæ фæцъæх. Æрдæбон дæлвæндæгтыл ратул-батулы бæсты, æнæзонгæтæм æххуысагур цæуыны бæсты йæ уæргътæ ардæм куы 'рбахастаид, уæд афонмæ æппæт дæр нывыл уаид, йæ уæргътæ дæр бæхы рагъыл уаиккой æмæ йæ, чи зоны, Дзаумæ дæр бирæ ныууайын нал хъæуид.

«Нæй, – мæсты кæны лæппу йæхимæ, – æнæсæр митæ акодтон æмæ рæстæг бынтон дзæгъæлы фесæфтон, ныффæстиат дæн».

Уæлбылмæ кæсы æмæ катæйттæ кæны Мурæт. Ныр уæргътæ ракал-бакал цас фыдæбон у, уый зоны, æмæ сæ йæ зæрдæ фæцъæх. Ноджы йæ уæлвæндагæй митæвæрдтæ дæр тæрсын кæнынц сæ гуымиры æнгасæй. Цы бакæна, ууыл та куы ныхъхъуыды кодта, уæд йæ зæрдыл æрлæууыд, хъæумæ йæ цæуын кæй хъæуы, æмæ хъæумæ куы баздæха, уæд йæ хъæубæсты раз кæй ныххудинаг уыдзæн. Худинаджы коймæ фестъæлфыд йæ зæрдæ, æгады тас ын ныфс бауагъта йе уæнгты. Бæхæй æргæпп кодта, бæхы фæндагыл фæуагъта æмæ слæгæрста уæлбылмæ. Куыд æнхъæл уыд, уымæй бирæ æнцонвадатдæр уыд уæлбылмæ цæуын. Йæ уæргътæ кæм æрæвæрдзæн, уым мит йæ къæхты бын æрнадта æмæ ныккасти бынмæ. Нæ, ардыгæй сæ бæхы рагъмæ чысыл сывæллон дæр батулдзæн. Ардæм уал æрбаирвæзæнт, æндæр ныр йæ фыдæбон нал фæцъæмæл уыдзæни. Фæндагæй ма уæлбылмæ цалдæр хатты слæгæрста. Ныр йæ уæргътæ йæхæдæг иунæгæй æнæмæнг кæй сæвæрдзæн, уымæй æгæр бахъæбатырхуыз æмæ-иу мит арфдæр кæмыты уыд, уымыты-иу ыл уæлгоммæ бафæлдæхт, æрнадта-иу æй йæ чъылдымæй. Йæ надвæндагæй йæ зæрдæ куы барухс, уæд æрхызти фæндагмæ.

Бафæллади Мурæт. Хæстулæфтгæнгæ йæ миттæ цæгъдынмæ куы багуыбыр, уæд та фæхъуыды кодта: йæ резинæ цырыххъыты хъустæ нæ бабаста, æмæ митæй байдзаг сты. Йæ бæмбæджджын къандзол раласта, митыл æй æрытыдта æмæ йыл æрбадт. Раласта йæ цырыхъхъытæ, сæ миттæ сын ныццагъта, стæй сæ фæстæмæ скодта. Йæ хæлаф бынтондæр ныххуылыдз. Ныххуылыдз йæ мидæггаг хæлаф дæр, æн-

дæгъди йæ буарыл. Йæ хуылыдз майкæ дæр баныхæст йæ фæсонтыл уазалæй, цыма йæ буарæй йæ дарæсы астæу сæтамæст сæтæлджытæ змæлынц, афтæ сæ хатыдта лæппу. Йæ къандзол йæ уæлæ æрæппæрста, йæ худ фелвæста, æрцагъта дзы йæ миттæ талф-тулфæй æмæ бæхыл абадт. Æрхъуыдыджын æмæ амалджын кæй у, уыцы хъуыды йæ циныл æфтыдта, æмæ та йæ бауырныдта, æппæтхъом кæй у, уый.

– А, Зыгъар, – райзæрдæйæ басхуыста йæ бæхы, – ныртæккæ фервæздзыстæм нæ низæй.

...Цыппар цыдæн æрбахаста Мурæт йæ уæргътæ уæлбылмæ. Ныр сыл афтæ тынг нал бафæллад. Уый размæ йын дæлбылмæ куы атылдысты, уæд сæ цалдæр метрæй фылдæр нæ хъуыди схæссын, фæлæ сæ уæд æккойæ хаста, стæй – æмхæрд. Ныр ын сæ кæд дыууæ километры бæрц хъуыди хæссын, уæддæр æккойæ нал, – бæхыл: голладжы рæстæмбис-иу баппæрста саргъмæ, йæхæдæг дæр-иу бабадт бæхыл æмæ комкоммæ дæр – йæ равзæрст бынатмæ, тæккæдæр уæлбылмæ.

Йæ хæссинæгтæ иууылдæр куы ‘рбаппæрста уæлбылмæ, уæд сæ голджыты, фыццаг куыд уыдысты, афтæ нывæрдта æмæ сæ уаргъбаст бакодта, баласта сæ тæккæ былгæронмæ. Хъуыди ма сæ бæхы рагъмæ баппарын.

Сихорафонмæ æввахс у. Бынтондæр ныффæстиат, æмæ йæ фæнды тагъд кæнын, фæлæ, райсомæй йæ уæргътæ куыд фæивгъуыдтой æмæ уырдыджы куыд атылдысты, уый дзы рох нæу: талф-тулф митæй нал архайы, митыл æрбадт æмæ чысыл аулæфыд. Йæ хид куы æрысыст, уазал æм куы бахъардта, уæд сыстад, йæ къандзол раласта æмæ йæ митыл æрæппæрста – уæргътæ æвæргæ-æвæрын æй хъыгдардзæн. Бæхы фæндагмæ нылласта, баурæдта йæ тæккæ уæргъты бынмæ. Бæх фæндаджы къулмæ афтæ æввахс балæууыд, æмæ афтæ зынд, цыма йыл æнцой бакодта. Бæхы рагъ зына-нæзына ныллæгдæр уыди уæлбылы æмвæзæй.

– Афтæ лæуу, Зыгъар, – ныффæдзæхста бæхы, лæгъстиаджы лæгъзытæ йæ æркодта æмæ та ссыди уæлвæндагмæ.

Уæргъты уæлхъус æрлæууыд, арабар-бабар сæ кодта алырдæмты, æмæ йыл æртæфсти: афтæмæй сæ ницы хуызы бавæрдзæн бæхы рагъмæ, ничердыгæй сæм арæхсы – бæхы рагъ æгæр дæлиау у. Йæ зонгуытыл æрлæууыд, саргъ тæккæ былгæроны цур уыди, фæлæ ма йыл уæддæр æрбахæцыд.

– Афтæ лæуу, Зыгъар, – ныффæдзæхста ногæй бæхы æмæ голджы-

тæй иуыл рахæцыд, сындæггай йæ былæй саргъмæ æруагъта. Голладжы бын саргъыл куы æрæнцад, æрмæст уæд фæфиппайдта, бæхы чысыл æддæдæр æруромын кæй хъуыд: голджытæй иу бæхæй фахсы æхсæн куынæ ныццæуа, уæд сæ куыд хъуамæ сæвæра?

Смæсты йæхимæ. Фыр мæстæй йæ цæстытæ доны разылдысты. Хатыд: голджытæ ма иучысыл дæр куы фезмæлой, уæд сæ уæз ахæсдзысты, саргъы сæрты иннæ фарсмæ ахаудзысты æмæ сæ тъæпп фæндагыл фæцæудзæн. Сæ тъæпп фæндагыл фæцæудзæн æмæ та сæ стæй ногæй уæлвæндагмæ æнтъух, ногæй та сæ ракал-бакал кæн.

Æвæстиатæй ныццæуын хъуыд бынмæ, фæндагмæ. Фæлæ тарсти: бæх куы фезмæла, уæд голджытæ дæр базмæлдзысты.

– Зыгъар, дæ низтæ, – ныллæгъстæ та кодта йæ бæхæн, – афтæ лæуу, ма фезмæл дæ бынатæй.

Бæхы сæр æрлæгъзытæ кодта æмæ йæ къæхтыл слæууыд. Надвæндагыл ныццæуын дардыл хъуыддæгтæ сты: фæндаджы был къухæй фенцойгæнгæ бынмæ ныггæпп кодта. Бæх нæ базмæлыд, æмæ йæ зæрдæ барухс. Бæхы фаллаг фарсмæ бацыд, сындæггай голлагыл рахæцыд. Голлаг æмбисы онг куы æрбаласта саргъмæ, уæд та, дарддæр цы араза, уымæн ницыуал зыдта: бæх фæрсæрдæм кæм ракъахдзæфтæ кæндзæн? Чысыл æддæдæр куынæ алæууа, уæд та сын афтæмæй цæй æвæрæн ис?

– Цы уа, уый уæд! – смæсты лæппу æмæ та ранцад голлагыл. Голджытæ базмæлыдысты, æрхаудтой æмæ сæ кæмтты баст æрæнцад тæккæдæр саргъыл: сæ иу ныр саргъæн ардыгæй фарс уыд, иннæ йæ комбастыл хъен лæууыд саргъы уæлæ. Лæппу йæ гуырæй бабыцæу ардыггаг голлагмæ, иннæ голлагмæ бабыцæу кодта рахиз къух, цæмæй ма рахъил уа æмæ йæ уæгъд къухæй рахæцыд бæхы идоныл. Бæх базмæлыд æмæ зулаив ракъахдзæф кодта. Ныр уæллаг голлаг хъен нал лæууыд, фæлæ саргъæй къулвахсы 'хсæн æрфæрсыл, рахъилæй тас ын нал уыд. Лæппу бæхы хъуыры бынты бауад иннæ фарсмæ, дыууæ къухæй ныххæцыд голлагыл æмæ риуыгуыдырæй анцад бæхыл. Бæх та зулаив иу къахдзæф акодта. Голлаг дæр фæбырыд, йæ тъупп фæцыд бæхы фарсыл. Лæппуйæн йæхи дæр нæ бауырныдта, ныр уæргътæ бæхы рагъыл кæй сты, æмæ ма иудзæвгар голлагыл фидар хæцыд йæ дыууæ къухæй. Фæлæ йæ æппынфæстаг куы бауырныдта, ныр йæ уæргътæ сæ бынатмæ сирвæзтысты æмæ сын хауынæй тас нал у, уый, уæд йæ риуыдзаг сулæфыд, суагъта голлаг. Фыр цинæй йæ цæстытæ донæй айдзаг

сты. Йæ къухтæ йæ фæрстыл æрхаудтой, афтæмæй бирæ, тынг бирæ фæкасти йæ уæргътæм æмæ дис кодта: абондæргъы адон сæппарынæн ницы фæрæзта? Йе уæнгты уыйбæрц хъару кæмæн ис, уымæн адон сæппарын цы у? Касти сæм æмæ сæм кæсынæй нал æфсæст. Ныр та йæ бауырныдта, æппæтхъом кæй у, цыфæнды зындзинæдты дæр исты амал кæй ссардзæн æмæ йæ сæрмæ худинаг кæй никуы æрхæсдзæн. Касти сæм, цин кодта йæ сæрæндзинадыл æмæ йæхимидæг фæлвæрдта, ахæм сгуыхтдзинад ма кæд чи сарæзта, уый æрхъуыды кæнынyл. Ничи. Нæдæр аргъæутты. Кæддæр Нарты Батрадзы размæ иу дзæкъул æрæппæрстæуыд, æмæ йæ зæххæй дæр нæ фæхицæн кодта. Уый та дыууæ стыр голладжы сæппæрста саргъмæ, бæхы рагъмæ!

Йæ къандзол уæлвæндаг баззад æмæ йæм тагъд-тагъд суад. Скодта йæ æмæ йæ алыварс йæ цæст сæрыстырæй ахаста. Мит, урс-урсид мит, хъæпæнтæй хуыссыд йæ алыварс, фæлæ йын æртхъирæнгæнæджы хуыз нал уыд: мит ссæст æмæ æдыхæй хуыссыд йæ къæхты бын. Лæппумæ афтæ фæкаст: ай мит нæу, фæлæ сырд, æнахъинон сырд, тыхджын сырд, мæнæ ам, ацы ран фæхъуырæй-хъуырмæ сты, тох сын бацайдагъ, æмæ йыл фæуæлахиз, ныххурх æй кодта. Ныр мардæй ныддæргъ йæ къæхты бын! Уыцы хъуыды базыртæ басагъта лæппуйыл. Йæ фæллад айсæфт. Цæрдæг ныггæпп кодта фæндагмæ æмæ бæхы рагъмæ йæхи сæхста.

– Гъæйтт кæн, Зыгъар, – цингæнгæ дзырдта бæхмæ, – стыр сихорафон сси, æмæ Дзаумæ дæр нæма ныххæццæ стæм. Мах та ма фæстæмæ дæр хъæуы здæхын.

Бæх та базмæлыд, æмæ араст сты сæ фæндагыл.

Хур бон уыд, митæмбæрзт зæхх тæмæнтæ калдта. Бæлæстæй æмæ адгуытæй хъулон-мулон митæмбæрзт зæхх стад лæппуйы цæуæн фæндагыл. Æмæ Мурæтмæ афтæ каст, цыма æцæгæйдæр стыр æнахъинон сырд амардта æмæ йын ныр йæ хъулон-мулон царм байтыгъта йæ цæуæн фæндагыл.

# АЛЕШЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ:

* * *

Алеш, ныр куыд дзурæм?.. Дзуринæгтæ – бирæ, фæлæ де ‘рвхуыз цæстыты æгуыппæг цымыдис куынæ уынон, дæ бæзджын æмæ уæззау хъæлæсы зæливæнтæ куынæ хъусон, уæд цы уыдзæн нæ ныхас?.. Æнад æхсыст донау. Æрхуым, æндæгъд цъуйы цупалау… Æниу дзы хуыздæр амал цы ис?..

*НАФИ*

* * *

…Йæ райгуырдæй Ирыстонæн 1951 азы рухæны мæйы 10-æм бон фарнæн æцæгæй ныззарыд йæ хъус. Уый æнæхъæн Ирыстонæн. Не Сфæлдисæг нын йæ парахат зæрдæйæ – цыма никуы æмæ ницы – балæвар кодта, йæ комулæфтæй æцæгæй кæй уæнгтæ батæлфыдысты, ахæм бæллиццаджы кæстæр. Сыгъдæг æмæ рæдау зæрдæйы хицау, Ирыстоны сæрвæлтау удуæлдай æмæ зонды цæстæй æппæт уынæг, аив дзырдыл тайæг æмæ руайæг, фæлгонцты дунемæ йæ бæллицты фæрныг хæтæнты цæуæг – нæ Фыдыбæстæ, нæ адæмы амондæн æппæтзонæг – Уæллаг ахæмæй сфæлдыста ирон лæг, фыссæг Гуыцмæзты Алешы.

…Диссаг куыд нæу, ныр цас рæстæг рацыд уыцы æлгъыстаг бонæй, фæлæ цыма Алеш нырмадæр удæгас у, растдæр зæгъгæйæ та, цæры немæ. Немæ цыма кусы, ныхас кæны, хъазы, худы, хъусæм æй æмæ нæ хъусы, раздæр куыд уыдыстæм, раст афтæ.

Алеш, зонæм æй, бирæ зынгæ адæмы зæрдæты цæры. Йæ ном сын удæгас у. Уæлæрвтæй нæ цард, нæ бон кæй фæрцы у, уыцы зæдты фарсмæцæрæг Къоста уымæн нæ бафсæрмы кæндзæн йæ фарсмæ æрбадынæй.

Æрмæстдæр ахæм фыссæгæн у йæ бон, цæмæй æнустæм цæра æмæ хæлар зæрдæйæ лæггад кæна, йæ уд не сфæлдисæджы барвæндæй цы адæмæн схæлар кодта, йæхи нывондæн цы адæмы сæрыл æрхаста, уыдонæн.

Нæ ирон адæм æмæ Ирыстонæн Алеш сæ кад бæрзонд кæй исдзæнис, уый дызæрдыггаг макуы макæмæн хъуамæ уа. Уымæн æмæ, Алешæн Хуыцау цы радта, уый æнæхъæнæй уыд уарзт. Уымæн та

абарæн ницæимæ ис. Секъа мæнгæй нæ загъта: «…адæймаджы цард уарзондзинадæй арæзт у», – уымæн та мæлæт нæй.

Уæдæ нæй мæлæт Алешæн.

…Не стырзæрдæйæ нæ фарсмæ чи фæлæууы, уыдон нæм хурæргомы рæстмæ нæ фæзынынц, стæй, æнæнхъæлæджы куы фæтары вæййынц, уæд нæ удты фыдæнæн фæвæййæм джитæнтыл:

*Сынты уæлхъус дын фæстаг хæрзбон зæгъон,*
*æмæ дæ мæхинымæры агурын цæстæнгасæй –*
*Алешимæ бацæуæм.*

*Сау дыл бакæнон,*
*æмæ дæ мæхинымæры агурын цæстæнгасæй –*
*Алешимæ сæ бакæнæм.*

*Сисæм дын дæ табæт бæрзонд,*
*æмæ дæ мæхинымæры агурын цæстæнгасæй –*
*Алешимæ йыл схæцæм.*

…Чиныгкæсæг æм бирæ, стæй ноджы стырдæр æмæ зынгæдæр аивадон фæллæйттæм æнхъæлмæ каст. Йæхи фæндтæ дæр тынг дардыл уыдысты, кæд, цалынмæ доны сæрты нæ агæпп кæнай, уæдмæ «опп» зæгъæн нæй, уæддæр. Фæлæ нæ фыдбоны сыхæгты, тугдзых, тугмондаг лæгмарты Хуыцау фесафа…

Лæджытугхортæ нæм тыхгæнæг куы ʻрбафсæрстой, уæдæй фæстæмæ Хуыцауы комулæфтæй хайджын фыссæг æрбадт, удæнцой нал зыдта. Йæхи раппар-баппар кодта йæ адæмы тыхстмæ кæсгæйæ. Фæндыдис æй, исты хуызы сæ фыдбылызæй куы фервæзын кодтаид. Æмæ тыхст. Оуу, куыд тыхст! Уæддæр-иу уыцы бæрзонд, бурдзалыг лæппулæг сæрæй къæхты бынмæ ныррызт фыр мæстæй: «Ехх, искуы ма фыссæн гæххæтмæ куы баирвæзин!» Фæлæ йæ уымæ нал æмæ нал хаста йæ зæрдæ. Æрбадтаид, нæ алыварс цы фыдтæ цыдысты, уыдон йæ аив дзырды фæрцы сныв кодтаид, уымæ йæ нæ хаста йæ зæрдæ. Æппынæдзух йæхи æппæрста хæцæг лæппутæм. Йæхиуыл ницæмæй ауæрста. Фæндыдис æй Ирыстоны сæрвæлтау йæ уд нывондæн æрхæссын.

Уый тыххæй фæсте никуы фæлæууыдаид. Æмæ нæдæр фæлæууыд.

Хуыцау ын Ирыстоны фарнæн радта цард, йæхæдæг та йæ Ирыстоны сæрвæлтау æрхаста нывондæн.

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*
*(скъуыддзаг монографи «Уды фарн»-æй)*

* * *

Кæд сарæхсдзыстæм, кæд базондзыстæм, кæд садæм уыдзыстæм æмæ кæд бамбардзыстæм: мæнæ ис нæ Хуыцауы æрвыст лæг, мæнæ – нæ мæлинаг уды рухс æмæ нæ удты æнæмæлгæ фарн, мæнæ – нæ кад æмæ нæ номгæнæг. Баузæлæм ыл, бахизæм æй нæ фыдæхæй, нæ куыдфæндыйы цæстæнгасæй, бахъахъхъæнæм æй æнафоны фыдбылызы мæлæтæй…

Ныр ма йын цы акæнон, ныр ма йын куыд акæнон, стæй йæ уæвгæдæр цы хуызы æмæ цы ‘фсонæй расайдтаис-ракодтаис цæхæрæй…

Уый дын йæ уды фарн, уый дын йæ фарны æфсарм уырдыгæй, Райгуырæн Къонайæ.

Ныр ма чи зæгъдзæн уый, уыцы дзырд, æрмæстдæр Курдиаты бæрны чи ис, уыцы Дзырд, чи, чи йæ зæгъдзæн йæ бæсты абоны тыххæй фидæнæн?!

Хуыздæртæ – амæттаг…

Æмæ ма нæ чи уыд, чи у дæуæй хуыздæр, кæй сæфт ма хъуамæ фена Ир, цæмæй йæм хуыздæрты аккаг хуыздæр зонд æрцæуа, уый тыххæй...

*ГУСАЛТЫ Барис*

* * *

Уыцы фыдбонæй, – Алешæн фыдызнаг йæ фætæн риу куы ныппырх кодта – иу-дыууæ къуыри раздæр уыдаид, Алеш, ацы фыдбон-дывыдоны, дам, лæг сæрра уыдзæн, – Æлборты Хадзы-Умаримæ нæ баййардта, цомут-ма, мах дæр, дам, уæлæ Присы бынмæ фæйнæ гæппæлы бакусæм, цастæ, дам дзы æрхæсдзыстæм, фæлæ, дам, ацы сыгъдуырыд дуджы хал халæн æххуыс у, стæй, дам, нæ иугъæдон зæрдæдзурæнтæй иучысыл феуæгъд уæм, – уый йæхæдæг цасдæры аргъ уаид…

Уыцы къулаив ран иу дæргъæццон гæппæл равзæрстам, нæхиуыл æй æмхуызон адихтæ кодтам æмæ бавнæлдтам къахынмæ. Бынæй, рæбыны, – Хадзы-Умар, æз – астæуæй, уæллаг кæрон та – Алеш. Иу

сахаты ӕрдӕджы бӕрц акуыстаиккам, афтӕ дӕлейӕ гуырдзиӕгты хӕдӕхстӕ дӕр скуыстой: нӕмгуытӕ нӕ сӕрты ӕхситгӕнгӕ тӕхынц, нӕ цуры хус зӕххы рыг скалынц. Ацы Алеш сӕм йӕхӕдӕг раст мысанмӕ ӕвӕрдау, ноджы йӕ фӕтӕн риуыл фӕйнӕрдӕм ахӕстытӕ кодта, афтӕмӕй мыл йӕ даргъ цӕнгтӕ тилы: «Дедтӕ жыхъмӕ уӕддӕр ныххиз, дӕ хӕжар фехӕла, дӕхи шӕуыл сафыс?!»

Цыма йӕхӕдӕг Хъарсы фидары бадт! Цыма йӕхиуыл Цереччы згъӕр уыд!..

Ехх, Алеш, Алеш, дӕ раттӕг сыгъзӕрин феста, дӕ марджыты сфӕлдисӕг та дӕлӕмӕ ӕрхауа!..

…Цы бон ма нӕ уыд – нӕ кусӕнгӕрзтӕ аппӕрстам ӕмӕ бӕрзондфӕцӕуӕг гӕды бӕлӕсты ауон ӕрбадтыстӕм.

– Цӕй, куыд кӕнӕм, лӕппутӕ? – мӕсты, фӕлӕ хиуылхӕцгӕйӕ бафарста Хадзы-Умар, – мах ацы куыйтӕ кусын нал бауадздзысты, куы ацӕуӕм, уӕд та зӕгъдзысты, фӕтарстысты нӕ ӕмӕ фӕлидзынц, стӕй…

Ам йӕ ныхас кӕронмӕ нал акодта, фӕлӕ йӕ мах бамбӕрстам: ома дӕ мард лидзгӕ-лидзын мардыл нымад ӕрцӕуыны бӕсты фӕлтау…

– У-у-у, уӕдӕ афтӕ къуырмайы бадт кӕнӕм? – стъыфылтӕ калдта Алеш.

– Къуырмайы бадт цӕмӕн, сӕ фыдӕнӕн нӕ сихор фӕраздӕр кӕндзыстӕм, – йӕ рихийы бын тыххудт бакодта Хадзы-Умар ӕмӕ, райсомӕй бӕласы къалиуыл кӕй ацауыгъта, уыцы хызын райста. Алеш та йӕ арахъхъы гарз систа, Фатимӕйы (сӕ хистӕр хо) уагъд, дам, у… Хаджи дыууӕ куывды дӕр нӕма ракодта, афтӕ бӕласыл ракетӕ сӕмбӕлд ӕмӕ йӕ фӕйнӕрдӕм фӕхаста. Иу стыр цонг та дзы нӕ уӕлӕ ӕрхауд. Бамбӕрстам ӕй, ӕвыдӕй нӕ кӕй нӕ ныууадздзысты… Згъудеры уӕлмӕрды уӕллаг кӕрон горӕты ‘рдӕм куы ауырдыг кодтам, уӕд Алеш ӕрлӕууыд. Уыцы мӕстыйӕ афтӕ бакодта:

– Нӕ хистӕр ӕмсисонты зӕрдӕхудты уӕддӕр ма бацӕуӕм, рухс сын зӕгъӕм…

Ацу ӕмӕ исты зӕгъ ахӕм фӕндоны ныхмӕ! Ӕмӕ сыл азылдыстӕм. Ӕцӕг, раздӕр ӕртындӕс коммунары ингӕнмӕ бацыдыстӕм, стӕй – Гафезы, Бестауты Гиуӕргийы, Дзугаты Георгийы ӕмӕ афтӕ дарддӕр… Уыцы судзгӕ ӕнтӕфы – хъарм арахъхъ, уымӕйдӕр – лӕугӕйӕ, ӕнӕ ацаходгӕйӕ… Ӕмӕ уыдонӕн нӕ зонын, фӕлӕ ӕз ӕвӕлтӕрдӕй

тынг фæрыстæн. Дыккаг бон мæ Козиан – сывæллæтты мад – куыстмæ цæуынæй дæр иргъæвта, фæлæ уæддæр ацыдтæн.

Райсомæй-иу, куыстмæ æрбацæугæйæ, Алеш фыццаг хъуамæ бахæцыдаид мæ дуарыл, æз та-иу хъуамæ мæ дуары рæзты араст уыдаин къæлидоры кæронмæ Алешы уал абæрæг кæнынмæ. Уыцы райсом Алеш æмæ Хадзы-Умарæй куысты никæй байяфтон. Иуафон рудзынгæй кæсын, æмæ далæ Алеш æрбацæуы йæ парахат цыдæй, йе стыр цæнгтæ тилгæ æмæ йæ фæтæн риу ныффæйнæрдæм кæнгæйæ. Бадын æмæ æнхъæлмæ кæсын. Нæдæр мын мæ дуарыл исчи æрбахæцыд, нæдæр къæлидоры къæхты хъæр хъуысы. Зæгъын, уæдæ æндæр кæдæм хъуамæ цыдаид – уынгмæ æрхызтæн. Кæсын, æмæ Алеш редакцийы раз Козианимæ ныхæстæ кæны (уый дæр театрмæ куыстмæ фæцæйцыд). Сæ цуры æрлæууыдтæн, фæлæ мæ уыдон нæма уыдтой.

– Алеш, омæ цавæр уыд, цавæр, уæхи афтæ хъуамæ фæриссын кодтаиккат?.. – мæ хъустыл ауад Козианы ныхас.

Алеш Козианæн стыр аргъ кодта, искуы нæм йæ кой æрхауд, зæгъгæ, уæд ын йæ ном дæр нæ загътаид, чындз æй хуыдта фыр буцæн. Стæй йæм ахæм миниуæг уыдис: куы-иу фефсæрмы, уæд-иу йæхи йæ кæсæнцæстытæ сæрфæг скодта – тыххæссæджы раз цæнгæтфидар уыд, сылыстæджы æфсæрм æмæ аргъуыцæй та сæгъы сыкъайы алæстаид. Ныр дæр уыцы дынджыртæ лæг бампылд, йæ сæр бынмæ æруагъта æмæ, йæ ахуыр куыд уыд, афтæ йæ кæсæнцæстыты бæзджын æвгтæ къухсæрфæнæй сæрфгæ æнæхин сабийау уыцы нымд хъæлæсæй афтæ бакодта:

- Маринæ, æмæ ды гъеныр хыл кæнынмæ æрбацыдтæ?..

Ехх, Алеш, ох, Алеш! Сыгъзæрин цырæгътæй дæм фæкуывдæуæд!..

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

* * *

*Алеш дæр ацыд. Аззадыстæм сагъдæй,*
*зæрдæпырхæй, æмырдзыхæй, æндзыгæй.*
*Уый фервæзтис йæ мæлæтæй, йæ цардæй,*
*йæ хæлæрттæй, йæ идæдзы цæссыгтæй,*
*йæ сидзæртæй, йæ сау къонайæ, й‘ артæй,*
*нæ мæнгтæ æмæ не ‘цæгтæй, нæ фынгæй...*
*Кæсы нæм ныр æрвдалынгæй цъæх зынгæй*

*æмæ уыны нæ сымсым-бырсым дардæй.*
*Цæсткæсæнтæ йæ нал хъæуы: зыны йæм*
*нæ алы нуар дæр, чи цы у, уый зоны,*
*уый зæдты фарсмæ баддзæнис тæрхоны –*
*ыстæм йæ быны растæй уа, зылынæй.*
*...Æмæ кæлы æргом-сусæг мæ цæссыг...*
*Æмæ мæ ‘взоны, мары мæ къæмдзæстыг.*

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

* * *

*Иу хатт ма равдис дæ цæсгом,*
*цæмæн æй ымбæрзтай*
*æрвонцъæх зæлдагæй, –*
*Дунемæ куы кастæ*
*æдзухдæр*
*æргомæй, æдасæй, уæндагæй...*
*Фæлæ ныппырх дæ цæсгом...*
*Куыд егъау уыд уыцы фыднæмыг-фыдæх,*
*Куыд дзы нынкъуыст хуссар, цæгатæй*
*Ирыстоны зæхх!*

ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат

* * *

*Ос-Бæгъатыры фыртты сахъдæр,*
*Бустæ, уайдзæфтæ нæ зыдтай.*
*«Мемæ цомут» дæр нæ загътай,*
*Афтæмæй хæстмæ фæцыдтæ.*

*Зæрдæ судзгæ маст æууилы –*
*Мах дæуау нæ зыдтам уарзын.*
*Ды цы ныфс хастай дæ риуы,*
*Уый нæ цауд удты нæ разынд.*

*Махмæ ‘мгары намыс бастъæлд*
*Ацы стырзæрдæ фыдцарды, –*
*Иу нæ не ‘рлæууыд дæ фарсмæ*
*Æмæ ныр кæуæм дæ мардыл.*

*Рухс ирон дзырды мæлæтыл*
*Хауы н‘ арвы риу фæрчытæ,*
*Калынц сау цæссыг дæ цæфтыл*
*Иры сау хъарæггæнджытæ.*

*Ехх, дæ бон бакæла, уастæн,*
*Хæсты кæд хæцæн нæй иуæй!*
*Ау, куы йæ зыдтай, Ирыстон*
*Цъус уæрæхдæр у дæ риуæй.*

ХОСТЫХЪОТЫ *Зинæ*

* * *

*Дæ ингæны къуыбар сыджыт ыссадау*
*Мæ уырзты сасирæй нызгъæлы.*
*Нæ кæуын æз. Нæ мæ уырны дæ ацыд,*
*Нæ йæ хатын,*
*Мæ мидвыны дæн, хъалы.*

*Къуырма фыдох... Мæ рыст мæ хъуыры смал и,*
*Ирон дзыллæ дæ цырты раз ныззоныг:*
*– Ау, уый та куыд, æмæ Алеко нал и? –*
*Дæ хæлæртты кæны дæ цæссыг дойны.*
*Нынкъуысы зæхх. Æхст бацайдагъ и ногæй.*
*Æдзæм æмбу кæны нæ чысыл горæт,*
*Нæй удæнцой. Æмæ кæны уæнгрогæй*
*Мæлæты къух нæ хуыздæртæй йæ тона.*

2

*Æз дæумæ дзурын барджынæй:*
*– Ау, мæлæтмæ æвдæлон*
*Ды куыд разындтæ, м‘ ахсджиаг,*
*Æви хур дæр фæдæлдон!*

*Ныр дæ ингæныл бонæрдæм,*
*Бонвæдис цъиу ныууасы,*
*Ды мæ разæй фæдæ, æмæ...*
*Дæн къæмдзæстыг дæ разы.*

*Иры урс хæхтыл залиаг*
*Комæй коммæ фæлæсы,*
*Мах кæд зыдтам, мæ зæрдиаг,*
*Уый фыдмитыл æввæрсын!*

*3*

*Рацу, раст-ма дæ ингæнæй,*
*О мæ сагсур æфсымæр!*
*Ау, ныууадзай мæн иунæгæй,*
*Уый куыд хæссыс дæ сæрмæ?..*

*Ды æрвылбон дæр тохы дæ,*
*Уа нæ ныфс йе нæ рысты, –*
*Тагъд ирон лæджы хотыхтæ*
*Уый æргомæй зæгъдзысты.*

*Фæлæ, чи зоны, мадзура*
*Ирыл хур дæр ыскæса,*
*Уæд цы зæрдæйæ бадзурон*
*Æз дæ ингæны къæсмæ!*

*ХАДЖЕТЫ Таймураз*

# ЦАРДÆЙ ИСТ ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

✓ Уарзондзинад цыфæнды уаргъ дæр рогдæр кæны.

✓ Магуса æмæ æввонгхорæн йæ фæстаг хуыснæгдзинадмæ æрцæуы.

✓ Фæсаууонæй дзурын – дзæнгæда, æргомæй та – цæттæ хъуыддаг.

✓ Хорз лæджы цъыфы стулынæн æрмæстдæр мæнгарддзинад хъæуы.

✓ Дæснырдзинад равдисын хорз у, æрмæст æй æрвонгæй æвдис.

✓ Ус æмæ лæг – фæрæты хъæдæй барст.

✓ Кæмæндæр йæ бæхыл йæ бон нæ цыдис æмæ йæ саргъы надта.

✓ Лæппуйы фыдуынд æмæ чызджы рæсугъд – æмкъæйттæ.

✓ Фыдсыл фыны хæйрæджытимæ симы.

✓ Фыдсылæн йæ лæг – дæлфæдты къуыдыр.

✓ Фыдсылы хуымгæнд – дæлзæххы.

✓ Фыдсылæн топпы гæрах – фæдæгъды тъупп.

✓ Фыдсыл æнгом æфсымæртæй фыдызнæгтæ саразд зæн.

✓ Сæ чындз арвæй æрхауæггаг кæй у, зæххон хъуыддæгтæм уымæн нæ арæхсы.

✓ Мæлдзыгыл базыртæ куы базайы, йæ сæфт дæр уæд æрцæуы.

✓ Калм битъынайæ тарст – уый та йæ хуынчъы был æрзад.

✓ Лæг ма иу афæдз калм йæ роны дæр бадары.

✓ Дæ сынтæг цæйбæрц у, дæ къæхтæ дæр уый бæрц адаргъ кæн.

✓ Тагъд дон фурды не 'ййафы.

✓ Бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы.

✓ Дæ мады мард, йæ мад кæмæн амард, уымæн радзур.

# БЫЗЫККАТЫ ЗЕМФИРÆ: 75 АЗЫ



**(1951)**

*Мæ райгуырæн сой-зæхх – ирон фæндырдзагъд,*
*Нæ нæртон хистæртæ, алайнаг хæдзар!*
*Æртæкъахыг фынгыл – цæхх æмæ кæрдзын –*
*Цы ма ис рæсугъддæр аланты зæххыл!*

*БЫЗЫККАТЫ Земфирæ*

# ФЫДÆЛТЫ ФАРН – НÆ ТЫХ ÆМÆ НÆ ХЪАРУ!

## НÆРТОН ХЪÆБУЛ

Сызгъæрин фест, бæркадхæссæг фæззæг!
Æз дæу æппындæр ницæимæ барын...
Ды Ирæн радтай зæды хуызæн лæг,
Нæртон хъæбул – ирон гени – Къостайы!

Æрттив, стъалы! Зонды суадон, Уаз!
Нæ хорз хъуыддæгты уæд æдзух дæ сагъæс.
Нæртон хъуыддæгты, рухс фæндты ахъаз,
Къостайы фарн тъымы-тъыматæм ахæсс!

## ÆЗ УАРЗГÆ КÆНЫН

Ды мæм фынты цыдтæ,
Фæлæ ‘рæгмæ...
Æз дæу æнхъæл
Куынæ уыдтæн ‘цæгдæр...

Æз мæ сæнттæ
Бонтæй ымадтон,
Æз дæ цурмæ
Мæ базыртæ цагътон...
Зæгъын, тагъддæр
Куы бахæццæ уон,
Уæд ын хойау
Ныхъхъæбыс кæнон.

Диссаг! Диссаг!..
Цæуыл цин кæнын?!
Уарзгæ! Уарзгæ!..
Æз уарзгæ кæнын!

## ИРОН ЗАРÆГ

Сызгъæрин чиныг сараздзынæн æз,
Уыдзæн йæ мидæг адæмон зарджытæ.
Сызгъæрин цъары батухдзынæн уым
Ирон зарæг кæркæ-мæркæ фыстытæй...

Ирон зарæг – ирон адæмы цыт.
Фыдæлты фарн – нæ тых æмæ нæ хъару!
Уадз, аххæссæд тъымы-тъыматæм фыст,
Зæрин хурæн йæ цыллæ тынтæй арæзт.

Уадз скифты фæдон базона, циу цард,
Уадз скува-иу сыгъдæг ирон æвзагæй,
Ирон лæджы ном кадимæ хæсса, –
Цæрдзæни уæд ирон фарнимæ зарæг!

Нæ сылгоймæгты цардамонд уыдзæн,
Æгъдау ‘мæ фарн нæ фæлтæртæн рæсугъдæй, –
Бæгæныхуыз фæлмæн тавицæй, уадз,
Сæ хъæбулты рæвдауой рухс цæстытæй.

Сызгъæрин чиныг сараздзынæн æз,
Уыдзæн йæ хуылфы адæмон зарджытæ,
Сызгъæрин цъары батухдзынæн уым
Ирон зарæг – ирон дамгъæфыстытæй!

## МÆ ФЫДЫ УÆЛМÆРД

Тæргайхуыз уæлмæрд, ды лæууыс æнкъардæй,
Чъылдымыздæхт нæ хъæу Елхоты ‘рдæм...
Цы дын зæгъон? Æрцыдтæн та сахарæй,
Кæуинаг æмæ додойаг – мæ сæр...
Мæ кадджын фыд, ам уæлмæрды ныгæд дæ...
Рынчынтæгæнаг рахастай æрдзæй.
Фæлæ дæхи, дæ цæсгомы рæстдзинад
Нæ ивтай никуы мæнгудты хуызæн.

У цард къæлæт, ыскаст æмæ ныккаст у,
Йæ райгуырд æмæ амæлæт лæгæн.
Фæлæ уæддæр. Ныййарæг фыд, дæ мæлæт
Хъæбулы зæрды никуы 'рцæуы, нæ...
Цæрæнбонтæм мæ удрæбын – дæ фæлгонц,
Цæрдудæгас цыма у уый ныр дæр.
Дæ буц ном æмæ кадæн æз куы хæссын
Тырысайау дæ фарны ном бæрзонд.
Фæллойуарзаг, уæнгдыхæй цыдтæ ал' хатт,
Фыр буцæй схастай аст ирон чызджы.
Дыргъдон скодтай райдзаст стыр хæдзарæн,
Фæлæ дын дзы нæ бантысти цæрын.
Дæ ном рох нæу... Дæ намыс 'мæ фæллойæ
Скодтай ном æгас мыггагæн – Лæг!
Дæ хъæбултæ бæрзонд хæссынц сæ сæртæ,
Сæ фыды номæн кадылхæст – æппæт.
Цæрдзæн дæ мæсыг уарзон хъæу Елхоты...
Кæйфæнды бафæрс хъæубæсты æхсæн,
«Бызыккаты Ладо!.. Уæллæй, лæг уыди!..» –
Ныр дæр уый хъæуы чифæнды зæгъдзæн.

## ИРОН СЫЛГОЙМАГ УДÆЙ АРТ ЦÆГЪДЫ

Цæгъдын фæндырæй, м' алыварс æркафынц,
Æз дæр фыр цинæй хъæлдзæг дæн, бæгуы.
Фæндыр – мæ къухты, афтæмæй куы сзарын,
Уæд лæг зæгъдзæн: æхсины цард кæны!..
Кæны «æрц-тох» хæрзконд лæппу мæ разы,
Хæрдмæ ивазы къахкъухтыл йæхи.

Йæ быны зæхх фыр диссагæй ныссабыр,
Æз та мæ фæндыр бацырен кæнын.
О уарзон адæм! Амдзæгъд кæнут, амдзæгъд!
Ирон сылгоймаг удæй арт цæгъды,
Цæмæй нæ дзыллæ баулæфа хъæзты,
Рæстæгмæ та дзы ферох уа йæ зын.

Цæмæй æхцон тых ахъара йæ уæнгты,
Зæллангæй хъуыса хъæлдзæг къæрццæмдзæгъд,
Цæмæй æнустæм ахæццæ уа кадыл
Ирондзинад, ирон фæндыры цагъд!

## БАЙРАЙ, АХУЫРЫ АЗ!

Байрай, ахуыры аз, байрай!
Саби цырддзастæй кæсы.
Мады арфæйаг фæдзæхстæй
Уый йæ сæр бæрзонд хæссы:

– Абон æз нырма чысыл дæн,
Фидæны кæсут мæнмæ, –
Рауайдзæн мæнæй ыстыр лæг
Уарзон Райгуырæн бæстæн!

Райсдзынæн мæ къухмæ чиныг,
Æмæ ахуыры фæрцы
Рауайдзæн мæнæй æцæг лæг,
Стыр амонд мæнмæ кæсы...

Райдзаст скъолайы къæсæрыл
Мад хъæбулимæ лæууы.
Байрæза рæсугъд зæрдæйæ, –
Буц ныййарæджы фæнды.

Байрай, ахуыры аз! Байрай!
Саби ирддзастæй кæсы.
Мады зæрдиаг фæдзæхстæй
Уый йæ сæр бæрзонд хæссы.

*ХУЫБИАТЫ Зауыр*

# МÆ ЗÆРДÆЙЫ ХÆЗНАЙАУ ДÆ ÆВÆРД

* * *

Ирыстон, æнусмæ уæлахиз – дæ ном,
Ирон лæг, уæлахиз – дæ уæнгтæн сæ хъару.
Ыстæм мах фæйнæгфарс аланты фæдон,
Сæрибар – нæ хъысмæт. Нæ фидæн нæ бар у.

 Æрхæссæм Олимпæй Ирыстонмæ арт, –
Уадз кала тæмæнтæ нæ Зилахар фæзы.
Æвзарой сæ хъару ам ерысты нарт, –
Сослантæ, Батрадзтæ нæ зæххыл куы рæзы.

О Уастырджи! Иры фæсивæд – дæ бар.
Куы-иу цæуой Ирмæ тыхæвзарæн балцы, –
Уæлахизмæ фæндаг нын райдзастæй дар,
Хæсс-иу нæ æртæкъахыг бæхыл.

Цæй, сисæм бæрзонд ирон лæджы кад,
Ирон тырыса мах Олимпмæ схæссæм.
Уадз фæйлауа бæрзонд,
Уадз фæйлауа бæрзонд.

Нæ бæркад, нæ фарн æмæ тых –
Сæнтурс у, зæрин æмæ сырх.
Цæй, сисæм бæрзонд мах Ирыстоны кад, –
Фыдæлты гæнах у нæ ныййарæг мад.

## ГОРМОН, КÆМ УЫДТÆ?

Мæ райгуырæн зæхх, мæ фыдыбæстæ,
Æрыздæхтæн дæм æз балцы фæстæ.
Кæмдæр фæнадтон кæйдæр фæндæгтæ,
Æз рафтыдтон уым мæ урс дæндæгтæ.

Лæг кæм фæкуыста, лæг кæм фæцарди,
Терчы уынæр-иу мæ хъустыл уади.
Æхсæвыгон-иу мæ рæсугъд фынты
Фæтезгъо кодтон нæ хъæуы уынгты.

Иры фæрнджын зæхх, мæ фыдыбæстæ,
Кæм ыссарон æз дæу фаг ныхæстæ?
Куыд барæвдауон æз алкæй зæрдæ
Мæ хорз æмбæлттæй, мæ хорз æмгæрттæй?

Цы ныхас зæгъон хистæр фæлтæртæн,
Нырмæ кæм уыдтæн, куыд ‘рæгмæ здæхтæн.
Куыд ысраст кæнон мæхи сæ разы, –
Гормон, кæм уыдтæ ныр гъеуал азы?

* * *

Фехъал дæн æмбисæхсæв мæ уаты.
Дысон фыны федтон æз мæ мады.
Æз лыгътæн цъæх быдыры йæ размæ,
Фæлæ мæм уый не ‘рлæууыд ныхасмæ.

Раст цыма уыдтон æз фыны аргъау:
Кодта уый ленк зæххы сæрмæ маргъау.
Урс бæлонау уый уæларвмæ атахт
Æмæ мигъау арвы цъæхы атад.

Къуымты ма йæ агуырдтон æз сонтæй.
Уды рыст мæ нал бафарста зондæй.
Адæргæй ма архайдтон фынæйыл,
Иу хатт ма кæд федтаин нанайы.

Фидæн нæй ныййарæджы лæггадæн, –
Ма бафхæр йæ буц зæрдæ дæ мадæн.
Авæр ын дæ хъарм къухтæ йæ рустыл,
Бахуд-иу йæ тæргæйттæ, йæ буцтыл.

Бахиз ын йæ фæлмæн зæрдæ мастæй,
Уый фæллад у царды уæззау азтæй.
Хаста дын йæ хъæбысы гагатæ,
Кодта дын гæботæ æмæ батæ.

* * *

Мæ фыд, мæ фыд! Дæ фырт та дæ куы мысы,
Мæ цæугæ хох, мæ мыггаджы мæсыг.
Мæ дадзинты мæ туг фыр цинæй сысы,
Æмæ мæ бæх цыппæрвадæй хæссы.

Йæ цæфхæдтæй куы акалы цæхæртæ,
Фæйлауы йын хæххон дымгæ йæ барц.
Ысуынгæг ис фыр буцæй риуы зæрдæ,
Куы бадын æз мæ бабайы фæсарц.

Мæ фыд, мæ фыд! Куы та дæ федтон фыны, –
Фæрсæй-фæрстæм мах карстам нумæ хос.
Гыццыл фалдæр та тулдз бæласы быны
Æррибæд кодтой ауоны нæ фос.

Фæхастай-иу дæ тыхджын цæнгтæ дардыл,
Фæцыдис-иу дæ цæвæджы æхситт.
Дæ хъуыдытæ-иу ахастай дæ цардыл,
Дæ дысæй-иу ды асæрфтай дæ хид.

Мæ фыд, мæ фыд! Æз дард балцæй æрцыдтæн,
Хатыр, кæд дæ фырты рæвдыдæй цух.
Йæ рыгтæ дын ныссæрфтон æз дæ дурæн,
Дæ ингæныл дын авæрдтон мæ къух.

Æнкъардæй мæм куы кæсыс ды дæ цыртæй,
Цыма цæуылдæр дæ мæнмæ тæргай.
Мыййаг, кæд разы ды нæ дæ дæ фыртæй,
Уæддæр дæ фыртæн ды нæ дæ уæлдай.

* * *

Зæрдæйы низ Хуыцауæй дæтгæ нæу,
Уый уарзæттæн дæлимонты лæвар у.
Цы бон федтон æз хъазты астæу дæу,
Уæдæй нырмæ мæ уды рыст дæ бар у.

Дæ нарæг астæу – сау ронæй æлвæст,
Дæ фæтæн риуыл – урс æвзист бæрцытæ.
Куы дыл ‘рæвæрдтой чызджытæ сæ цæст, –
Нæ сабыр хъæумæ, цæй, кæцæй æрцыдтæ?

Куы банцади мæ зæрдæйæн йæ цавд,
Дæ къахкъухтыл куы рахызтæ ды хъазтмæ.
Æз нал хъуыстон уæд фæндырæн йæ цагъд,
Æз бакуырм дæн дæ сау цæстыты кастмæ.

Цы фæдæ ныр? Æвзахс дæ æви дард?
Ныр не ‘хсæн ис сæдæтæ æмæ минтæ.
Æнæ дæу аззад афтидæй мæ цард,
Ыскодтай мыл кæлæнтæ æмæ хинтæ.

Тæхудиаг, дæу чи хоны йæхи,
Кæмæн кæныс ды уарзоны ныхæстæ.
Зæххы кæронмæ демæ æз тæхин,
Æрмахуыр бæлон, лидзин æз дæ фæстæ.

Уыдтæ мын ды дæлимонтæй лæвæрд.
Цæуылдæр мæм фæхæрам сты зæдтæ.
Мæ зæрдæйы хæзнайау дæ æвæрд.
Æз ногуард миты агурын дæ фæдтæ.

* * *

Мæгуыры нæ уарзы Хуыцау дæр,
Нæ тавы мæгуыр лæджы хур.
Йæ цард уымæн – халонæй саудæр,
Мæгуырыл хæрдмæ тулы дур.

Мæгуырæн йæ цин дæр – кæуинаг,
Йæ цæстытæй акæлы туг:
Йæ чызг куы уа моймæ цæуинаг,
Уæд аргæвда хъуамæ йæ хъуг.

Йæ мæллæг хъуг – бинонты дарæг.
Куы бацæуы сагъæсы лæг,
Мæгуырæн йæ зарæг дæр – хъарæг, –
Цæмæй кæна зæрдæ хъæлдзæг.

Дзæрнайæ йæ сабиты хаста,
Сæ хуыздæр хæринаг – къæдор.
Фæззыгон-иу къусгай фæбарста
Йæ зымæджы бонтыл йæ хор.

Йæхиуыл фæкæуы мæгуыр лæг,
Зиан ыл куы æрцæуы, уæд…
Йæ цардæй йæ зæрдæ ысуынгæг, –
Уыдис ма йæм иунæг рæуæд…

Нæ цæуы мæрддзыгой мæгуырмæ,
Йæ сабæттаг не ‘мбæрзы хардз.
Йæ кауыл рæуæды царм хурмæ
Йæ цотæн – æрчъиты æрмадз.

Йæ зæхбын хæдзары ныр бады,
Мæгуыр лæг – æгомыг, æдых.
У кадджындæр абоны царды
Зæхкусæгæй махмæ къæрных.

## ЗАРÆГ ИРЫСТОНЫЛ

О Стыр Хуыцау! Фыдбылызæй нæ бахиз,
Дыууæ Ирæн куы у сæ зæрдæ иу.
Мæ галиу цонг фæцæф уа æви рахиз,
Æмхуызон риссы алкæмæй дæр риу.

Нæ кæстæрты нын ма бауадз æфхæрын
Æмæ нын макуы фенын кæн сæ зын.
Нæ къухты бын сæ базыртау æмбæхсæм,
Къуырттон каркау сæ комдзæгтæй хæссæм.

Базард:
Нæ лæппутæ, нæ хъæбултæ,
Нæ цæргæстæ, нæ цъиусуртæ,
Бæрзонд хæссут уæ фыдæлтæн сæ кад.
Нæ чызджытæ, нæ бындартæ,
Нæ уалдзыгон дзывылдартæ,
Ирыстон у уæ ныййарæг, уæ мад.

О, курæм дæ, бæрзонд бадæг Чырысти,
О, ма æруадз нæ кæстæртыл фыдæх.
Ирыстонæн йæ зæрдæ фаг фæрысти,
Уадз дидинæг ныр рафтауа йæ зæхх.

О Уастырджи! Ды ахæм арфæ ракæн,
Нæ лæппутæн ратт намыс æмæ кад.
Кæстæртæн нын куыд фæбæззой мыггагæн,
Ирыстонæн куыд бакæной лæггад.

Базард:

Бæрзы талатау айрæзæнт чызджытæ,
Æгас дунейыл айхъуысæд сæ кой.
Æнæвгъауæй Ирыстоны сыджытæй
Уадз ахъара сæ рæзгæ удты сой.

Сылгоймаджы фарн анхъæвзæд нæ кæмттæй,
Суадæттау сыгъдæг куыд уа сæ цард.
Нæ карз сомыты дæр-иу сын сæ нæмттæй
Куы никуы тæрсæм бахæрын мах ард.

Базард:

*МАМИАТЫ Таймураз,*
*журнал «Мах дуг»-ы дунеон премийы лауреат*

# ЦАРДДÆТТÆГ ФÆНДАГ

*Уац*

Хорз æй хъуыды кæнын, хохы, Фалагкомы ма куы цардыстæм, уæдиу нæ комы дон, Захъхъадонимæ кæм баиу вæййы, уым уалдзыгон донивылды рæстæг куыд сабухта, æмæ дзы цы æнæбары фæндæгтæ уыд, уыдон куыд цалцæг кодтам, донивылдимæ тохы-иу куыд цыдыстæм. Комбæсты адæм-иу æмхуызонæй рацыдысты зиу-бегарамæ. Чи цъыхырытæ цагъта хъæды, чи та сæ донауазæны размæ ласта. Ам иутæ кæрæдзийы мидæг тъыстой къалиутæ, иннæтæ дуртæ хастой æмæ сæ уыцы цъыхырытыл калдтой. Афтæ адæм ивылд донæн гæрæнтæ æвæрдтой. Æмзонд архайды руаджы-иу сæ хъуыддаг фæрæстмæ, фæлæ-иу афтæ дæр рауад, æмæ донауæзт фаг фидар нæ разынд. Уæдиу знæт дон, æххормаг бирæгъ уæрыччы куыд аныхъуыра, афтæ фæндаджы кæцыдæр хай аныхъуырдта. Нæ фыдæбон фæдзæгъæлы ис, зæгъгæ та-иу адæм хъынцъымгæнгæ апырх сты…

Алагирæй Зæрæмæгмæ, уырдыгæй Нармæ æмæ Ручъы тъунелмæ æмæ дарддæр нымад у Трансками фæндагыл. Ацы фæндаджы иу хай – Буронæй Зæрæмæгмæ – хуынд Къасарагом. Тъунел ныр рафæтæн æмæ фæбæрзонд кодтой, раздæр та уыд иу бæхуæрдоны фаг, дыууæ уæрдоны дзы ныхæй-ныхмæ нæ рацыдаиккой, ахæм нарæг, зынвадат фæндаг. Мæ фыд Мамиаты Алыксандр куыд дзырдта, афтæмæй арæзт æрцыд 1913 азы, йæхæдæг дæр йæ аразджытæй иу уыд. Хуымæтæг кусæнгæрзтæй, бирæ тухитæ бавзаргæйæ йæ фæарæзтой хохæгтæ.

Уый размæ фæндаг цыд тъунелæн йе ʻддаг фæрсты. Абон дæр зæронд фæндаджы фæд бæрæг дары къæдзæхы былтыл. Ахæм нарæг, дам, уыд, æмæ дзы уæрдоны цалх тæккæ былтыл тылди, уæлдайдæр, зæгъгæ, йæ фаллаг кæрон. Хистæртæ дзырдтой, Зæрæмæгæй кæйдæр галуæрдонæн йæ хоры голладжы кæрон къæдзæхы тигъыл кæй фæхæцыд, уыйадыл уæрдоны цалх фæбырыд, æмæ лæг æд галтæ доны амæттаг баци.

Зæрæмæгæй Нармæ, уырдыгæй Захъхъамæ фæндаг цыди доны былтыл. Уæрдон дзы тылд æрмæст ранæй-рæтты, кæрæй-кæронмæ – никуы. Туалгомы уыгæрдæнтæ æмæ бæрзонд сæрвæттæ-фосхизæнтæ

бирæ уыд. Фæсхæст бирæтæ фæлыгъдысты хуыздæр цардагур быдырмæ, æмæ сæ ничиуал пайда кодта. Советон дуджы колхозтæ æмæ совхозтæ фысвосы дзугтæ дæсгай минтæ куы дардтой, уæд сын сæ фылдæр хай тардтой Туалгоммæ, бæлвырддæрæй та Захъхъагом, Джинат, Лиа (Гуыркъуымты ком), Зруггом, Мамысонгоммæ. Махмæ (Дзæуыгтæм – хæдзары номæй) Фаллагкомы-иу æрбынат кодтой Ногиры колхозы фыййæуттæ, фосы дохтыртæ æд дзугтæ бæхы бричкæтыл.

50 адæймагæй фылдæрæн къæбæр хæрын куыд нæ хъуыд. Цæттæ дзул Ногирæй нæ фæласдзынæ, фæлæ-иу сæм уыд хæринаггæнæг-дзулфыцæг. Бызыккон æй хуыдтой, æмæ-иу рæстæгæй-рæстæгмæ пецыл пумпуси хæрзад дзул фыхта. Адæймаг æй хæрынæй не 'фсæст.

Колхозы шофыртæ тынг зивæггæнгæ цыдысты хæххон æнæзылд фæндæгтыл, уæлдайдæр, доны сæрты хидтæ кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ. Цал æмæ цал уæзласæн машинæйы баззад Захъхъадоны бæстастæу, æмæ та-иу уæд хæстæгдæр хъæумæ галтæ кæнæ бæхтæ курæг фæцу. Фыййæуттæн цы хæринаг ластой, уый та махæй Захъхъамæ 12-15 километры бæрц хастой уаргъæй бæхтыл, уæрдонвæндаг сæм кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ. Бирæ фыдæбон, фæлæ иууылдæр сæ куыст кодтой…

Фосы фермæйæн бирæ азты разамынд фæлæвæрдта Джыккайты Дзына. Диссаджы зæрдæхæлар, цæстуарзон адæймаг. Кусæджы тынг æмбæрста æмæ йын аргъ кæнын зыдта. Мамиаты сиахс уыди.

Ивгъуыд XX æнусы 20 – 30-æм азты советон хицауад куыд фидардæр кодта, афтæ Уæрæсейы Фæскавказимæ бастдзинад тынгдæр хъуыди. Уый æрмæст экономикæйы фарстатимæ нæ, фæлæ паддзахады æдасдзинадимæ дæр баст уыди. Уымæ гæсгæ ныхас цыд Ручъы æфцæджы сæрты фæндаг саразыныл. Цыппар сæйраг проекты баст уыдысты Магъы æфцæгыл ныллæг кæнæ бæрзонд тъунел айгæрдын, уыцы хохыл æргом фæндаг саразын кæнæ тъунел Ручъы хохы бынты ауадзынимæ.

Цыппар хуызæй равзарыны хъæппæрис бахаста хъуыстгонд инженер, поэт, прозаик, педагог, æхсæнадон кусæг, революцийы активон архайæг, йæ Фыдыбæстæйы æхсарджын патриот Гаглойты Несторы (Гыби) фырт Рутен.

Ирон дзыллæйы номдзыд хъæбул райгуырд 1888 азы Хуссар Ирыстоны Уанелы хъæусоветы Сидæны хъæуы хуымæтæг зæхкусæг бинонты 'хсæн. Йæ фыд Нестор (Гыби), йæ мад – Джиотæй, фæлæ йæ

хуыдтой Хуыбылон. Рутен сын уыд фыццаг фырт. Уæлыгæс, уый фæстæ фыййау цæугæйæ, ләппу æгæрон уарзтæй бауарзта сæ дисса-джы æрдз, сæрвæттæ, хæхтæ, кæмттæ.

Аст азы йыл куы сæххæст, уæд æй йæ фыд радта Ручъы хъæууон скъоламæ. Ахуыргæнæгæй дзы куыста Беджызаты Алыкси. «Алы куыстытыл мæ æфтыдтой, – мысыд Рутен. – Иухатт хуымгæнæны атылдтæн былæй, хъуырау мæ къухы, афтæмæй. Мемæ уыд Плиты чындз, Серон, регахыхъæуккаг. Фæцъæхахст кодта: «Мæ дурын сæт-дзæн, судзгæ бон мæ баййæфта!» Мæ туг акалд, уый та йæ доны дурыны мæт кодта…»

Ахуыр кодта Хъорнисы дæр, уым йæ ахуыргæнæг уыд йæ мадыфсы-мæр Джиоты Пора. Фæстæдæр – Уанелы æмæ Дзауы, æмæ йын алкæм дæр йæ ахуыргæнджытæ иртæстой йæ курдиат. Загътой йын йæ фыдæн, цæмæй йæ гимназмæ ратта. Уæдмæ ләппуйыл 15 азы сæх-хæст, æмæ йæ йæ фыд æркодта Чъребамæ (Цхинвал). Баныхас кодта Папиты Георгиимæ, цæмæй йæ уый гимназмæ бацæттæ кодтаид. 1902 азы Гаглойты сæрæнгуырд фæлварæн радта Калачы 3-аг гимназмæ. Фыццаг аз ын йæ ахуыры тыххæй йæ фыд бафыста 80 сомы. Уый фæстæ ләппу йæ мысинæгты фыста: «Гимназы ма ахуыр кодтон, афтæ архайдтон Калачы революцион сусæг къордты. Иу ахæм къорд куыста Тифлисы Тумановскийы уынджы 27-æм хæдзары. Уым нын лекцитæ кастысты политикон экономийæ. 1905 азы сдæн революционер, кодтон пропагандистон куыст, революцийæн æмбырд кодтон æхца æмæ а.д.»

Хуссар Ирыстонмæ ирон шрифт фыццаджыдæр æрбаласта Гаглой-ты Рутен, æмæ 1905 азы Чъребайы сусæг типографийы гимназист, фидæны дохтыр Карсанты Никъалайы фырт Уасилимæ ныммыхуыр кодта прокламаци «Цы фестут?» Йæ революцион куысты тыххæй йæ æртæ хатты æрцахстой, æмæ йæ хъуамæ Сыбырмæ ахастаиккой, йæ фыд гæртам куынæ радтаид, уæд.

Гимназы та нымад уыд фыццаг ахуыргæнинагыл, æмæ дирек-тор Козюлкины фæндонмæ гæсгæ ахуырмæ бацыд Мæскуыйы уни-верситеты физикон-математикон хайадмæ. Уырдыгæй раивта Мæс-куыйы уæлдæр техникон ахуыргæнæндонмæ. 1913 азы йæ паддзахадон фæлварæнмæ бауагътой гидроэлектрон бæрзонд æлхъывдадон станцæ-йы проектимæ. Уыди ныры Джызæлдоны станцæйы хуызæн. Йæ куыст ын банымадтой иттæг хорзыл, æмæ сси инженер-механик.

Кавказаг стипенди исæджы бон уыд стыр горæттæй искæм кусын, фæлæ йæ йæхимæ æлвæста йæ райгуырæн бæстæ, уым хъуамæ фæндаг сарæзтаид.

1914 азы мартъийы йын йæ арфæйаг хъæппæрисæн фæрæзтæ радих кодтой. Баласта рæмудзæн æрмæг, топпыхос, белтæ, æппæт æндæр хъæугæ ифтонггæрзтæ. Æвзонг хъару æмæ нысанмæ арæзтæй райдыдта къæдзæх гæрдын. Цалдæр мæймæ, фистæгæй цæуæн кæм нæ уыд, уым сырæзт уæрæх æмæ лæгъз фæндаг.

Бæргæ разæнгардæй архайдта Гаглойты сæрæнгуырд йе 'мхъуыдыгæнджытимæ, фæлæ уæдмæ хæст райдыдта, æмæ йæм службæмæ фæсидтысты Хуссар-Ныгуылæн фронты 7-æм æфсæнвæндагон батальонмæ.

1917 азы революцийы рæстæг уыд Ирыстоны. Июны Дзауы цыд Хуссар Ирыстоны Националон Советы делегатты фыццаг съезд. Æрбамбырд æм сты алы партиты 60 минæварæй фылдæр. Сразы сты æнæпартион Гаглойты Рутены сæрдарæй равзарыныл. Съезды æнувыдæй ныхас цыди хохаг фæндаг æмæ иннæ фæндæгты арæзтадыл. Æвзæрст æрцыд фæндæгты къамис, хаст æм æрцыдысты Гаглойты Рутен, Санахъоты Иван æмæ Джиоты Никъала. Лæвæрд сын æрцыд сæрмагонд хæстæ: æхцайы фæрæзтæ ссарын, Дзомагъы (Къутыхы æфцæгыл) цалхвæндаг аразынмæ æрæвналын. Рутен ма уыди Националон советы нымæрдар дæр.

Уыцы рæстæг æхгæдтой æфсæнвæндаг Батум – Трапезунд. Уый базонгæйæ, уырдæм ацыдысты Рутен, инженер Собиты Инал æмæ Къуылыхты Никъала. Рутен Никъалаимæ Батумы баззадысты æнæхъæн мæй æмæ Ирыстонмæ æрбаластой цыппар вагоны: мин путы рæмудзæн æрмæг, 850 путы къæдзæххалæн топпыхос, 700 путы англисаг æндон буртæ аразынмæ, бирæ белтæ, джиркъатæ, дзæбугтæ, хъæсдарджытæ, куынцдымæнтæ æмæ æндæртæ – æппæт адон хохыл фæндагæн. Æппæт фæллой æмæ мигæнæнтæ баласта Дзаумæ. Уый уыди 1918 азы.

Æрбакодтой цалдæр сæдæ адæймаджы китайæгтæ, æмæ фæндаг аразын райдыдтой Хуыцъейы 'рдыгæй. Рутен йæхæдæг куыста Кутыхы æфцæджы бын. Абон дæр ма бæрæгæй дары, цы цалдæр дæс метры дзы сарæзтой фæндаг, уый.

Хуссар Ирыстоны сабыр цард йæ тæмæны бæргæ бацыд, фæлæ

Гуырдзыстоны меньшевиктæ æнцад нал лæууыдысты. Ныггуылф кодта Хуссар Ирыстоны фыццаг растад. Æгъдау, фæтк нал уыд. Гаглойты Рутен æвзæрст æрцыд комендантæй, æмæ райдыдта фыдгæнджытимæ тох. Газеттæ «Кавказское слово» æмæ «Тифлисский листок» та фыстой: «Растад цыренгæнæг у Гаглойты Рутен (Андрей). Уый Ирыстонмæ баласта бирæ æрмæджытæ æмæ тохмæ растджытæн амоны акъоппытæ къахын».

1919 азы æвæллайгæ тохгæнæг фæрынчын тифæй æмæ уыд йæ райгуырæн хъæу Уанелы. Ныббырстой гуырдзиаг меньшевиктæ, басыгътой хъæутæ, æмæ ма фæндаг аразыны хъуыддаг кæй æндæвта…

1920 азы Цхинвалы Рутены æрцахсын кодта меньшевикты æфсæддон хæйтты хистæр булкъон Чхеидзе. Йæ фæстæ ахст æрцыдысты Санахъоты Уанкъа æмæ Коцты Бидзина дæр. Гурмæ, уырдыгæй та сæ Калакмæ аластой. Уалынмæ бардзырд: «Кутаисы губернимæ сæ æрвитынц». Рутен Карелы станцæйы цур æхсæвы поездæй агæпп кодта, Бораныл ахызти Къуары галиу фарсмæ æмæ боныцъæхтæм схæццæ Хъорнисмæ. Уым æрфысым кодта Хæныкъаты Никъамæ. Уæдмæ Цæгат Ирыстонæй æрцыдысты хуссайраг ирæттæй арæзт æфсæддон хæйттæ сæ разамонæг Санахъоты Матеимæ. Рутен та баиу Козаты Иуанейы разамындæй архайæг къордимæ. 7 июны æхсæвы Матейы хæстонтæ ныккалдысты меньшевикты æфсадыл. Сæ иу хай сын фæцагътой, иннæйы – 500 адæймагæй фылдæры – уацары райстой. Леуахийы былтыл дзы дæлæмæ чи алыгъд, уыдон та бабадтысты Чъехы хъæды æмæ бурцинелджынты ахстой. Се 'хсæн уыд Гаглойты Рутен дæр.

11 июны онг куыста хæлцады фарстатыл дзуапдæттæгæй. Уавæр куы фæкарздæр, уæд та йын раздæры ревком Абайты Лади бахæс кодта, æххæстæй арæзт ын чи нæ фæци, уыцы Пацъайы хид бацæттæ кæнын адæмы сæ мæгуыр исбон æмæ фосимæ йыл уадзынмæ. Сарæзта телефоны бастдзинад дæр.

Лыгъд адæмы нымæц фылдæр кодта. Рутен дæр йæ мад, йæ хотæ, йæ хæстæджытимæ уыд Салыгæрдæны. Ам, Цæгат Ирыстоны, стигъджытæ сарæх сты, æмæ Гаглойы-фырт дæр дыууæ хатты сæ амæттаг фæци.

Уыйадыл Дзæуджыхъæумæ куыстагур рацыд, æмæ уымæй райдыдта йæ трагеди. 1920 азы августы йæ æрцахсын кодта йе 'рвад.

Уый фыд Рутены фыдимæ рагон туджджынтæ уыдысты – 1898 азы нымудзæджы фыд амардта Рутены фыдыфсымæры. Ницæуылуал бацауæрста гадзрахатæй цæуæг – фæмысыд, Рутен меньшевикты шпион, Деникинимæ баст адæймаг у, зæгъгæ, ахæм хахуыртæ.

Уыдæттæ фаг уыдысты зынгзæрдæ патриоты фехсынæн, фæлæ хуссайраг æфсæдтæ æмæ интеллигенци йæ фарс рахæцыдысты æмæ йæ амарын нæ бауагътой. Ахсты хуызы йæ арвыстой Уæрæсемæ, цалынмæ Кавказы мидхæст нæ фæуыдаид, уæдмæ. Псковы лагеры уыд 400 кавказагæй фылдæримæ.

Йæ цардæн тæссаг кæй у, уыцы æнкъарæн æм куы сæвзæрд, уæд 1921 азы 27 январы лагерæй ралыгъд æмæ 1928 азы онг, мамæлайы къæбæртæй цæргæйæ, фæрахау-бахау кодта Эстонийы æмæ фæсарæнты.

Уыимæ 1921 азы апрелы Дзæуджыхъæуы сбæрæг кодтой Гаглойты Рутены рæстдзинад, æмæ Псковмæ тел арвыстæуыд ссæрибар æй кæныны тыххæй. Уый та уæд Эстонийы уыд…

1928 азы æрыздæхт бæлццон йæ райгуырæн Хуссар Ирыстонмæ æмæ та архайын райдыдта фæндаджы арæзтадыл. Фыста: «Афтæ мæм кæсы, цыма æнæ уый (ома фæндаг) уæвæн нæй дыууæ Ирæн. 1929 азы нæ къухы бафтыд ацы фæндаджы цыппар хуызы саразын».

1930 азы æхцайы фæрæзтæ радтой Зæрæмæг – Уанелы фæндаджы арæзтадæн. Гаглойы-фырт кусын райдыдта Бæгъиаты суары цур, Ручъы æфцæгмæ фæндагыл. Кусджытæн сарæзта æртæ хæдзары, баласта хъæдæрмæг æмæ систа фидæны тъунелæн йæ фыццаг цъар. Октябры бæрæгбон куы нысан кодтой, уæд Ручъы тъунелы фыццаг æхст дæр йæхæдæг фæкодта.

Уыцы азты йæ бæллицтæ æмæ фæндæттæ афтæ раргом кодта: «Цы ма мын бантысдзæн саразын, уый рæстæгимæ рабæрæг уыдзæн. Мæ куыст у, фыдгæнджытæй мæ чи бахызта, мæ уыцы адæмæн бузныг зæгъын, лæггад сын кæнын».

Инженеры куысты кæй аныгъуылд, уымæ гæсгæ Гаглойы-фырты сфæлдыстадмæ нал æвдæлд, æмæ уый газет «Кавказское слово»-йы дæр фæнысан кодтой. Йе ‘мдзæвгæ «Сагъæс»-ы фыста: «Никуы фæлвæрдтон фыссыныл, – / Не ‘вдæлд æмдзæвгæтæм мæн: / Галау æфсондзы хæцыны / Ифтыгъд æдзухæй уыдтæн». Поэт ма хорзыл ныmайы Европæйы цард. Бирæ дзы ис, адæймаджы удæн æхцондзинад чи

хæссы, ахæм гæнæнтæ æмæ фæзындтæ, фæлæ, æмдзæвгæ «Европæ»-йы куыд фыссы, афтæмæй ирон фарн æмæ æгъдæуттæ уыдоныл ницы хуызы баивдзæн: «Дæ бон калай, Европæ, / Ды бонджын дæ, ды хъан дæ, / Лыстæг фаст у дæ къоппа, / Уæздан цардæй куыд хъал дæ…» Европæйы цæргæйæ, мысыд йæ удæн адджын адæмы æмæ райгуырæн Ирыстон. Тарст æрмæст, мæлæт æй æцæгæлон зæххыл куы æрæййафа æмæ йыл хиуæттæ хъарæг куынæ скæной, уымæй: «Куы амæлон дæ зæххыл, / Ингæнкъахæг нæ уыдзæн; / Мæ мард лæвар йæ бæхыл / Кæцы ласдзæн, ыскæудзæн?»

Йе стырдæр бæллиц – дыууæ Иры куы баиу уаиккой, æмæ уымæ гæсгæ фыссы æмдзæвгæ «Сагъæс»-ы: «Уымæй мæ тынгдæр цы ‘ндавы, / Карздæр цы хорзыл кæуын: / Сихор куы хæрин æз Дзауы / ‘Хсæвæр – Дзæуджыхъæуы».

Куыннæ йæ æппæрстой сагъæсы дзыллæйы уæззау æмæ талынг цард дæр. Йе ‘мдзæвгæ «Хуссармæ»-йы фыссы: «Скъолайы бандоныл бадгæ / Бахордтон чемæдæр ард: / Адæмы саудалынг цардмæ / Сомбон куыд дарин цырагъ».

Æцæгæйдæр цырагъдар уыди йæ раттæг адæмæн Гаглойты Рутен. Йæ рухс ном рох нæу абоны фæлтæртæй дæр. Сæххæст йæ бæллиц – Ручъы хохы бынты арæзт тъунел Ирыстоны дыууæ хайы цæрджытæн радта æнæ къуылымпыйæ кæрæдзимæ цæуыны фадат, æмæ сæ ахæм хуызы баиу кодта…

Гъе æрмæст ахæм кадджын æмæ дзырддзæугæ лæджы ном йæ дзыллæйы ‘хсæн хъуамæ арæхдæр хъуыса, йæ номыл алы мадзæлттæ арæзт цæуа. Гаглойты кадджын мыггаг се ‘мхъуыдыгæнджытимæ йæ ном ссарынæн Ручъы тъунелы кæрон цыртдзæвæн кæй сæвæрдтой, уый арфæйаг хъуыддаг у. 2026 азы 25 июны кадджын уавæры байгом хуссар порталы.

Ам ма иучысил фæстæмæ историйы фæлмы анығъуылдзыстæм. Гаглойты Рутены проекттыл рæстæджы рыг æрбадт, афтæ та Фæскавказмæ цыбырдæр фæндаг айгæрдыныл ныхас рацыд. XX æнусы 60-æм азты Транскамы арæзтад райдайыны тыххæй Мæскуыйы уынаффæ рахастæуыд. Сгарæн куыстытæ скæнынмæ Ленинградæй æрæрвыстой æртæ хæххон инженер-специалисты.

Бынæттон цæрджытæй æрдзон фæзындтæ хуыздæр чи зыдта, ахæм æххуысгæнæг сæ хъуыд, æмæ бацыдысты Нары хъæусоветы хицау

Гаджиты Габомæ. Уый сæ æрбахуыдта махмæ, мæ фыд Мамиаты Алыксандрмæ. Уый семæ фæкуыста дыууæ сезоны рагуалдзæгæй æрæгвæззæгмæ. Зæрæмæджы Мыкалгабырты кувæндонæй абоны Ручъы тъунелы цæгат порталмæ цыдæриддæр зæйуат бынæттæ ис чысыл ададжы онг, уыдон сын бацамыдта. Фæфыстой йын йæ ныхæстæ. Куыст куы фесты, уæд сæ мæ фыд нæхимæ æрбахуыдта æмæ сæ комы дзырддзæугæ лæгтимæ иумæ ирон фæндараст акодта кусартимæ.

Инженертимæ цы ирон лæг уыди, уый-иу фæзмыдта нæ фыд. Дзырдта йын, фæндаг паддзахы рæстæджы аразынмæ кæй хъавыдысты, проект та йын ирон лæг Гаглойтæй кæй сарæзта. Тынг сæрыстыр дзы уыд, æмæ-иу комбæсты бæрæгбоны бадты хъазгæйæ афтæ бакодта: «Сымах æнахуыргонд, къуырма адæм стут, æз та индзынер дæн, индзынер. Ацы фæндаг мах, дыууæ индзынеры – æз æмæ Гаглойты лæппу аразæм, уæ кæстæртæ та йыл ратæх-батæх кæндзысты».

Абоны дуджы арæх сæвзæры, Транскам æмæ Ручъы тъунел кæй ном хъуамæ хæссой, зæгъгæ, уыцы фарста. Гаглойты Рутен æмæ Хъæбæлоты Биларæн сæ архайд, сæ бавæрæн æнæкæрон бирæ у, фæлæ уæддæр амидингæнæг Рутен уыд, æмæ нæ уый рох хъуамæ ма уа. Сарæзта цыппар проекты, фæрæзтæ ссардта, кусæнгарз æрбаласта, йе 'мхъуыдыгæнджытимæ фæндаджы арæзтадыл кусын дæр райдыдта. Йæ Иры удæнцойыл йæ уд хъардта, йæ хъарутыл нæ ауæрста, фæндаг айгæрдынæн уавæртæ арæзта уæззау цардфæлварæнты рæстæг. Уыдæттæм æмæ йæ дзыллæйæн бирæ æндæр лæггæдтæм дæр нæ фæкастысты, афтæмæй Гаглойты Рутены фехстой 1937 азы. Йæ цардæмбал Цхуырбаты Надя баззад йæ дыууæмæйдзыд сывæллон Ботазимæ. Сау бонтæ ныккодта, йæ адæмы сæрыл сдзурынхъом чи уыд, уыдоныл. Нæ хæс у сæ рухс нæмттæ сын мысын, сæ фарны хъуыддæгты тыххæй сын ног фæлтæртæн дзурын…

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ*

Мæ рухсыбадинаг адджын æфсымæр, курдиатджын поэт æмæ ахуыргонд Гусалты Витали дын мын иуахæмы мæ уацау «Фаллаг, бæрзонд был»-æй афтæ (хатыр, мæхи стауыны охыл æй нæ мысын, Хъуыраныардыстæн!) куы бакæнид:

– У дын ныгуылæневропæйаг литературæйы аккаг уацмыс!

Æз бахудтæн мæллæг худтæй:

– Æмæ хурыскæсæйнаг литературæйы та не сфидауид, зæгъæм, апойнаджы?..

## ЯПОЙНАГ ЛИТЕРАТУРÆ

Иронау ма Япон Апон дæр хуындæуы, фæлæ ма диссæгты диссаг уый у, æмæ сæ хæдзайраг цард æмæ æгъдæутты къорд цыдæр ахæмы ис нумæйагæй мах уавæртæ-домæнтимæ, æмæ сыл æцæгдæр «æнæфенд» дисы бацæугæ нæ фæуыдзынæ (кæс чингуытæ: Всеволод Овчинниковы фыст «Ветка Сакуры» æмæ «Корни дуба», æвæсмойнæгтæ, кæй сæ бакастæ, уый тыххæй…).

Æндæр цæмæйдæрты куыд дисæфтауæг у Япон, афтæ йæ аивадон литературæйы рæзты фæндагæй дæр суанг фыссынады фæзынды размæ дæр – уымæн та йæ бындуры сты китайаг нероглифтæ. Уæдмæ сæм райрæзт поэзи æмæ зарджыты жанр, мифологи. Стæй сæм 712 азæй фæстæмæ ис азфыст «Кодзики», 759 азы та цæрын райдыдта фыццаг поэтикон антологи «Манъёсю» («Æнæнымæц дидинты æмбырдгонд») – 4500 фольклорон æмæ дзы 500 поэты алыхуызон уацмыстæ.

Китайаг æвзагыл литературæ сси сæ литературæйы сæйрагдæртæй иу – æмдзæвгæты æмбырдгонд «Кайфусо». IX æнус æмæ XII æнусы ʼхсæн æрфидар уацаутæ, радзырдтæ, новеллæтæ, аргъæуттæ, куыдфæстæмæ та романтæ æмæ эпикон кадджыты формæ – моногатари, ома таурæгъон фæлгонц. Сюжеттæ истой индиæгтæ, буддиæгтæ, китайæгтæ… Сæ геройтæ дих кодтой æппæрццæгтæ æмæ æвæрццæгтыл – раздæр уал се ʼфсармæгъдау, куыстуарзондзинад, æддаг бакастмæ гæсгæ, стæй та, аивад цас æмбæрстой æмæ фыссынмæ куыд дæсны уыдысты, уымæ гæсгæ.

* *Дарддæр. Райдайæн 2025 азы 7, 8, 10-æм æмæ 2026 азы 1 – 8-æм номырты*

X æнусы дыккаг æмбисы япойнаг литературæ сси дыууæфæрскон: «нæлгоймæгты» æмæ «сылгоймæгты» сфæлдыстад. Нæлгоймæгтæ пайда кодтой китайаг æвзагæй, сылгоймæгтæ та – сæхи мадæлонæй…

951 азы императоры бæстыхайы сарæзтауыд «Вакадокоро» – ома япойнаг поэзийы хайад. Йæ хæс та йын афтæ бацамыдтой: поэтты хуыздæр æмдзæвгæтæ æмбырдгонд цæуæнт æмæ сæ антологимæ хастæуæд, æвзаргæ та сæ кæндзæн сæрмагонд коллеги, стæй, поэзи хуыздæр чи æмбары æмæ зоны, уыдон. Дихтæгонд-уæрст та цыдысты сæ тематикæмæ гæсгæ: «Уалдзæг», «Сæрд», «Фæззæг» æмæ «Зымæг», иннæтæ та афтæ: «Уарзондзинад», «Хибар», «Балцытæ» æмæ а.д.

Æппæтæй арæхдæр æмбæлд жанр танка.

Уæдмæ размæдзыддæр фесты феодалтæ, уæздæтты æхсæнад – буци. Семæ ма самурайтæ дæр – хъæздыгдæр æмæ нымаддæрты фæсдзæуинтæ-хъахъхъæнджытæ. Рантыст сæ самурайты идеологи дæр йæ алы мадзæлттимæ, схуындæуыд æй бусидо («хæстон лæджы фæндаг»).

Рæстæг цыд, æнустæ æнусты ивтой, æмæ, семæ æмцыд кæнгæйæ, ивта литературæ дæр, хъæздыгдæр кæнгæйæ.

XIII æнусы Японмæ къордтæ-къордтæй æфтыдысты китайаг ахуыргонд моладзантæ – дзэнтæ. Æмæ XIV – XV æнусты бæрзонд срæзт Японы литературæ китайаг æвзагыл. Æнус фæстæдæр райгуырд горæтаг литературæ – алы дæсныйæдтыл хæст адæм æмæ сæудæджергæнджытæ ерыстæ арæзтой, уæдæ нæ чи гæрзарæхстдæр разына æмдзæвгæтæ фыссынæй, зæгъгæ. Æмæ сæ уæлахиздзауты уацмыстæ хаст цыдысты поэзийы æмбырдгæндтæм.

1542 азы Япон дзаг кæнын райдыдта католикты минæвæрттæй, сæ мадæлон æвзагмæ тæлмац кæнынмæ февнæлдтой Гомеры, Аристотелы,



Мацуо Басё



Кобаяси Исса



Такидзава Бакин

Цезары, Цицерон æмæ ‘ндæр антикон авторты, Эзопы баснятæ уæлдайдæр. XVII æнусы йæ тыхы бацыд чингуытæ мыхуыр кæныны хъуыддаг, уый ахъаз кодта адæмы ахуырадæн. Горæттæ Киото, Осака, Эдойы рæзтимæ ныввкæнынад, литературæ, театры фидардæр кодтой демократон тенденцитæ. Театр æнцад дыууæ хуызы аивадыл: дзёрури – гыркъынты театр иу дзурæгимæ æмæ кабуки – ам актертæ хъазыди.

Поэзийы XVII æнусы райдианты уæлæхох кодта хоккуйы жанр (хайку). Æнустæм зындгонд сси хоккутæ фыссæг **Мацуо Басё**. Уый домдта æртæ эстетикон æгъдауы ацы миниатюрæйæн: саби (аив хуымæтæгдзинад), сиори (алывæрсыг гармони), хосоми (арф хъуыдытæ). Хоккуйы аивдзинæдтæ фæногдæр æмæ фæхъæздыгдæр кодта поэт **Кобаяси Исса** (уæхи дисæй марут ацы номыл дæр!). Хуымæтæг æмæ йæм диалектон дзырдтæ бахаста, сæ тематикæ сын фæадæмондæр кодта хокку рæнхъытæн.

Бынтон фыссæгарæх сси Япон, айдагъ сæ ранымайын дæр фаг бынат æрцахсид, ноджы ма дзы бирæ ис се ‘хсæн гъæйтт-мардзæтæ дæр. Адæм тынг зæрдæргъæвдæй кастысты **Такидзава Бакины** романтæ, уæлдайдæр та «Аси куыдзы истори» (1814 аз). Йæ архайджытæ – æрдæгадæм-æрдæгкуыйтæ, Конфуцийы 8 хæрзракæнды символтæ: адæмуарзонад, хæс, уæздан уаг, зонынад, иузæрдионад, цæсгомджын æнæсайд, ныййарджыты нымайын æмæ хистæртæн коммæгæс-уисæнгæнæджы ‘фсарм. Йæ иннæ уацмыстау фыст у ритмикон прозæйæ, у æхсызгонæй кæсæн.

Йæ хъысмæт бæллиццаг рауад Токутоми Рокайы роман «Фæлтау ма цæр»-æн. Япойнаг бинонты феодалон бындуртыл амад цардыуаджы ныхмæ арæзт у йæ рæбинаг хъуыды. Уæдæ йæ иннæ роман – «Куросиво»-йы (1902) та хурмæ калы бæрзондылбадæг чиновникты хъуыддæгтæ, æрмæст сæхи гуылты бын арт æндзарджыты, адæмы мæт та сæ цъус дæр не ‘ндавы (куыд æнæмæлгæ-æнæсæфгæ у ацы æлгъыстаджы уагæвæрд!..).

XX æнусы райдианты фæзынд фысджыты æхсæнад «Сиракаба» («Урс бæрз»). Иннæтæй хъауджыдæр кодта йæ хæдбар зондахастæй: уый нæ уырныдтой алы утопион бæллицтæ æмæ æнæбындурон рафæйлау-бафæйлау адæймаджы æнкъарæнтæ-сагъæстæ, уымæн æмæ, дам, иутæ дæлдзиныггонд, æфхæрд куы уой, уæд иннæтæн сыгъдæг æфсармджын уæвæн нæй, æнæкъæмдзæстыгæй цæрæн, дæхи царды нырыккон æууæлтыл атигъ кæнгæйæ. Æмæ банымадта, зæгъгæ, царды уавæр социалон хуызы цæхгæр аивинаг кæй у рæстады ‘рдæм. Трагедион у иу адæймаджы хъысмæт æхсæндзарды ныхмæ тохы – уый æвдисы йæ роман «Иу

сылгоймаджы истори»-йы. Йæ иннæ роман «Каины бындартæ»-йы та дзуры æнæзæхх фæллойгæнджыты æнæрай цардыл (1917 аз).

Сыгъдæггæнæн тымыгъ-уады æрбацыд кæд банкъардта, ног дуджы ралæуд Арисима Такэо, уæддæр æй хорз æмбæрста, æмæ уый, уæлдæр социалон фæлтæры минæвар, хуымæтæг зæхкусджыты тæхудиаг-тæ-бæллицтæ æмæ тырнæнтæ бындуронæй равдисынмæ кæй нæ сарæхсдзæн, уый йæ бон кæй нæ бауыдзæн, фæлæ æнæмæтæй цæра дарддæр, ахæм уавæрæн дæр кæй нæ быхсдзæн – æмæ, йæ зæххытæ адæмыл байуаргæйæ, йæ къух йæхимæ батасыд…

Реализмы сырæзт æмæ фæфидарæн стыр ахъаз фæцис сылгоймаг фыссæг Миямото Юрикойы сфæлдыстад. Йæ автобиографион роман «Нобуко»-йы (1924 – 1926) бавнæлдта бинонты цард æмæ интеллигенциийы хъысмæты проблемæмæ – йæ сæйраг архайæг сылгоймаг бирæ фæлтæрæнты фæстæ басаст, буржуазон цардарæзты йæ хъысмæт фæнывылдæр кæнынæй йын рауаинаг дæр кæй ницы уыд, ууыл. Фæлæ, япойнаг империализмы кæрон кæй æрбахæстæг, уый йæ бауырныдта – æмæ йæ ныв кæны йæ радзырды – «Мартъийы цыппæрæм хуыцаубон» (1940).

Ӕрмæст уыцы дуг тынг фыдрæстæг рауад япойнаг фысджытæн: литературæйы йæ сæр схъил кодта аполегетикæ, ома «цытджын хæстæй» æппæлын, шовинистон идеологи, сыхаг бæстæтæм лæбурын, дæлбар сæ кæнынæй хи уæлдæр исын – ахæм «патриотон» уыд Хино Асихэйы уацау «Салдæттæ æмæ хоры нæмыг», стæй Хаяси Фусаойы чиныг «Цæстуарзон зæрдæ» (1943). Цалдæр фыссæджы – **Миямото Юрико**, Курахара Корэхито æмæ æндæрты та ахæстонмæ баппæрстой, фыдмардæй амардæуыд Кобаяси Такидзийы…

Фæлæ аивадон – æцæг аивадон! – Дзырд дæр æнæбасæттон у, цыфæнды куыд фæуа æмæ куыдфæнды куы фæуа, уæддæр йæ хъайтарон кæнонтæ нæ уадзы, дурты цæнды бынæй дæр та ныфсхастæй хуры ‘рдæм скæсы – сæ хорзы кой айхъуыст **Кавабата Ясунарийы** романтæн – «Хæхты хъæлæс» æмæ «Рагон сахар». Фыссæг «дæсны æрмдзæфы хицау кæй у, япойнаг зондахаст æмæ хъуыдыкæнынад ирдæй кæй равдыста», уый нымайгæйæ йын 1968 азы рардæуыд Нобелы преми.

Фæсхæст ма дзæвгар ивддзинæдтæ баййæфта япойнаг литературæ йæ рæзты фæндæгтыл, сæ ном дунейыл айхъуыст иукъорд фыссæгæн дæр – Абэ Кобо, Акутагава Рюноскэ, Кавабата Ясунари, **Оэ Кэндзабуро** – дыккаг япойнаг фыссæг, Нобелы преми (1994 аз) кæмæн радтой, уый…

Цы номдзыд фысджыты ранымадтам, уыдон сыгъдæг япойнаг сты

– ома дунейы сконд æмæ сæм цардмæ сæхи «хæдад» цæстæнгас ис; йæ зонын уæлдай нæ уыдзæн, фæлæ европæйаг, æппæтдунеон» схонæн ис Абэ Кобойы зондахастæн, мах зондыскондæн куыддæр цыма хиондæр.

Æмткæй та ахæм хатдзæгмæ ‘рцыдтæн, æмæ дзы кæй уацмысыл бамбæлат, кæнæ та йæ сæрмагондæй куы бацагурат æмæ бакæсат, уымæй разыйæ баззайдзыстут – цæуылтыл фыст сты, уый уæм кæд бынтон цымыдисаг нæ, фæлæ æнахуыр дæр ма фæкæса, уæддæр аив дзырды ад æнкъарæгæн – тæлмацгондæй дæр раст! – æхсызгон уыдзæн, куыд фыст цæуы, уый.

Гъе уыйадыл сæ никæй фæхъулон кодтон, хицæн ныхас ыл бацайдагъ кæнгæйæ.

Цас фылдæр нæ зона нæ алчи дæр, уыйас йæхи хуыздæр æмæ ныфсджындæрæй æнкъардзæн, цардхъомдæрæй, рухсдæр зæрдæимæ – æцæг нырыккон адæймагæй, бирæтæ æмбаргæйæ æмæ рæдыдтытæ хызтæй, æвæсмойнагæй.

Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр Мацуо Басёйæ нымад рæнхъытæ ‘рхæссæм – фыста сæ XVII æнусы кæрон, фæлæ сæ абон дæр алы размæдзыд культурон æгъдауæй япойнаг дæр йæ зæрдыл дары. Сæ мидис æргом нæу, сæ мидæг цы хъуыды кæнæ æнкъарæн æвæрд ис, уый алкæмæн дæр йæхи зæрдæйæ раиртасын хъæуы. Зæгъæм, æрдзы нывкæм ис хоккуйы, уым йæ фæстæ ‘мбæхст у адæймаг йæ миниуджытимæ: сырх цывзы, цъæх сабæлуты (каштаны) цъар фæззæджы, чылауийы бæлас зымæгон – уыдон сты адæймаджы æнæбасæттон удыхъæды æвдисæнтæ-символтæ; кæсаг хызы мидæг, цъырцъыраджы сыфы уæлæ фынæйæ



Миямото Юрико



Кавабата Ясунари



Оэ Кэндзабуро

дон фæласы, бындз хæлуарæджы тыны – уый та дын, цардыл æууæнк кæй нæй, лæджы хъысмæт додойаг кæй у, ууыл сагъæс…

Цард цы уыд, куыд уыд алывæрсыгæй дæр, ахæмæй йæ æртæ рæнхъы фæрцы æвдыста, æвдыста тъымы-тъымамæ…

Йæ фырт кæмæн нал ис, уыцы фыдæн:

*Поник головой, –*
*Словно весь мир опрокинут, –*
*Под снегом бамбук.*

Æмдзæвгæтæ-ма ныффысс, зæгъгæ, дам, мæ чи куры, уымæн:

*Вишни в весеннем расцвете.*
*Но я – о горе! – бессилен открыть*
*Мешок, где спрятаны песни.*

* * *

*Роща на склоне горы.*
*Как будто гора перехвачена*
*Поясом для меча.*

* * *

*На голой ветке*
*Ворон сидит одиноко.*
*Осенний вечер.*

* * *

*Далекий Зов кукушки*
*Напрасно прозвучал. Ведь в наши дни*
*Перевелись поэты.*

* * *

*Тихая лунная ночь...*
*Слышно, как в глубине каштана*
*Ядрышко гложет червяк.*

* * *

*Ива склонилась и спит,*
*И кажется мне, соловей на ветке –*
*Это ее душа.*

Поэт Рикæйæ æппæлгæйæ:

*Будто в руки взял*
*Молнию, когда во мраке*
*Ты зажег свечу.*

* * *

*С ветки на ветку*
*Тихо сбегают капли...*
*Дождик весенний.*

* * *

*Печального, меня*
*Сильнее грустью напои,*
*Кукушки дальний зов!*

(О, япойнæгтæ тынг уарзынц гакк-гуччы уасынмæ хъусын…).

Цæмæй сæм не ‘ргом аздахæм, уый аккаг æнæмæнг сты япойнæгты зондæххæстæн æвдисæн дзырдбæстытæ-æмбисæндтæ – æнæхъæн чиныг сты, фæлæ дзы се ‘взаргæтæй иукъорд æрхæссæм:

*Ницыйæн ауон дæр нæй.*
*Хуыцау сыгъдæг зæрдæйы цæры.*
*Худын цы хæдзарæй хъуысы, амонд дæр фысымагур уырдæм цæуы.*
*Зыгуымы зæгæл нæ ныххойдзынæ.*
*Уад дымы, хох лæууы.*
*Алы цæугæдоны дæр ис тæнæг бынæттæ.*
*Сынтытæ кæмфæнды дæр сау сты.*
*Куыдз схаста, æмæ йын йæхиуыл фæхæцыд.*
*Бæрзонд бæлас дымгæмæ тынгдæр тасы.*
*Тых раст кæм у, уым рæстад æдых у.*
*Сыдæй мæлгæ куыдз лæдзæгæй нæ тæрсы.*
*Дам-думты рæсугъд фыссыны мæт нæй.*
*Æндæр бæстæмæ цæуынвæнд куы скæнай, уæд уал рагацау базон, цытæ дзы нæ фæтчы, уыдон.*
*Балхоны марынмæ куы хъавай, уæд уал ын раздæр йæ бæхы амар.*
*Цард – дымгæмæ сойын цырагъ.*

*Тигр йæ хъæлæсы иу хатт кæй айста, уый йын йæ нывæй дæр тарст.*

*Йæ мидбылты худыны фæстæ цирхъ æмбæхсы.*

*Калм раст хæтæлы мидæг дæр йæхи къæдзтæ-мæдзтæ кæныныл архайы.*

*Дзæнæт дæр æмæ зындон дæр лæджы уды мидæг цæрынц.*

*Зындоны дæр дæ хорз зонгæтыл сæмбæлдзынæ.*

*Цæргæс æххормагæй дæр хоры нæмгуытæ нæ уидзы.*

*Йæ хуылф дæр дурæй у, йæ зæрдæ дæр – æфсæнæй.*

*Хæстон уæлахиз дæр адæмы амондджын нæ кæны.*

*Цыфæнды тымыгъ дæр цъайы дон нæ сызмæнтдзæн.*

*Низты æвзæрдæр – мæгуырдзинад.*

*Хатгай фæтæрсын дæр уæлахизы æмсæр рауайы.*

*Алы къуылых дæр йæхирдыгонау чиуы.*

*Кæй уарзыс, уымæн дæ сусæгтæ ма хъæр кæн.*

*Адæмы чи стигъы, уымæн йæ сæр къуырынц, æппæт бæстæ чи стигъы, уый паддзахы къæлæтджыны сбадын кæнынц.*

*Æгæр зонджынæн хæлæрттæ нæ вæййы.*

*Фæлтау хорз лæджы знаг у æвзæрæн хæлары бæсты.*

*Худинагæй мæлæт – хуыздæр.*

*Судзин цыфæнды чысыл кæд у, уæддæр æй нæ аныхъуырдзынæ.*

*Дуне иу адæймаджы номыл нæу!*

*Денджыз рыгæй нæ тæрсы.*

*Мыст куы смæсты уа, уæд гæдыйы бахæрдзæн.*

*Йе 'взагыл – мыд, йæ зæрдæйы – кард.*

*Кæйдæр æрыскъæфты астæу дæ дзабыры босмæ ма æргуыбыр кæн!*

*Бæласы цонг бæласы зæнгæй ставддæр нæ вæййы.*

*Хæдзар ма 'взар, æвзар сыхæгты.*

*Æнгуырæй кæф не 'рцахсдзынæ.*

*Нæй – быхс, ис – ауæрд ыл.*

*Хуыссæны хуысгæйæ ничи фæкæлы.*

*Куы сæ хъуыди – пыл дзы скодтой, куы нал сæ хъуыди – мыст сын фестад.*

*Мадзуратæй дæхи хиз!*

*Цыфæнды боныхъæд куы уа, уæддæр уасджытæ уасынц.*

*Карчы коммæгæс уасæг бæллæх у.*
*Цы зоныс, уый тыххæй фæрсын дæр бæззы.*
*Поэзи фæлдисыныл сахуыр кæнæн нæй!*
*Ивгъуыд абоны айдæн у.*
*Дзых æмæ чыссæ æхгæдæй дарын æвæсмойнагдæр у.*
*Кæмæндæр цырагъдарæг уыд, афтæмæй йæхæдæг дзыхъхъы ныххауд.*
*Куырм лæджы кæсæнцæстытæ нæ хъæуы.*
*Æвæстиат у, тагъд та ма кæн.*
*Тигр йæ цармæн тæрсы, лæг та – йæ номæн.*
*Бонæн цæстытæ ис, æхсæвæн – хъустæ.*
*Æвдадзы хос маст ад кæны.*
*Зондæй дæ уæрджыты дæр бафæрс.*
*Æгæр уæздан – æнæгъдау.*
*Кæйдæр пырындз урсдæр у.*
*Абон цы зæгъинаг дæ, уый райсом зæгъдзынæ – аргъæв æй.*
Æрмæстдæр ма сæм иу ирон æмбисонд æфтауын:
*Иу лæг æппæт дзыллæйæн фæтк нæу!*

## РАГОН ГРЕЦИ

### *Гомер æмæ иннæты хæрзæууылд ныхæстæ æнусты сæрты*

Авд горæты, дам, кæрæдзи ратон-батон кодтой, Гомер махмæ райгуырд, зæгъгæ, ууыл. Уыцы заман Греци схуындæуыд Гомеры Греци (XII – VII æнустæ Чырыстийы райгуырды размæ).

Гомерæй уæлдай ма цы лæгтæ цардис уыцы дугты, цы: Гесиод, Периандр, Солон æмæ Феогнид. Мах, ома ног нымадмæ ма æнæхъæн VI æнусы хъуыдис, афтæмæй Фалес бындур сæвæрдта философон скъолайæн–милетагæн. (Кæцæй, цымæ, цæуы йæ ном хохаг хъæу Млетæн?).

Стæй та Хилон, Биант æмæ цыма нæхи туг-стæг Анахарсис, Пифагор, Клеобул æмæ Эзоп, Гераклит æмæ Питтак, Эсхил æмæ Софокл… Уыдон иууылдæр философтæ («стыр зонд уарзджытæ» – афтæ тæлмац кæны ацы дзырд) уыдысты, Эзопæй фæстæмæ – баснятæ номдзыд фыссæг. Æнæзындгонддæр не сты сæ нæмттæ историктæн Геродот, Фукидид æмæ Плутархæн, драматургтæ Еврипид, Аристофан,

Менандрæн, стыр лæгтæ, æнусты сæрты акæсджытæ Демокрит, Сократ, Аристид, Платон æмæ ма къорд æндæртæн.

Греци Персиимæ хæстыты куы фæуæлахиз, уæд философийы артдзæст сси горæт Афинтæ – цалдæр скъолайы дзы фæзынд: мегайраг Евклиды уон, Антисфены киниктаг, Аристиппы киренаг æмæ Мæчъыдойнаг Алыксандры ахуыргæнæг, эллинты дунейы стырдæр куырыхон лæг Аристотелы дæрдтыл хъуыстгонд Лицей…

Се 'ппæты зондифтонг ныхæстæй нын уæд та ма фæйнæ чысылы æрхæссынæн уæддæр хъæуы бафыдæбон кæнын – ома сæ тæлмацыл уырыссаг арæхстджын-тасаг æвзагæй нæхи ирон хъæддых æвзагмæ. Фыццаджыдæр зæронд лæг Гомеры рад у:

*Хуыцау азымджыны ссары.*

* * *

*Алцæмæн дæр йæхи афон ис: дзыбандытæ кæныны сахат æмæ удæнцойы сахат.*

* * *

*Лæджы хуылыдз æвзаг тынг тасаг у, æвæдза: йæ дзуринæгтæн дзы кæрон дæр нæй.*

* * *

*Цы 'рцыд, æдылы æрмæстдæр уый фæзоны.*

* * *

*Фыдыбæстæйы фæздæг адджын у.*

* * *

*Сылгоймаджы аивгæнæн – æдзæмад.*

* * *

*Цы дзыхыуагæй дзурай дæхæдæг искæимæ, дзуапп дæр ахæмæй хъусдзынæ.*

* * *

*Дæ лæггад искæмæн йе 'вæндонæй ма кæн.*

* * *

*Сылгоймагæй сæфтдзагдæр тæссаг ницы ис.*

* * *

*Иуахæмы зæгъын фæхъæуы, иннæ ахæмы – дзыхыл фæхæцын.*

* * *

*Алæмæттаджы дуг цыбыр у.*

* * *

*Цы ‘хсызгон вæййы уæddæр, дæ кусинæгтæ куы бакæныс, уæд уый!*

* * *

*Æз – дæуæн, ды – мæнæн.*



**Гесиод**

**Гесиод** (VIII – VII æнустæ ног нымады размæ). Фыццагдæр кæй ном баззад куыд поэт, афтæ – уый дын Гесиод. Йæ уацмыстæ – «Бонтæ æмæ фæллæйттæ», стæй «Хуыцæутты фыдæлтæ». Æвæццæгæн, хуымæтæг фæллойгæнæджы сæрыл фыццагдæр ацы поэт сдзырдта. Стæй, æнустæ кæмæ æрыхъусой, ахæм ныхæстæ дæр загъта:

*Дунейыл хорз усæй хуыздæр ницы ис...*

*В дом свой супругу вводи,*
*Как в возраст придешь подходящий.*
*До 30 не спеши, но и за 30 долго не медли...*
*Всё обгляди хорошо, чтоб не на смех*
*Соседям жениться.*

* * *

*Адæмы ‘хсæн цы дзырд æрцæры, уымæн мæлæт нæй.*

**Солон** (638 – 559 азтæ ног æнусты размæ). Бирæ хорз хъуыддæгтæ сарæзта – æркæсут историмæ. У Рагон Грецийы 7 куырыхонæй иу, сæ тæккæ зонынджындæр, дам.



**Солон**

Йæ фырты зианыл куы куыдта, уæд ын чидæр, цы ма йыл кæуыс, цы пайда ма у дæ куыд, зæгъгæ, куы загъта, уæд ын Солон афтæ: *«Æмæ æз дæр уымæн кæуын, уымæн, æмæ йын кæй ницыуал ахады суанг мæ цæссыг дæр...»*

Иннæ хатт та йæ афтæ бафарстæуыд, зæгъгæ, цæмæй фыдгæндтæ мауал цæуа, уый тыххæй, дам, цы чындæуа. Æмæ загъта:

– *Фыдгæнды амæттаг æмæ йæ чи нæ бавзæрста, уыдон æмхуызон куы риссой, уæд сын æнæмæнг æрцæудзæн кæрон фыдракæндтæн дæр.*

* * *

*Хуыцæуттæн – кад, ныйяарджытæн – намыс.*

* * *

*Йæ адзалы бонмæ амондджын никæй æмбæлы хонын.*

* * *

*Дæ хæлары дæр æгæр арæх ма бæрæг кæн, науæд дæ фæзæрдæцъæх уыдзæн.*

* * *

*Бирæтæ кæмæй тæрсынц, уый дæр йæхæдæг æдас ма уæд бирæтæй.*

* * *

*Æмсæртæ хæст нæ къахынц.*

* * *

*Дæ хæлары хибарæй фау, æппæлгæ та дзы адæмы астæу кæн.*

* * *

*Зæрондæй дæр ма лæг ахуырдзау у.*

* * *

*Бардзырдтæ дæттыны размæ уал дæхæдæг коммæгæс æмæ уисæнгæнæг су.*

* * *

*Ма тæрхон кæн, цалынмæ быцæугæнджытæн сæ дыууæтæм дæр нæ байхъусай, уæдмæ.*



**Пифагор**

**Пифагор** (570 – 500 азтæ Чырыстийы райгуырды размæ). Рагон дунейы стырдæр математик, нымæцонты тыххæй ахуырад саразæг: алцæй бындуры дæр, дам, нымæцон ис…

*Уæ сывæллæтты цæссыгтыл ауæрдут: уæ зианы сахат сæ бахъæудзысты.*

* * *

*Мæстыйæ нæдæр дзурын æмбæлы исты, нæдæр архайын.*

* * *

*Кæцыфæнды адæмæн дæр дæ бамбарын куы фæнда сæ уаг, сæ миниуджытæ, уæд уал сын раздæр се 'взаг базон.*

* * *

*Иугæр дæ бон цæргæс уæвын у, уæд уымæ ма тырн, цæмæй халæтты 'хсæн фыццаг уай.*

* * *

*Дæхицæн хæлар равзар: иунæгæй амондджын нæ уыдзынæ, амонд дыууæйы хай у.*

* * *

*Кæд «о» æмæ «нæ» цыфæнды цыбыр сты, уæддæр сыл хъуамæ дæргъвæтин рæстæг ахъуыды кæнай сæ зæгъыны агъоммæ.*



Эсхил

**Эсхил** (525 – 456 азтæ Чырыстийы райгуырды размæ). Хонынц æй трагедийы фыд, антикон театр рацаразæг.

*Амондджынæн æнцон вæййы æнамондæн зонд амонын.*

* * *

*Куырыхон уый нæу, æмæ бирæ чи зоны, фæлæ ахæмыл нымаинаг уый хъуамæ уа, æмæ йæ зонындзинæдтæ пайдайаг кæмæн сты.*

* * *

*Йæ хъысмæтæй хъæстаг ахæм æнамонды хуындæуы, æмæ хæлæггæнæг æппындæр кæмæ нæй.*

* * *

*Æрцæуинаг цы у, уымæн йæ размæ цæлхдуртæ ничима сæвæрдта.*

* * *

*О, тыхст ран бахаудтæн, фæлæ уыйадыл æндæрты дæр тыхстаг кæнон, уымæн уый æфсон нæу.*



Софокл

**Софокл** (496 – 406 азтæ нæ дуджы размæ). Драматург, мах рæстæгмæ уымæн йæ 120 драмæйæ æрхæццæ 7 трагедийы, уыдонимæ «Антигонæ», «Эдип-паддзах», «Электрæ»…

*Знæгты лæвæрттæ фыдбылызхæссæг сты.*

* * *

*Хуыцау сафинаг кæй вæййы, уымæн уал раздæр йæ хорз зонд ныггалиутæ кæны.*

* * *

*Бирæ дзурын æмæ исты зæгъын иу не сты.*

* * *

*Хорз зонд амонды ныййарæг мад у.*

* * *

*Хъус æмæ мацы дзур.*

* * *

*Бæллæхты бæллæх – æвæгæс зæры кар!*

* * *

*Стыр хъуыддæгтæ талф-тулфæй кæнгæ не сты.*



**Геродот**

**Геродот** (485 – 430 азтæ ног æнусты размæ). Иумæйаг хатдзæгмæ гæсгæ нымад æрцыд историйы фыдыл. Æнæ уый фæллæйттæй нæй базонæн Рагон Хурыскæсæны цардыуагæн.

*Сылгоймаг йæ уæлæдарæсимæ йæ къæхты бынмæ æрæппары йе ’фсарм дæр.*

* * *

*Тæригъæд дын кæныны бæсты дæм фæлтау хæлæг кæнæнт.*

* * *

*Иугæр ныхмæвæрд хъуыдытæ загъд не ’рцæуынц, уæд цы хуызы ис базонæн сæ растдæры?!*

**Еврипид** (480 – 406 азтæ ног æнусы размæ). Эсхил æмæ Софоклы æмрæнхъыл нымад трагик, стæй ма поэт дæр у. Йæ 17 пьесæйæ ног дугтæм чи æрхæццæ, уыдонæй тæккæ зындгонддæр сты «Электрæ» æмæ «Медея»…



Еврипид

*Цард нын зынаргъ куыд нæ у, куыд нæ, фæлæ иу æнкъарæн уæддæр ахсджиагдæр хонын: раст кæй дæ, ууыл æууæндын.*

* * *

*Цард æнауæрдон тох у.*

* * *

*Сæрибар лæджы номæй дзы уæлдæр ницы ис.*

* * *

*Фыдлæгæй чи райгуырд, уый дын зæрдæхæлар уа, – нæ мæ уырны.*

* * *

*Дыууæ быцæугæнæгæй иу мæстыгæр куы уа, уæд сæ зонджындæрыл ахæмы нымайын хъæуы, кæцы сæ фæтаса.*

* * *

*Зынджы иунæг стъæлфæй дæр дывзагондзых арт ссудзын кæны.*

* * *

*Дзырды сусæгдзинад базонынæй тыхджындæр зонд нæй – йæ фæрцы кæныс уæлахиз.*

* * *

*Иугæр дæ цард дæ цæсты кадджын кæм у, уым иннæмæн дæр æгаддæр нæу – дæ зæрдыл æй дар!*

**Демокрит** (460 – 370 азтæ нæ дуджы размæ). Стыр ахуыргонд, алцы дæр хицæн атомтæй арæзт кæй у, ахæм теорийы бындурæвæрæг, философ-материалист. Къорд сты йæ зондæмхиц ныхæстæ, фæлæ мæнæ се 'взаргæдæртæ – махмæ гæсгæ:

*Рæстаг зондыл ахæм лæг хæст у, æмæ йæм иу кæнæ иннæ кæй нæй, ууыл йæхи чи нæ хæры, фæлæ, цы гæс у, ууыл чи цин кæны.*



**Демокрит**

* * *

*Хионтимæ хыл уæлдай зæрдæхалæндæр у æддагонтимæ зулдзых æмæ зулдзæст уæвынæй.*

* * *

*Мæнæн зонды ныхас сызгъæринæй зынаргъдæр у.* (Мæ мад Замирæт та-иу афтæ зæгъаг уыд: *«Дæхи сызгъæриныл атигъ кæн, зонджын уынаффæйыл та – макуы!»).*

* * *

*Æмхуызон хъуыдытæ æмæ цæстæнгас хæларад сайынц.*

* * *

*Кæд зыбыты иунæг дæ, уæддæр дæхи хиз худинаджы хъуыдытæ æмæ хъуыддæгтæй; искæмæй нæ, фæлæ дæхицæй æфсæрмы кæныныл дæхи æппæты фыццаг дом, ууыл ахуыр сæйрагдæрыл нымай.*

* * *

*Æцæгдзинад арф æвæрд у, бынноз.*

* * *

*Йæ хай хорз сиахс кæмæн фæцис, уымæн фырт фæзынд; кæд ницæйаг разынд – дæ чызгыл дæр дæ къух ауигъ.*

* * *

*Искæй рæдыдтыты бæсты дæхионтæ 'ргом кæн – уый кæуылты хуыздæр у.*

* * *

*Дæ тæригъæдтæ æрмæст дæхæдæг дæхицæн куы хатыр кæнай, куы барай, уæд дæуæй æдзæсгом æнæ рауайгæ нæ уыдзæн.*

**Сократ** (470 – 399 азтæ нæ дуджы агъоммæ). Ирæттæ ма сæ фырттыл дæр, стæмхатт, фæлæ ахæм ном – Сократ, зæгъгæ, æвæрдтой



**Сократ**

– куыд æй нæ зыдтаиккой, чи у, уый та: номдзыд философ, диалектикæйы бындурæвæрджытæй иу. Рæстдзинады охыл йæ дзых нæ лæууыд, алы мæнг философтæ, галиузонд философтæ-ахуыргæнджытæ, мæлгъæвзагæй дызгъуын-мызгъуын ныхæстæгæнджытæ-йедты хæраймаг митæ хурмæ калдта, адæмы мулчы охыл сайут, зæгъгæ. Æмæ ахæмты ахуырдзаутæ Сократы дæлбазырмæ фæлыгъдысты.

Иу хицаудзинады фарсласæг дæр нæ уыд – тиранийæ зæгъай æви демократийæ, иугæр-иу уыдон рæстæрдæм нæ архайдтой, рæстад сæм-иу нымады куынæ уыд, уæд. Йæ ахуырдзаутæ Ксенофонт æмæ Платон ын йæ цардвæндаджы тыххæй куы фыстой, уæд загътой, зæгъгæ, йе знæгтæ йыл дам-думтæ, хахуыртæ фехъусын кодтой афинаг тæрхондонмæ, ома, дам, ног хуыцæуттæ æрымысыд æмæ фæсивæды зондахаст тæссармæ кæны.

Гъемæ йын марыны тæрхон рахастæуыд – цикутæйы марг бануæзта…

*Æз уый зонын, æмæ кæй ницы зонын.*

* * *

*Ус курын, рæстытæ куы дзурæм, уæд фыдракæнд у, фæлæ æнæмæнгæй хъæугæ фыдракæнд.*

*Хæрз уаг æмæ фыд уаг кæрæдзийæ иртасын у зонды уæлдæр æнтыст.*

* * *

*Ис æрмæстдæр иунæг фарны фæзынд – зонын æмæ ’рмæстдæр иунæг фыд – талынг зонд.*

* * *

*Æрхæссай бинойнаг, ма ’рхæссай – уæлдай нæу: алкæд дæр фæсмойнаг уыдзынæ.*

* * *

*Исты зæгъ æмæ мæм разынай!*

* * *

*Цас бирæ цыдæртæ ис мæ алыварс, мæн мур дæр цы нæ хъæуы, ахæмтæ.*

* * *

*Кæд æй дзырд нæ амардта, уæд ын лæдзæджы бон ницы у.*

* * *

*Фæлтау лæгау лæгæй амæл худинаджы цардæй цæрыны бæсты.*

* * *

*Иугæр дæ дуне сæнкъуысын кæнын бафæндыд, уæд уал раздæр дæхæдæг фенкъуыс.*

* * *

*Талф-тулфæй цы счындæуыд, уый хæрзхъæд никуыма уыд æмæ никæд уыдзæн.*

* * *

*Цæмæй цæрай, хæрын уый охыл фæтчы, фæлæ уый номыл ма цæр, цæмæй дæ гуыбын дзаг кæнай.*



**Гиппократ**

**Гиппократ** (460 – 377 азтæ нæ дуджы агъоммæ). Рынчынæн дохтыры дзæбæхгæнæн мадзæлттæ ницы фæахъаз сты, зæгъгæ, уæд ахæм дохтыр, йæхи рæстытæ кæнгæйæ, фæзæгъы: «Мы не боги». Уартæ ног дуджы размæ та ма æнæхъæн 450 азы куы хъуыд, уæд Асклепи-Эскулапы йæ фæсмæлæт Ромы схуыдтой рынчынты ирвæзынгæнæг хуыцау. Рагон Грецийы та йæ номыл уыд кувæндæттæ – дзуары лæгтæ уым низæфхæрдтæм зылдысты.

Гъемæ уæдæ уыцы мыггагæй –

Асклепиатæй – рацæугæ уыд стыр дохтыр, медицинæмæ зынгæ ивд-дзинæдтæ бафтауæг Гиппократ дæр.

Уæдæ йæ ном афтæ нымад-кадджын сси рагæй фæстæмæ, æмæ æгас дунейы хæрз æрæджыты суинаг дохтыртæ цы ард хæрын райдыдтой, уый дæр хонынц «Гиппократы ард».

Йæ бындурон рахæцæн та афтæ амоны ардбахæрдæн, æмæ дохтыр рынчынæн – уый чифæнды куы уа, уæддæр! – æвзæргæнæг никуы уыдзæн зонгæ-зоныны.

Гиппократ алы хостæй фалæмæ ма æхсидгæ Дзырды хъомысæй дæр дзæбæх кодта дзыллæйы зонд æмæ 'нкъарæнтæ:

*Адæймаджы уд суанг йæ мæлæты сахатмæ дæр рæзгæ кæны.*

* * *

*Дохтыр низтæ дзæбæхгæнæг у, æвдадзы хос сын æрдз басгуыхы.*

* * *

*Гауызы рыгтæ куы цæгъдай æмæ йæ афтæмæй куы сыгъдæг кæнай, уыйау гимнастикæ дæр сыгъдæг кæны лæджы буар.*

* * *

*Дохтырæн йæ архайды хъуамæ рынчын дæр йæхædæг æххуыс кæна, стæй алыварсы адæм æмхуызонæй, стæй царды алы фæзындтæ æмæ æууæлтæ иумæ.*

* * *

*Цыдæриддæр аивадтæ, арæхстдзинæдтæ, дæсныйæдтæ ис, уыдонæй æппæтæй фæрнджындæр у медицинæ.*

* * *

*Мацы знаггад ракæн!* (Ома дохтыр рынчынæн…).

* * *

*Ныхмæвæрд æндæр ныхмæвæрдæй дзæбæхгонд цæуы.*

* * *

*Сылгоймаджы зæрдæ, арв стъалытæй куыд дзаг у, афтæ уый та мæнг ныфсæвæрæнтæй дымст у.*

* * *

*Хостæ цы нæ дзæбæх кæнынц, уый дзæбæх кæны æфсæйнаг; æфсæйнаг цæмæн нæу ахъаз, уый йæ сæрæн кæны арт; арт дæр цæмæн нæу ахъазгæнæг, уыцы уавæр нымаинаг у адзалыл.*



**Платон**

**Платон** (йе ‘цæг ном Аристокл, 427 – 347 азтæ нæ дуджы агъоммæ). Уыдис Сократы ахуырдзаутæн сæ тæккæ рæвдздæр, уæдæ йыл йæ æнустæм номæвæрæг дæр уыд йæ конд, йе уæнгты амад – дзырд «платон» амоны уæрæхуæхск æмæ фæтæнриу.

Куы бахъомыл, уæд дзы рауад дæрдтыл хъуыстгонд философ-реалист, дунейы мидæг фыццаг Академи уый байгом кодта, афтæ та йæ схуыдта таурæгъты хъайтар Академосы кадæн, кæцы, дам, Диоскуртæн Зевсы фаззон фырттæ Кастор æмæ Полидевкæн бацамыдта, Тесей сын сæ хо Еленæ Спартайнаджы кæм æмбæхсы, уыцы бынат. О, Трояйы хæст Еленæйы азарæй райдыдта…

Тынг бирæ диалогтæ ныффыста Платон, сæ бындур та у Сократы логикон быцæу искæимæты. Йæ 10 чиныджы схуыдта «Паддзахад», йæ царды кæронмæ ‘ввахс та фæзынд уацмыс «Закъæттæ».

Йæ фæстæ мыггагмæ къорд дзырдбасты æмæ зондæй дзаг ныхæстæ баззад, къорд дзы æрымысдзыстæм…

Афтæ фæзагъдæуы, «платойнаг уарзондзинад», зæгъгæ. Уый та амоны æнусон исты, ивгæ цы нæ кæны, уый уарзын, ракурын дæр фæтчы æрмæст идеалон къай, дæ цард снывонд кæнын æрвон цæмæндæр, æнæмæлæт хъуыддагæн…

Паддзахадтæ, дам, сæ бæллæхы уавæртæй нæ фервæздзысты, цалынмæ сæ сæргъы зонынджын философтæ нæ уой, уæдмæ – ахæм уыд Платонæн йæ сæйраджы-сæйрагдæр хъуыды.

Уæдæ дæлдонгонд материк Атлантидæйы тыххæй уыци-уыци дæр æнустæм уый æрхъуыды у. Кæм фæдæлдон, уый ма абон дæр агуырдæуы…

Уæдæ тынг арæх дзырдæуы ахæм ныхæстæ дæр: «Платон мын

хæлар у, фæлæ мын рæстдзинад-æцæгдзинад та зынаргъдæр у…» (Афтæмæй уыдон йæхæдæг Сократæй загъта).

…Дæлдæр, зæрдæ куыд бавæрдтам, афтæ ацы стыр философы бирæ афоризмтæй иукъорд:

*Хуыцау нæхи мидæг ис.*

* * *

*Се 'нæрай цард адæм æххуырсынц сæ хъысмæт, хуыцæуттæ æмæ алцæуыл дæр, æрмæст æй сæхи азар никуы хонынц.*

* * *

*Уарзты æнкъарæн уарзæгойы къуырм кæны.*

* * *

*Ныфсытæ цардбарджыты фынтæ сты.*

* * *

*Кæй ницы зоныс æмæ 'мбарыс, уый æппæты сæфтдæр хабар нæу, уымæй кæуылты бæллæхдæр у, рæстмæ цы нæ зоныс, ууыл ныддæвдæг уæвын.*

* * *

*Йæхæдæг хæрæмттæ чи нæ кæны, уый дæр кады аккаг куыд нæу, фæлæ дыууæ хатты намысджындæрыл нымаинаг та уый у, æмæ æндæр искæй дæр хæрæмтты цæуын чи нæ уадзы.*

* * *

*Рæстдзинады дзырд хуымæтæг вæййы.*

* * *

*Цал цагъайраджы ис, знæгтæ дæр уыйбæрц сты.*

* * *

*Искæй амондыл тыхсгæйæ, лæг йæхи амонд саразы.*

* * *

*Хорз райдиан – хъуыддаджы æмбис.*

* * *

*Алы фарстайæн дæр ис дзуапп ссарæн, æрмæст уый тыххæй раст фарстæуæд.*

* * *

*Хорз лæгыл йæ цæргæйæ дæр худинаджы хабарæй ницы æрцæудзæн, стæй йæ фæсмæлæт дæр.*

* * *

*Фæрнæйдзаг хъуыддаг дæр æдылымæ хорз нæ кæсы.*

* * *

*Фыссын кæй базыдтам, уый фыдæй нæ бирæ хорз цыдæртæ рох кæнын байдыдтой.*

* * *

*Худæг цы у, уый куынæ базонай, уæд, зæрдиагон цы у, уый дæр нæ базондзынæ. Ныхмæвæрдтытæ кæрæдзийы базонынæн ахъаз сты.*

* * *

*Поэты кæд уый фæнды, æмæ цæмæй æцæг поэт уа, уæд æй мифтæ сфæлдисыныл фæцалх уæвын хъæуы, алы зондамонæнтыл нæ, фæлæ.*



**Аристотель**

**Аристотель** (384 – 322 азтæ нæ дуджы агъоммæ). Стыр ахуыргонд æмæ философ – Платон æй хуыдта «æцæгдзинады философ» æмæ йæ Академийы зонд. 343 азы йæ Филипп Дыккæгæм æрбахуыдта йæ фыртæн хъомылгæнæгæй – дунейы суинаг стырдæр балхон Александр (Искандер) Мæчъыдойнагæн–Македонскийæн.

Фæстæдæр уый загъта: «Мæ фыд мын цард радта, мæ хъомылгæнæг та мæ рæсугъд æмæ рæстадæй цæрынил сахуыр кодта».

Йе сфæлдыстадон бынтæ Аристотелæн сты ахадгæ, къорд трактаты баззад йæ фæстæ: «Арвы тыххæй», «Цæрæгойты истори», «Уды тыххæй», «Метафизикæ» æмæ æнд.

Уæдæ базырджын ныхæстæ дæр фаг ныууагъта – равзарæм дзы:

*Бузныг дæ тынг цыбыр рæстæджы дæргъы уыдзысты адæм.*

* * *

*Козбау лæгæн хорзæй тас нæу: ахæмтæ ницытæ æмæ ничитæ сты.*

* * *

*Ныхасы хорз æргом у, стæй сыгъдæг.*

* * *

*Æппæтæн хæлар никæй хæлар вæййы.*

* * *

*Хæлар – уый иу уд у, æцæг дыууæйы буары мидæг фæцæры.*

* * *

*Цы ис, уый фаг у хæларадæн, уæлдай ницы фæдомы, куы йын æмбæла, уæддæр.*

* * *

*Цард архайын, змæлын агуры.*

* * *

*Рæдийын алчи дæр зоны, фæлæ ’рмæст зондцух ныффæрск вæййы йæ рæдыдыл.*

* * *

*Фæлтау иу хъуыддаг нывыл сæххæст кæн, дæсгæйттæ хылы-мылытæй скæныны бæсты.*

* * *

*Райдайæн – хъуыддагæн йе ‘мбисæй фылдæр кондыл нымаинаг.*

* * *

*Адæймаджы царды нысан – рæстад архайд.*

* * *

*Ахуырады размæцыд кæд у, фæлæ æфсармæй та фæстæзад æййафы, уæд уый размæ нæ, фæлæ фæстæрдæм цæуы.*

* * *

*Фыдгæндæн æрмæстдæр мæнг æфсон хъæуы.*

* * *

*Бирæ цыдæртæ ’рцæудзæн, цалынмæ сæны сыкъа дæ былтыл сдарынмæ хæссыс, уæдмæ.*

* * *

*Иутæ ахæм чъынды сты, раст цыма æнустæм цæрынвæнд скодтой, иннæтæ ахæм рæдау æмæ таучел сты, раст цыма тæккæ райсом ахицæн уыдзысты.*

* * *

*Хъазæн ныхас уыйадыл хъæуы, цæмæй зæрдиаг хъуыддаг сарæзтæуа.*

* * *

*Цæмæй цъаммар лæгæн йе ‘фсарм райхъал уа, уый охыл ын йе ’хсæрварс ахъаззаг ныддау.*

* * *

*Æхсæнадæй иппæрд лæг кæнæ хуыцаугонд у, науæд та –хъæддаг сырд.*



Менандр

**Менандр** (343 – 291 азтæ нæ дуджы агъоммæ). Рагон бердзенаг драматург æмæ поэт. Йæ пьесæты хъæддыхæй дзырдта сывæллæттæ æмæ мадæлты сæрыл, сæ фарс хæцыд цагъайрæгтæн, хурмæ калдта алы хæрамгæнджыты фæлитой митæ. Йæ цыргъ ныхæстæ-иу адæмон систы. Астæуккагæнусон Уæрæсейы уæрæх зындгонд уыд йæ ном…

*Æнæрвæссонæй æлгъыстагдæр миниуæг нæй.*

* * *

*Зæрдæхæлар бинойнаг ус – мæлдзыг, фыдсыл – æнæбын мигæнæн.*

* * *

*Хæларæй æппæлын – хи стауын.*

* * *

*Арфæ кæнын йæ цæфыл вæййы уæлдай æхсызгон.*

* * *

*Алы ныхæстыл дæр хицаудзинад, раст ын цыма сты, ахæм мыхуыр æвæры.*

* * *

*Рæстæг раиртасы æцæг хæлары, сызгъæрины та – арт.*

* * *

*Цы ныхæстæ не ’рцыдысты загъд, арф хъуыдытæ уыдоны мидæг баззадысты.*

* * *

*Мæстджынæй дæр дæ хæлары сусæгтæ ма хъæр кæн.*

* * *

*Æфхæрд уды æвдадзы хос – лæгъз ныхас.*

* * *

*Искæдæм уазæгуаты куы бацæуай, уæд сын сæ сабиты ахастмæ дæ цæст дæр: кæд дыл уыдон бацин кодтой, уæд бинонтæн дæр æхсызгон у де ’рбацыд.*

* * *

*Æрмæст йæхи уды хорзæн цæрæг адæймаджы цардæй нæ цæры.*

* * *

*Иу барæнæй баргæ сты лæджы знæгтæ дæр æмæ йæ хæлæрттæ дæр.*

* * *

*Цы ‘мбисонд у адæймаг, æцæг адæймаг куы уа, уæд!*

* * *

*Нозт – хæрх, зонд – чысыл.*

* * *

*Æдзæмæй лæуд – æппæтæй зылынджындæргæнæн мадзал.*

* * *

*Алкæуыл дæр æмæ алцæуыл дæр æууæндын – æдылы миниуæг.*

* * *

*Сылгоймæгты хъæлæба – хæдзар арты хай.*

* * *

*Фылдæртæ – хæлаpады нæ, фæлæ фынгæмбæлттæ.*



**Эпикур**

**Эпикур** (342 – 270 азтæ нæ дуджы агъоммæ). Философ-материалист. Лæгæн, дам, йæ удхайраг уавæры аххосæгтæ йæхи мидæг сты – æнæбындур бæллицтæ æмæ тас. Йæ амонды нысантæ – хæларад, рæстад æмæ фидар зонд. Йæ 300 уацмысæй фæстагæттæм æрхæццæ ‘рмæстдæр нымад фыстæджытæ, афоризмтæ æмæ ныстуан.

*Кæд иугæр истæмæ бахæлæг кодтай æмæ бабæллыдтæ, уæд уал раздæр дæхи афтæ æрфæрс: хорз, бафтыд мæ къухы – æмæ уæд æз цы уыдзынæн кæнæ та цы бауыдзынæн, куы ницы мын дзы рауайа, уæд дæр?*

* * *

*Фæлтау, хъæмпы уæлæ хуысгæйæ, мацæмæй тæрс, сызгъæринты кæриийыл бадгæйæ æнæнцой уай, фесхъиу-фесхъиу кæнай удаистæй, уый бæсты.*

* * *

*Мæлæтæй бæллæхдæр ницы ис, о, фæлæ уый махмæ мур дæр ницы бар дары: ды цалынмæ дæ, уæдмæ мæлæтæн йæ кой дæр нæй; уый куы ралæууы, уæдмæ та ды нал дæ...*

* * *

*Æнæстъæлф, æнæмæт, æдæрс – рæстады хуыздæр лæвæрттæ.*

*Уыдзæн ма*

## ЦАРДÆЙ ИСТ ÆЛВÆСТ ХЪУЫДЫТÆ

✓ Мард – удæгæстæн хæринаг.

✓ Уæлæмæ дзы цы нæй, авд ахæмы дзы бынæй ис.

✓ Лæдзæгæн дыууæ кæроны ис.

✓ Хæдзаргæнæджы мард – фæсдуар.

✓ Ног цъылын мæрзаг у.

✓ Арыххъы къуылдымтыл арт сыгъди, рувас та йæм Елхоттæй йæхи тавта.

✓ Гæды фиумæ куынæ æххæсса, уæд æй мархо хоны.

✓ Куырис сыгъди, æмæ йыл бæттæн худæгæй марди.

✓ Бирæгъыл ахæм рæстæг акæны, æмæ куыдзы бын дæр атулы.

✓ Куыдзы куыдзау макуы бафæзм.

✓ Куыдзы тугæй æхсад лæгæй æфсарм макуы бацагур.

✓ Бирæгъ фысы цармы.

✓ Сабыр фысы комæй хал нæ раласдзæн.

✓ Бирæгъæн сæгъы мехъхъ – худæджы хос.

✓ Сабыр малы хæйрæг бады.

✓ Хæфсæн йæ лæппын – хуры тын.

✓ Гогыз бындзмæ куы кæса, уый каст кæны.

✓ Куыдзы комæй – стæг.

✓ Уасаг гæды мыст нæ ахсы,

✓ Хæдзармæ мысты мард æрбахæссын дæр пайда у.

✓ Фыдхъус – хæдзархал.

✓ Зымæг дзы мит дæр нæ рантысдзæн.

✓ Мыст къахта æмæ йæхицæн – гæдыйы сæр.

✓ Хæдзармæ уæз нæй.

✓ Цымгæйы хæрд – къæсæрæй дуармæ.

✓ Хур æппæт адæмыл дæр не ‘ххæссы.

*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

# «ДÆ КУЫСТЫ ДÆ УД БАВÆРДТАЙ, УЫЙ ДЗЫЛЛÆ ХЪУАМÆ ÆНКЪАРА…»

РЦИ-Аланийы адæмон нывгæнæг Ходы Никъала йæ райгуырæн Ирыстонæн бирæ хорздзинæдты бацыд куыд бæрзонд æмвæзады разамонæг æмæ сфæлдыстадон кусæг. Бирæ азты дæргъы уыд завод «Электроцинк»-ы директор æмæ уыцы иу рæстæг нывæста йæ бирæ куыстытæ. Абон сæ уынæм Ирыстоны алы рæтты æмæ æнкъарæм йæ къухæвæрд æмæ уды хъарм…

Стыр цардмæ фæндаг Ходы-фыртæн се 'нцонтæй нæ рауад. Райгуырд 1936 азы Дзæуджыхъæуы Ходы Владимир æмæ Алыккаты Надеждæйы бинонты 'хсæн. Йæ фыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты быдырæй нал сыздæхт, æмæ мады бахъуыд йе 'ртæ фырты æмæ чызджы иунæгæй хæссын. Уымæ гæсгæ загъта фидарæй Никъалайæн: «Авд къласы каст куы фæуай, уæд Хæххон-металлургон техникумы металлургон хайадмæ ахуырмæ бацæудзынæ. Уым стырдæр стипенди ис, æмæ уал хъæугæ дæсныйад райс». Уæдмæ лæппуйы нывгæнæджы курдиат раргомæввонг уыд – скъоладзау архайдта абоны Дзæуджыхъæуы Тауаситы Сослæнбеджы номыл Сывæллæтты аивадон скъолайы бындурæвæрæг Николай Жуковы нывгæнджыты къорды.

Йæ мады ныхасыл Ходы сæрæнгуырд дыууæ нал загъта. Фæци техникум, уый фæстæ райста уæлдæр ахуырад, хуымæтæг кусæгæй бацыд заводмæ æмæ йæ директоры онг сырæзт. Йæ хъару, йæ зонд, йæ нысанмæ тырнæн зондахасты руаджы.

Уымæ скульпторы курдиат дæр дурты бын нæ фæци, кæмдæр ын йæ бæрнон куыст уæрæхдæр фæндаг гæрдынæн дæр фæахъаз. Уый тыххæй раст ныхæстæ зæгъы кинематографист, фыссæг æмæ журналист Гуыдиаты Гермæн: «Николай Ходов, директор гиганта цветной металлургии – завода «Электроцинк», духовно чистоплотен и интеллектуально неамбициозен, хотя все мы люди, а святость избирательна и частична даже в житии апостолов... <…>

Медлителен, хотя напряжен, как пружина. При необходимости может рвануть с места, как стайер или молниеносно провести прием.

Человек дня и завтрашнего, но и консервативен, ибо не изменяет своим принципам. При этом гибок там, где гибкость необходима. Понимая все ипостаси компромисса, на худшие из них не идет, даже если на весах – его собственная жизнь... <…> Даже уходя в себя, он идет к людям, как трибун, который и в пустыне ищет аудиторию, пусть не согласную ни с одним его словом... Ходову близка общественная деятельность, но деятельность, а не безвольное присутствие с дебатами «по поводу» и мельканием в ложах, на страницах газет или экране телевизора... <…>

Пронзительный, но не бесцеремонный взгляд Ходова исключает возможность лжи – его оппоненты это знают, а тот, кто не знает, пеняет потом на себя. <…> При первой возможности он выступает спонсором в любом деле, не выходящем за рамки права, но и не плетущемся за робкой волей озирающегося труса... Приняв решение, он стоит на своем, всегда готовый к аргументации, как правило, доказательной. <…> Ходов – еще и скульптор. Не доморощенный любитель, а профессионал, к чести лично для него, без диплома, ибо прозрению не учатся, а ремесло лучше всего постигать в процессе работы. <…> Его образы не лепятся, а строятся, пусть из мельчайших, но плоскостей». Ома куыд разамонæг, афтæ йæ гæнæнтæй пайда кодта йæ дзыллæйæн хорздзинæдты бацæуыны охыл, æмæ йын æнтысгæ дæр бакодта.

Фыццагдæр завод «Электроцинк»-ы заказмæ гæсгæ сырæзт Дзæуджыхъæумæ Джызæлы ‘рдыгæй æрбацæуæны æвæрд Советон Цæдисы Хъæбатыр Петр Барбашовы цыртдзæвæн. Æдæппæт Ирыстоны алы рæтты сфидыдтой йæ 20 монументæй фылдæр.

Плиты Иссæимæ æмхъæуккæгтæ уыдысты, хæларæй цард Никъалайæн йæ фыд æмæ фыдыфсымæримæ. Никъалайы нывæст номдзыд æфсадхон ныр фæлгæсы Терчы былгæронæй. Уарзта Михаил Лермонтовы сфæлдыстад, æмæ йæ фæлгонц сфидыдта йæ райгуырæн горæты. Йæ райгуырæн Нарыл фæлгæсы Хетæгкаты Къоста. Йæ мады номæй æппæт ныййарджыты ном дæр ссардта йæ куыст «Мады зæрдæ»-йæ. Ирыстоны фидауц сси Тæмисчъы къæдзæхыл æвæрд Уастырджи, æрдзы хъæбысы парк «Нæртон»-ы æвæджиауы хорз фидауынц Нарты кадджыты хъайтарты фæлгонцтæ.

Ацы æмæ йæ бирæ æндæр куыстытæ автор цæстуарзонæй лæвар кодта йæ райгуырæн дзыллæйæн. Домдта йæхицæй, домдта иннæтæй

дæр: «Æз афтæ уынын, зæгъгæ, дзур, æмæ, дæ куыст адæмы зæрдæмæ фæцæудзæн æви нæ, ууыл ма хъуыды кæн, уымæн уæвæн куыд ис?! Темæтæ, æрмæджытæ, æнкъарæнтæ – фагæй фылдæр, фæлæ дын алцæмæ дæр дæхи ног цæстæнгас, дæхи ног бавæрд куынæ уа, уæд цавæр нывгæнæг дæ?! Дæхицæн нæ – дзыллæйæн кусыс, æмæ дæ уый хъуамæ рох макæд уа. Дзыллæйы зæрдæмæ чи нæ цæуы, дзыллæ аргъгæнæг кæмæн нæу, уыцы аивад цардхъом никæд уыдзæн. Дæ куысты бавæрдтай дæ уд, æмæ уый хъуамæ æнкъарæг уа, адæмы зæрдæмæ дын цæуа…»

Ахæм зондыл хæстæй аивады сæхи къабæзты архайæг рауадысты йæ бинойнаг Кокойты Агуындæ æмæ йæ чызг Ходы Виолæ дæр. Агуындæ бирæ азты дæргъы æнтыстджынæй разамынд дæтты хор «Алани»-йæн, цардæй æгæр раджы ацæуæг Виолæ та сарæзта, æнæхъæн дунейыл йæ кой кæмæн айхъуыст, ахæм театр «Арвайдæн».

Æвæллайгæ сфæлдыстадон кусæг, куырыхон хистæр Ходы Никъала не ‘хсæнæй ацыд 2024 азы. Фæлæ Ирыстонæй рох нæ уыдзæн, цалынмæ йæ куыстытæ ног æмæ ног фæлтæрты зæрдæтæ рухс кæной, уæдмæ…



# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



# ХОДЫ НИКЪАЛА: 90 АЗЫ



Бинонтæ



Сабибонты



Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантимæ Петр Барбашовы цыртдзæвæны раз



Плиты Иссæ. Дзæуджыхъæу




Мады зæрдæ. Дзæуджыхъæу



Петр Барбашов. Джызæл


Михаил Лермонтов. Кисловодск



Михаил Лермонтов. Дзæуджыхъæу



Уастырджи. Тæмискъ



Хетæгкаты Къоста. Нар


ПАРК «НÆРТОН»


УАСТЫРДЖЫ


САФА




УÆРХÆГ
ÆМÆ ЙÆ ФЫРТТÆ


ÆХСАР ÆМÆ
ÆХСÆРТÆДЖЫ МÆЛÆТ


УЫРЫЗМÆГ


АЦÆМÆЗ


ДОНЬБЕТР


ЕФСАТИ


САТАНА

СЫРДОН

ДАУЫРАТЫ Дамир

# РАДЗЫРДТÆ-ÆЦÆГ ХАБÆРТТÆ

## ÆХСЫЗГОН БЫЦÆУ ИУ СИДТÆЙ ИННÆЙЫ ‘ХСÆН

Æрæджы Дзæуджыхъæуы мæ рагон хæлар Дзбойты Михалимæ æз дæр хуынды сæмбæлдтæн уымæн йæ хæстæджытæй кæмæдæр. Фынгыл иу-дæс-дыууадæсæй уыдыстæм, æз се ‘ппæты нæ зыдтон, кæйдæрты дзы федтон фыццаг хатт. Хистæрæн нын чи бадт, бæрзонд, урсрихиджын лæппулæг, уый æртыккаг сидты фæстæ сыстад æмæ афтæ зæгъы, мах, дам, æппындæр раст нæ уыдзыстæм, ацы фæрныг хæдзары сæмбæлгæйæ, рагацау куынæ базонгæ уæм, уæд: чи дæ, кæмæй дæ, кæцон дæ. Уый, куыд æй бамбæрстон, афтæмæй не ‘ппæтæн дæр æхсызгон уыди. Бадæм, нуазæм, сидтæй сидты ‘хсæн кæрæдзийы рафæрс-бафæрс кæнæм.

Уæдмæ фæйнæ цалдæры дæр фæдæле кодтам, чи водкæ нуæзта, чи – арахъхъ. Мæнæ куыд фæзæгъынц, нæ «гæлæбутæ стæхынмæ» нæ бирæ нал хъуыдис, афтæ нæ ныхас æхсызгон быцæумæ рахызти. Цы Хуыцау æй сардыдта, уый дын нæ зæгъдзынæн, мæ кæсæг, фæлæ йæ ракъахта, мæ тæккæ бакомкоммæ чи бадти, уыцы Сафар – йæ ном афтæ схуыдта, æвæццæгæн, мæ карæн уыдаид. Кæцыдæр сидт куы ахицæн, уæд мæм нымдзаст, æмæ йæ æз йæ цæстæнгасæй бамбæрстон, цыдæр зæгъинаг мын у, уый. Афтæ дын мын:

– Мæнæ хорз лæг, дæ кой дын рагæй хъусын, уынгæ та дæ хæстæгмæ фыццаг хатт кæнын... Уæдæ-ма мын зæгъ: уæлæ горæты сæрмæ цы кадджын уæлмæрд ис, уым стыр Хуымæллæгæй цалы бавæрдтой?

Цæмæ, цæмæ, фæлæ æз ахæм фарстмæ, уæлдайдæр цины фынгыл, цæттæ нæ уыдтæн, æмæ, цалынмæ рахъуыды-бахъуыды кодтон мæ дзуаппыл, уæдмæ уый йæхæдæг фæразæй:

– Махæй дзы æртæйæ сты: Иссæ, Бибо æмæ Камал. Кæд ма исты зонын, уæд фæстаг дыууæ дæ хæлæрттæ уыдысты. Æви йыл нæ сæттыс?.. Сымахæй та дзы зыбыты иунæг ис – Галазты Æхсарбег...

Нæ алыварс ничи ницы дзуры, фынджы хистæр нæ нæ уромы, æвæццæгæн, быцæу райдыдта æмæ, цæмæй фæуыдзæни, уый йын цымыдисаг у.

Уæдмæ æз ме ‘муд æрцыдтæн, ныр та йæм æз нымдзаст дæн, ныртæккæ йын йæ дзыхыл цъутта кæй авæрдзынæн, уый мæ уырныдта:

– Афтæ фæуæд, фæлæ Ирыхъæуы аргъуаны кæрты цы уæлмæрд ис, уый, ды кæмæй зæгъыс, уыцы уæлмæрдæй къаддæр кадджын нæу, стæй зæронддæр у. Уый мæнæ Михал мæнæй хуыздæр зоны, – аргъуанмæ хæстæг цæры... Гъемæ уым та нæхи Къостайы фарсмæ махæй сты дыууæйæ: партийы обкомы раздæры фыццаг секретарь Хъулаты Хъуыбады æмæ ивгъуыд æнусы мæнæ Дзæуджыхъæуы уæды азты партионты разамонæг Гугкаты Созыр. Уым сымахæй никæмæн саккаг кодтой бынат...

Нæма йæ басастон, уый йæ цæстæнгасыл бæрæг уыдис, фынджы хистæрмæ бакæс-бакæс кæны, цыма дзы æххуыс агуры, уыйау, ома ды дæр исты зæгъ, мæ фарс рахæц. Йæ мидбылты та бахудт æмæ загъта:

– Кæд, Дамир, афтæ æнхъæлыс, æмæ ды, хуымæллæггаг, мæн, зæронд бæтæхъойыхъæуккаджы ныхасæй амбулдзынæ, зæгъгæ, уæд тынг рæдийыс... Уæдæ-ма мын зæгъ: сымахмæ Советон Цæдисы хъæбатыртæ цал ис? Махмæ æртæ: Плитæй, Ходæй æмæ Бзартæй. Исты ма зæгъыс? Уый дзы ис, уый!.. Нæ гыццыл хъæуы нын Гиннессы рекордты чиныгмæ бахæссинаг у Мæскуы, уый дæ хъустыл не ’рцыдис?..

– Æрцыди, – басастæн ын æз, – фæлæ уыйхыгъд сымахмæ та, фæллойы тынг чи фесгуыхт, иу ахæм дæр нæй. Махмæ та ис: Æлбегаты Хæритон æмæ Кокайты Саламджери. Кæддæры стыр Советон Цæдисы хицау Микъит Хрущев дæлæ Кремлæй сымахмæ нæ, фæлæ махмæ, Хуымæллæгмæ, рараст. Раст мæ бамбар, Сафар, фæлæ мах, Хуымæллæг, хæцæг адæм не стæм, фæллойы нын цæмæндæр фылдæр æнтысы. Кæсæбиты Митяйы уæм кæцыдæр аз уæ фæстæзад колхозмæ сæрдарæй цæмæн барвыстой, уый дын дæ зæрдыл æрлæууын кæнон?

Нымдзаст та мæм Сафар, ныхъхъус и, æмæ йæ уæд æз бамбæрстон: зæгъинаг æм ницыуал баззад. Æмæ йыл уæд нал бацауæрстон, ахæцыдтæн ыл. Зæгъын, Паддзахадон премийы лауреаты ном дæр уæм ничи хæссы. Махмæ та уыдис ахæм – Куыдзиаты Хæритон, фæлæ цард æмæ куыста дæлæ Таганроджы, æз ын йæ хæдзары, мæнæ демæ куыд бадын, афтæ кæддæр бадтæн. Цы ма?.. Уæ хъæуыл ис иу зарæг фыст, Хуымæллæгыл та – æртæ, иу дзы мæнæ мæхи фыст. Уæ хъæуæй зарджытæ скодтой Иссæйыл æмæ уæ кадæггæнæг куырм Бибойыл, махæй та зарджытæ ис Æлбегаты Хæритоныл, Кокайты Саламджери-

йыл, Хъулаты Хъуыбадыйыл, Сæлбиты Верæйыл, Цыдугъаты фондз æфсымæрыл, хæсты ветеран Гаппуаты-Калоты Аминæтыл, æрмæст Кæсæбиты Митяйыл та ис æнæхъæн цыппар зарæджы. Æрлæууон?.. О, хæдæгай, гыццыл ма бахъæуа, æмæ мæ ферох уа! Чингуытæ та уæ кæуыл фыст ис? Ранымай-ма сæ... Мæнмæ гæсгæ, æрмæст Иссæйыл, стæй Уататы Бибойыл, мæнæн мæхи фыст. Махæй та – Хъуыбадыйыл, Æгкацаты Валодяйыл, Æлбегаты Хæритоныл, Кокайты Саламджерийыл, Адырхаты Светланæйыл, Сæлбиты Верæйыл, мæхи сыхаг Кокайты Пуцыры фырт Таймуразыл. Галазты Æхсарбег та йæхи къухæй ныффыста чиныг йæ цардвæндаджы тыххæй. Уæлдай сæрыстыр цæмæй стæм, уый дæр дын зæгъдзынæн: бирæ азты Ирыстоны сæргъы лæууыдысты æртæ мæ хъæуккаджы!.. Раст зæгъын хъæуы, уæртæ нæ Алагир баййæфтой... Æгъгъæд дын нæу, исты ма зæгъыс?..

Уый фæлмæн бахудти, хистæрмæ бакаст æмæ уыцы æнæ исты сдзургæйæ йæ къухтæ хæрдмæ сдардта. Нæ алыварс чи бадти, уыдон нын амдзæгъд кодтой, нæ фынджы хистæр сыстад æмæ раздæр мæнмæ æрбакаст, стæй та Сафармæ æмæ йæ мидбылты бахудт:

– Сидты бар-ма мын дæттут?.. Ныр, зæгъæм, æз Ирыхъæуы тыххæй куы райдаин, уæд ардыгæй æмбисæхсæвтæм дæр дзырд нæ фæуин... Уæдæмæ афтæ бакæнæм. Æгайтма нæ хъæуты, кæмæй æмæ цæмæй сæрыстыр стæм, уый ис. Сидт уадзын нæ алкæй хъæубæсты цæрæнбоны тыххæй дæр! Æрбакъуырут-ма...

Агуывзæты зæлланг мæм, цыма мæнæн дæр æмæ Сафарæн дæр музыкалон салам радтой, уыйау фæкаст...

*12 июль, 2025 аз*

## ДОЛОРЕС, РИО-РИТÆ, РОБЕРТ, ФРАНКЛИН, ЧАТУРАНГÆ

Ныр иу-ссæдз азы бæрц мæ хъус дарын, нæ Ирыстоны адæм сæ ноггуырд сывæллæттыл цавæр нæмттæ æвæрынц, уымæ нырыккон æви нæ фыдæлтыккон æгъдаумæ гæсгæ. Раст зæгъгæйæ, мæ зæрдæ нæ райы, уымæн æмæ нæм фылдæрæй-фылдæр кæнынц æндæр адæмты нæмттæ. Цæмæй ды ууыл бауудæндай, мæ кæсæг, уый тыххæй мæ дардмæ цæуын нæ бахъуыд, мæ хъæу Хуымæллæджы скъолайы райстон ахуырдзауты иумæйаг номхыгъд. Банымадтон дзы 201 лæппуйы, уыдонæй ирон нæмттæ хæссынц æрмæст 113. Фæйнæ 14 сты Хетæг

æмæ Георгитæ, 12 – Сæрмæттæ, 6 – Батрадзтæ, æмбис къаддæр сты Давидтæ æмæ Азæмæттæ. Æркастæн нæ чызджыты нæмттæм дæр. Зæгъæм, иу фыццæгæм къласы, бауырнæд дæ, æцæг ирон ном зыбыты иунæгыл дæр нæй: Ангелинæ, Эмилия, Адинæ æмæ афтæ дарддæр.

Мæ зæрдæ ахсайдта, бирæ сывæллæттæ цы хæдзæртты уыдис, уыдонмæ та-иу, зæгъын, цавæр уыд сæ ном æвæрыны æгъдау, сæ сæйрагдæр домæн ноггуырдæн ном æвзаргæйæ. Иуцасдæр ахæм бинонты фæрацагур-бацагур кодтон, кæйдæрты мын бацамыдтой, æмæ кæддæр-уæддæр æрлæууыдтæн нæ зæронд æцæг ирон хъæутæй иу – Дæллаг Бирæгъзæнджы Билаонты бинонтыл...

Хъæуы сæйраг уынджы астæумæ хæстæг кæрты дуар бахостон, æмæ мæм ракаст хæдзары æфсин Рио-Ритæ, бацин мыл кодта, ирон хæдзары æнæнхъæлæджы æрбацæуæг уазæгæн цыдæриддæр æмбæлы, ахæм æгъдæуттыл нæ бацауæрста, сæйрагдæр та мын мæ цымыдисдзинады суадон байсысын кодта:

– Ахæм нæмттæ не 'ппæтæн дæр радта нæ фыд Микъала, æмæ мах уымæй сæрыстыр стæм. Мæнæ йæ ирон адæмы нæ уарзы кæнæ йæм ирондзинад фаг нæ хæццæ кодта, зæгъгæ, исчи куы зæгъа нæ фыдæй, уæд уый æппындæр раст нæ уыдзæн. Æз ма йæ кæцæй хъуыды кæнын, фæлæ, дам, нæ фыдыфыд ахуыргонд лæг уыдис, Чернышевскийы, дам, æнæкæсгæйæ зыдта, мæ фыд та, уый мын искæй зæгъын нæ хъæуы, æнахуыр уарзтæй уарзта аивадон литературæ. Уæлдай æнувыддæр уыд фæсарæйнаг фысджыты чингуытыл, уыдоны геройтæн сæ миниуджытæ, æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ тынгдæр цыдысты, фæндыдис æй, йæхи цот дæр ахæмтæ куы уыдаиккой, уый. Уæды азты-иу, нæ алыварс цы ирон адæм цардис, уыдонæй чидæртæ уайдзæфы хуызы, арæхдæр хъазæн ныхасы, бафиппайдтой, ды, дам сыл дæхæдæг ном уымæн сæвæрыс, цæмæй сын куывд ма скæнай, чъындыдзинад, дам, æвдисыс, де 'ртæ кæрдзынил ауæрдыс. Уыдонæй иу дæр мæ ныййарджытæм нæ хаудта: нæ алкæй райгуырæн бон дæр-иу скадджын кодтой, хæлæртты æмæ-иу сыхæгты æнæ 'рбахонгæ нæ фесты.

Æз ма йæ хорз хъуыды кæнын: не 'нахуыр нæмтты равзæрды тыххæй-иу ныхас æнæмæнг рауади, æмæ-иу мæ фыд уæд уæлдай сæрыстыр уыди. Ранымадта-иу сæ. Долорес – ахæм ном уыдис Францы сылгоймаг президентæн. Чатурангæйы куы райсæм, уæд афтæ хуындис индиаг шахмæттæй хъазт æрхъуыдыгæнæг. Роберт та немыцаг ном у. Хæст мах

æрæййæфта Дыгургомы, æмæ-иу махæн уым нæ сæрдыгон хæдзары æхсæвиуат кодтой æртæ немыцаг афицеры. Уыдон махмæ тынг дзæбæх цæстæй кастысты, хай нын-иу кодтой сæ хæринæгтæй, мæ мадæн-иу дзырдтой, мах, дам, хæцын нæ фæнды, бахатыр нын кæнут. Бомбæтæ згъæлын-иу куы райдыдтой кæнæ-иу сармадзаны нæмгуытæ куы хаудысты, уæд нæ-иу сæ хъæбысты фелвæстой æмæ-иу нæ ныккæндмæ фæцæйскъæфтой. Сæ иу Роберт хуындис, бирæ уæздандзинæдтæ дзы зыдтам, æмæ, уыцы бонтæй иуы мæ мадæн цыппæрæм сывæллон куы райгуырд, уæд ыл нæ фыд уыцы немыцаг лæппуйы ном сæвæрдта. Афтæ иннæтыл дæр, алы номы дæр мæ фыдæн цыдæр нысаниуæг уыдис.

Мæхи номы тыххæй та афтæ. Рио-Ритæ, зæгъгæ, уыдис немыцаг сылгоймаг, танго уый хуызæн дæсны зæххы цъарыл ничи кафыд, никуы йæ ничи æмбылдта. Æвæццæгæн, мæ фыды тынг фæндыд, цæмæй мæнæй дæр ахæм курдиатджын чызг рауадаид, науæд та уымæ хæстæг. Уæвгæйæ та нæ фыд дæр æмæ нæ мад дæр аивад бирæ уарзтой, уыдонæй мæнмæ дæр цыдæр фæхæццæ, Долоресмæ дæр, Чатурангæмæ дæр. Уæртæ ма Буроны куы цардыстæм, уæд-иу алы сæрдыгон изæр дæр нæ уæрæх кæрты чысыл концерт уыдис, нæ сыхбæстæ-иу ииуылдæр уырдæм æмбырд кодтой. Дыууадæс метры дæргъæн тыргътæ нын уыдис, æмæ уым пианинойæ фæстæмæ цынæ музыкалон инстурмент уыдис, ахæм нæ хъуыды кæнын. Мæ фыд уарзта уыдон æмбырд кæнын, нæ хъæдын къултыл сæ-иу рæсугъд æрцауыгъта...

Бирæ ма фæныхас кодтам, стæй æз Рио-Ритæмæ радтон мæ фæстаг фарст:

– Уе ‘нахуыр нæмттæ уын ацы царды исты хъуыддаджы æххуыс уыдысты æви уæ хъыгдаргæ кодтой?

– Зæгъæм, мæнæн-иу мемæ исчи куы зонгæ кодта æмæ-иу мæ ном куы загътон, уæд-иу бахудти, ныддис-иу кодта: «Мæнæ дын цы рæсугъд ном ис, цы историон ном!» Æмæ-иу æй æз мæхæдæг бафиппайдтон, уыцы адæймаг-иу куыд æрфæлмæн ис, уый. Нæ нæмттæ-иу мах адæмы ‘хсæн разæнгард кодтой, алчи дæр нæ архайдта уыцы ном ма фæчъизи кæнынил, уыцы нæмттæ махæн æрмæст ахъаз уыдысты размæ цæуынæн.

Æрæджиау мæм йæхæдæг дæр иу фарста радта:

– Дамир, бахатыр кæн, дæ ном дын хъусын, фæлæ, хъыгагæн, кæцы хъæуккаг дæ, уый нæ зонын...

Хуымæллæггаг дæн, уый йын куы загътон, уæд тынг бацин кодта æмæ мæнæ цы æрымысыд:

– Кæцыдæр аз уæ хъæуы концерт лæвæрдтам, кафыдыстæм, æмæ йæ амонæг, уе скъолайы ахуыргæнæг, фæндырдзæгъдæг Пухаты Петя сценæйы мæнмæ ацамыдта æмæ адæмæн афтæ зæгъы, ныртæккæ, дам уын мæнæ ацы рæсугъд сылгоймаг заргæ дæр акæндзæнис. Уый мæнæн æнæнхъæлæджы уыди, фæлæ ма цы гæнæн уыд, æмæ афтæ бакодтон, зæгъын, кæд уæ ацы стыр залы исчи хъырнын зоны, уæд-ма мæнæ сценæмæ схизæд. Уайтагъд мæ уæлхъус æртæйæ алæууыдысты. Æмæ уæд æз уæндонæй Акимы зарæг ныццæлхъ ластон, стæй та Тотрадзы зарæг. Цы æмдзæгъд мын фæкодтой Хуымæллæг, цы æмдзæгъд! Уæд мæнæн мæ царды рæсугъддæр сахæттæй иу уыдис. Зæгъын, бузныг, Хуымæллæг, æз уе стыр хъæукkаг Кæсæбиты Митяйыл ахуыр кодтон зарын, уый фæзмыдтон. Митя, Митя... Уый дæр дын, мыггагмæ ферохгæнæн кæмæн нæй, ахæм ном!.. Ахæм стыр æмæ кадджын лæгты нæмттæ æвæрын хъæуы нæ ноггуырдтыл...

## ДЫУУÆ СТЫР ЛÆДЖЫ ФÆЙНÆ АЗЫМЫ

Æрæджы мын чиныгкæсджытимæ фембæлды иу мæхи хуызæн сырхсæр лæппулæг йæ раныхасы афтæ зæгъы, дæ уацмыстæй, дам, иуы ды, мæнмæ гæсгæ, иннæ фысджытæй хъауджыдæр æгæр феппæлыдтæ Сталинæй, æгæр хæрдмæ йæ систай, ау, æппындæр æм ницы фау ссардтай ныры онг? Йæ ныхасыхъæдæй йæ нæ бамбæрстон, уый йын уайдзæф уыдис æви фиппаинаг. Фæлæ йын бæстон дзуапп раттын кæй хъæуы, уый мæхи удæй зыдтон.

Зæгъын, зæххы цъарыл æппæтæй æххæст адæймаг нæма райгуырд, æппæтæй æххæст разамонæг зыбыты иунæг бæстæйæн, арæхдæр та Уæрæсейæн, уæвгæ дардмæ цæмæ цæуæм – мæнæ нæхи гыццыл Ирыстонæн дæр – нæма уыдис, уæлдайдæр ацы фæстаг цалдæр азы. Иутæ дзы цыдæртæ барæй не скæнынц, цыдæртæ æрдæгкондæй ныууадзынц сæ фæстæ, иутæ та дзы хъуыддаг саразын фæстæдæрмæ аргъæвынц. Зæгъæм, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг бонты, Сталинæн дæлæ Кремлы йæ фарсмæ чи уыдис, цыфæндыйæ дæр знагыл фæуæлахиз уæм, ууыл чи тыхсти, нæ бæстæйы уыцы иннæ разамонджытæ, фыццаг та Берия, иннæ стыр хæстон лæгтæ, хуымæтæг адæм дæр фæндон

хастой, мæнæ, дам, кæддæр Троцкийы куыд амардтой кæмдæр, афтæ Гитлеры дæр исты хуызы амарын кæнæм æмæ, дам, уæд кæд хæст рæвдздæр ахицæн уаид. Нæ уæды Стыр фæтæг бирæ рахъуыды-бахъуыдыты фæстæ семæ не сразы æмæ йæхи хъуыды загъта:

– Хуыздæр уыдзæн йе 'рцахсын æмæ йын нæ уæлахизы фæстæ дунейы дзыллæты номæй карз тæрхон скæнын. Мах ууыл бацархайдзыстæм...

Бæргæ Сталин куы сразы уыдаид ууыл, йæхи фæнд куынæ атардтаид, уæд хæст, чи зоны, афтæ нæ ныддæргъвæтин уыдаид, знаджы æгъатыр нæмыг 1944 азы 24 февралы Смоленскы бæстастæу мæ фыды риуы дæр иннæрдæм нæ ахызтаид, æмæ дзы абон мæнæй сæрыстырдæр, бузныгдæр зыбыты иунæг адæймаг дæр нæ уаид, фæлæ ныр уæддæр хатгай мæ мидхъуыдыты раздæр йемæ сбыцæу вæййын, стæй та йæ фарс рахæцын.

Сталин, мæнмæ гæсгæ, æнхъæл нæ уыд, нæ йæ уырныдта дунейы адæмты уæды фыццаг знаг йæхæдæг йæхимæ йæ къух сисдзæнис, уый. Æз мæхæдæг æрæджы мæскуыйаг стыр газеттæй кæцыдæры бакастæн, хæсты фыццаг аз нæ бæстæйы Æдасдзинады Комитетмæ сæхи фæнд кæй уыдис, уый: цы нæ вæййы, фæлæ немыц Мæскуы куы бацахстаиккой, уæд Гитлеры бафæндыдаид йæ уыцы стыр хæстон æнтыст кæнæ Кремлы, кæнæ та амы стырдæр æмæ кадджындæр бæстыхæйттæй иуы сбæрæг кæнын, уымæ гæсгæ сæм уыдис хицæн сусæг пълан уыцы бынæттæ срæмудзынмæ, сæ кусджытæй иу, сгарæг Аннæ Камаевайæн та хæс уыд, цæмæй уый уыцы бонтæй иуы бафæлвæрдтаид уым Гитлеры амарынæл. Зонут æй: хъуыддаг уымæ не 'рцыдис...

Фæстагмæ залы адæмæй мæ хатдзæг дæр нæ басусæг кæнын:

– Кæддæр Сталин Гитлеры амарынæл кæй не сразы ис, уый тыххæй йæм æз мæ зæронды бонты онг дæр хæрам нæ хæссын, фæлæ ма цалынмæ цæрон, уæдмæ хæрам хæсдзынæн нæ иннæ Стыр фæтæг Ленинмæ...

Адæм сæ бынæтты базмæлынц, чидæр мæ дзы хъæрæй фæрсгæ дæр ма бакодта, уагæры, дам, цæй тыххæй.

Радзурын сын æй:

– Октябры революцийы размæ Уæрæсейы сæргъы цы паддзах лæууыд – Никъала, уый æмæ уымæн йæ бирæ бинонты æрцахсын бауагъта, фæстæдæр та уыцы рæсугъд адæмы 1918 азы 17 июлы иу æмбисæхсæв фехсынæл сразы. Кæд цыфæнды стыр курдиат равдыста адæмон революци скæнынмæ, кæд цыфæнды гений дæр уыд ног цард саразыны хъуыд-

даджы, уæддæр æм уыцы æнæраст ми, уыцы стыр æгъатырдзинад кæй разынд, уый йын мæхи иунæг удæй мæ бон ныббарын нæу, уымæн æмæ, кæд цыфæнды уыдис, уæддæр кæддæр уыцы паддзах Никъала ирон лæгæн, бæлвырддæрæй та мæ хъæуккаг гыццыл лæппуйæн, амондхæссæг æххуыс бакодта. Уый та мæнæ афтæ уыд. Ивгъуыд æнусы райдианы уæртæ Æрыдоны цардысты Зембатты цыппар æфсымæры, се 'ппæт дæр уæды заман нымад уыдысты Ирыстоны кадджындæр æмæ хъæздыгдæр цæрæг адæмыл. Сæ иунæг хо Чабæ та мæ хъæу Хуымæллæджы Туатæм уыдис æнæхъæн аст сывæллоны мад. Æмæ уымæн фенцондæр уа, зæгъгæ, сæ хæрæфыртты кæстæр Гогойы сæхимæ акодтой, ахуырмæ йæ радтой уæды рæстæджы æппæт Уæрæсейы дæр амы хъуыстгонд семинармæ. Фæлæ афтæ рауад, æмæ цалдæр азы фæстæ лæппу тæвднизæй (тифæй) фæрынчын æмæ хорз нал хъуыста, йæ ныхасы хъæд дæр цыдæр хуызæн фæцис, тыхдзырд кæнын райдыдта.

Ахæм бæллæхы фæстæ куыд вæййы, афтæ Зембаттæ сæ хойы цур сæхи тынг азымджыныл нымадтой, нæ хæрæфырты, дам, нæ бахъахъхъæдтам. Мæт кодтой ахæм сахъат лæппуйы фидæныл. Иубон куы уыдис, уæд æфсымæрты хистæр Акси йæ гыццыл хæрæфырты къухыл ахæцыд æмæ Дзæуджыхъæуы уæды рæстæджы Ирыстоны фыццаг хуызисæг Дзанайты Садуллæйы æрмадзы дуар бахоста æмæ йын ныллæгъстæ кодта, мæнæ, дам, ацы мæгуыр лæппуйæн дæр дæ дæсныйад бацамон.

Не сразы Садуллæ стыр æхцаты коймæ дæр, æз, дам, иунæг ахæм куыстгæнæг дæн Ирыстоны æмæ хъуамæ ахæмæй баззайон.

– Уæдæ ма-иу фæкæс, æдзæстуарзон, – смæсты йæм Акси. Бавдæлд, æмæ йæ хæрæфыртæн баххуырста мæскуыйаг хъуыстгонд хуызисæджы, схуыдта йæ Æрыдонмæ. Цалдæр мæйы сæм фæцард, фæцахуыр æй кодта, стæй иу кæцыдæр бон йæ фысымæн загъта:

– Ныр уæ курдиатджын лæппуйы ме 'ххуысы сæр нал хъæуы, йæхи бон у кусын...

Æмæ ууыл ацыд. Фæлæ Гогомæ къамисæн аппарат нæ уыд, уæды заман уый зын ссарæн уыдис. Акси уымæн дæр хос ссардта: иубон та Дзæуджыхъæумæ ацыд æмæ ныр та горæты уæды сæргълæууæг Байаты Гаппойы кабинеты дуарыл бахæцыд – йæ хорз зонгæ уыдис.

Уый йæм байхъуыста æмæ йын загъта:

– Афтæ бакæнæм... Тагъд нæм ссæуинаг у Уæрæсейы паддзах Ни-

къала II. Мæнæ Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы вагзалы поездæй куы æрхиза, уæд уал раздæр кады хъалагъурæн раарфæ кæндзæн, стæй, уым чысыл дарддæр чи лæууа, горæты уыцы æвзæрст адæмы къухтæ исгæ ацæудзæн. Æз дæ уыцы адæмы ‘хсæнмæ бакæндзынæн. Дæ цуры куы æрлæууа, уæд – дæ хъару æмæ дæхæдæг, куыд сарæхсай, уый дæхицæй аразгæ уыдзæн, – зæгъ-иу ын дæ курдиат...

Уый уыдис дард 1914 азы 4 декабры. Мæнæ-иу куыдæй мысыд уыцы бон дæр Акси йæхæдæг:

– Паддзах мын мæ къух райста, мæ армытъæпæны йын аныгъуылд. Æз бауæндыдтæн æмæ йын загътон, зæгъын, мæ сахъат хæрæфырты мын ахæм æмæ ахæм зындгонд мæскуыйаг хуызисæг йæ дæсныйадыл сахуыр кодта, фæлæ нæм ам, Ирыстоны, къамисæн аппарат ссарынмæ нæй, кæд гæнæн ис, уæд нын баххуыс кæн, мæ къæйныхдзинад та мын ныббар...

Уый мæм бахудти, мæ галиу уæхск мын æрхоста:

– Афтæ нымай, æмæ мах демæ уыцы фарста алыг кодтам…

Æз-иу уæдæй фæстæмæ мæхинымæры дис кодтон, стæ-ма, паддзæхтæ та сæ ныхасæн куыд хицау разынынц, зæгъгæ. Æртæ мæйы дæр æххæст нæма рацыд, афтæ канд иунæг къамисæн аппарат нæ, фæлæ нын æнæхъæн лаборатори дæр ма сæрвыста. Мæ хæрæфыртæй рауад Ирыстоны дыккаг хуызисæг.

Хæсты хæдфæстæйы азтæй иуы Гого йæ къам сисынил не сразы, фронтмæ ацæуынæй йæхи чи бамбæхста, уал азы сæ хъомдоны цары йæ бонтæ чи арвыста, йæ уыцы сыхагæн, æмæ йæ уый банымыгъта, Гого, дам, советон цардарæзтыл ныры онг дæр æнувыд нæу, хъаст дзы фæкæны, Уæрæсейы раздæры паддзахы бинонты къам, дам, нырмæ дæр йæ къулыл бæрæг ран ауыгъдæй лæууы. Иуæхсæв Туатæм милицæйы кусджытæ балæбурдтой, уыцы къам æррæдывтой, дыккаг бон та йыл, чи не ‘мбæлы, ахæм стыр налогтæ ныххуырстой, ды, дам, иннæ адæмтæй амалджындæр дæ. Сæ фидын йæ бон куы нал уыд, уæд йæ къамисæджы куыст ныууагъта, сыстад йæ хæдзарæй æмæ уæртæ Алагирмæ йæ хомæ цæрынмæ алыгъд. Ныгæд дæр уым æрцыд...

*28 апрель, 2026 аз*

## ТАМАКОЙЫ СЫФТЫ МУЗЫКÆ

Хатгай мæ кæддæры сабидуг куы æрымысын, уæд мæхи ныллæмарын, арф ныхъхъуыды кæнын, зæгъын, уыцы райдзаст дунейæ æппæты фыццаг

мæ зæрдыл кæй бадардтон кæнæ цы бадардтон. Æмæ æппынæдзух дæр мæ цæстытыл мæ мад нæ, мæ фыд дæр нæ, фæлæ мæ фыдыфыд ауайы. Æнахуыр ном ын уыдис – Англис. Нæ сыхы ма иу лæджы та Япон хуыдтой, Æлбегатæй. Иу бон, дам, райгуырдысты æмæ сыл кæйдæр фæндонмæ гæсгæ цæмæндæр уыцы дыууæ стыр паддзахæдты нæмттæ сæвæрдтой.

**Мæ фыццаг мысинаг.** Нæ цæхæрадоны кæрон тамакойы хуым уыдис. Иурайсом мын мæ къухыл ныххæцыди æмæ мæ йемæ уырдæм акодта, æхсæр бæлæсты аууон мын давæттæ æртыдта, зæронд къодахыл мын залмы сыфтыл цæхх æрызæрста, хъарм кæрдзын мын æрсаста, хæргæ, дам, кæн. Йæхæдæг фалдæр бацыд, æргуыбыр кодта, йæхи армытъæпæнтæй стырдæр чи у, тамакойы ахæм сыфтæ иугай тоны, нæ сыхаг Бедойтæй мах æхсæн цы хæлд кау фæлдæхт ис, ууыл сæ хъавгæ хурмæ æвæры, цыма сын æрхауынæй тæрсы, уыйау. Уый размæ бон кæй сæвæрдта, уыдон иннæрдæм афæлдахы; иутæ-иу дзы бынтон бахус сты, сæ къæр-къæр-иу ссыд. Абон дæр уыцы фæлмæн зæл мæ хъусты ис, цыдæр æнахуыр æхцондзинад мын хæссы...

**Мæ дыккаг мысинаг.** Иухатт мæ зæрдæхудты бацыд мæ дада. Нæ сыхæгты лæппу Юрик, мæхи æмгар, чи зоны, чысыл кæстæр, нæ кæркдонмæ куыд бахъуызыд, уый дуары зыхъхъырæй ауыдтон. Цымæ, дарддæр цы уыдзæн, зæгъгæ йæ бахъахъхъæдтон æмæ, куыддæр уырдыгæй рахызт, афтæ йæ размæ æрлæууыдтæн. Йæ къухты ницы уыд, йæ ронæй дæр ницы зынд, фæлæ йын йæ сæрыл йæ æнцъылдтæ морæ нымæтхудмæ фæкомкоммæ дæн, фæгуырысхо дæн, цыдæр æнахуыр къуыппытæ дардта. Цавæр хæйрæг мæ сардыдта, уый абон дæр нæ зонын, фæлæ мæ къух дард фæхастон æмæ йæ уæлейæ бынмæ æрцавтон. Уый тарст хъæр ныккодта, йæ рустыл та нымæтхуды бынæй айчы буртæ æрлæсыдысты. Уыцы уысм мæ тæккæ чъылдыммæ Англис алæууыд, ме ‘фцæгготæй мæ йæхирдæм цæхгæр æрзылдта, мæ уадулæн мын иу дзæхст авæрдта. Куы скуыдтон, уæд ма мын къахæй мæ фæстаг дæр сцавта. Абон дæр æй нæ зонын, уæд æйчытæ давæджы фарс цæмæн рахæцыдис, уый. Уымæн дæр йæ фыд хæстæй нал ссыд, сидзæрæй баззад мæн хуызæн, æмæ кæд уымæн.

Уæд мæ маст цас тагъд ссыди, балымæн стæм æви нæ балымæн стæм, кæд амард мæ фыдыфыд, цавæр афон, куыд æй ныгæдтой, уыдæттæ мæ хъуыдыйы æрфыты нæ баззадысты, æмæ мын уый цæмæндæр зын у. Мæ катай цалдæр хатты мæ мадæн дæр загътон, æмæ, дам, дæхи дзæгъæлы

ма ‘фхær, уый дæхи аххос нæу – уæд дыл фондз азы дæр æххæст нæма цыди. Чи зоны, уый раст у, фæлæ уæддæр, уæддæр, уæддæр...

Мæ фыдыфыд кæм ныгæд уыдис, уыцы зæронд уæлмæрды рагондæр хайыл фарон хъæусоветы уынаффæмæ гæсгæ грейдер ауагътой, лæгъз бынат дзы рауад, дурæй цыртытæ, дам, аластой уæртæ Фарныхъæуы цурмæ, Терчы былгæрæттæ фидар кæнынæн, дам, бабæззыдысты. Хъæдын цыртытæ бирæ ингæнты сæр акъаци бæласæй конд уыдысты, мæ дадайы цырт дæр. Уыдоны та хæмпæлты сæр самадтой æмæ сыл арт бандзæрстой. Сæ бæсты дзы Уæлахизы бæрæгбоны агъоммæ ныссагътой сабæлут æмæ бæрз бæлæстæ, сæ быны сын алы рæнхъы район дæр æрæвæрдтой уæззау æфсæйнаг къæлæтджын бандæттæ, сæ къæхтæ сын бетоны бамбæхстой. Æз нæ хъæуы уыцы ног фæлладуадзæн бынаты ныры онг дæр нæма уыдтæн, стæй дзы мæ къах никуы æрæвæрдзынæн. Дзырд радтон мæхицæн.

Ууыл азтæ рацыд, æмæ ма уæдæй æз тамакойы хуымтæ фарон Сусæны мæйы фыццаг бонтæй иуы федтон хохаг хъæу Гуысырайы хъæды астæу æрдузы. Мæ хæлæрттæй мæ иу уырдæм йæ «мерседесы» аласта, уым, дам, чидæр хæдзар уæй кæны, ныр, дам, цалдæр хатты уый тыххæй газетмæ хъусынгæнинæгтæ радта, мæхицæн æй, фæскуыст-иу мæ сæр кæм фæтъыссон, ахæм сусæг бынат скæндзынæн, дæу йеддæмæ йæ ничи зондзæн, æгæрыстæмæй мæ ус дæр.

Хæдзары хицау бæрзонд зæронд лæг разынд, уыд æнæдаст, урсурсид хил ын, фæтæн морæ нымæтхуды. Цыма, кæм райгуырдис, ныры онг кæм фæцардис, уыцы хæдзар кæй уæй кæны, йæ къух ыл кæй систа, уый тыххæй амы Бынаты хицауæй æфсæрмы кæны, стæй махæй дæр, уыйау нын йæ фыртæй рахъаст кодта, цыдæр хъуыддаг, дам ын нæ рæстмæ кæны, æхца дзы хъæуы, æмæ æз дæр хъуамæ сгорæтаг уон, – калм битъынайæ тарст, æмæ, дам, йæ тæккæ фындзы бын æрзад.

Мидæгæй цæрæнуæттæ куы федтам, уæд та нæ йæ фæдыл æрдузы кæрон донбыл йæ цæхæрадон уынæг ахуыдта. Фыццагдæр дзы мæ цæст цæуыл æрхæцыд, уый – тамакойы хуымыл. Уый мæнæн куыд æхсызгон уыд! Мæ цæстытæ цины уылæнтæй айдзаг сты, æмæ бахудтæн. Зæххыл – цалдæр шиферы. Сæ уæлæ та тамакойы фæтæн сыфтæ къуырф тæбæгътау рарæнхъ сты. Иуæй-иутæ дзы æгæр дæр ма ныххус сты, дымгæ-иу куы ракодта, уæд-иу уыдон кæрæдзийыл аныдзæвыдысты æмæ-иу сæ къæр-къæр ссыд. Уыцы дымгæ æппындæр

куынæ банцадаид, уый мæ фæндыдис, кæцæйдæр мыл-иу мæ сабидуджы фыццаг мысинæгтæ æркалдысты, мæ цæстытыл-иу мæ фæлмæн, мæ тызмæг дада ауади...

Уыцы æвæджиауы бынаты арæзт хъæдын хæдзар мæ хæлары бацис, фæлæ дзы æз уæдæй нырмæ нал уыдтæн. Дыккаг аз мæм сæрды райдиан телефонæй æрдзырдта:

– Хъуыды ма кæныс, тамакойы хуым кæм уыдис, уый? Дæ дадайы дзы куы мысыдтæ... Раст уыцы тæккæ ран замманай бассейн ацъапп ластон... Иубон рацу, æмæ дзы фæленчытæ кæнæм. Дæ бон демæ искæй раласын дæр у.

Мæн цæмæндæр фæндыдис уымæн исты къæйных ныхас зæгъын, фæлæ тыххæй мæхи баурæдтон, сæфсон ын кодтон, зæгъын мын ацы бонты амал нæй, уæд дæм мæхæдæг дзурдзынæн. Нал æм бадзырдтон. Фæззæг дæр фæцис, мæнæ ацы рæнхъытæ фыссын, æдде та урс хъызт зымæг у. Æнæхæдзар дымгæ бæлæсты бæгънæг къалиутæ кæрæдзийы æддæг-мидæг ауайын кæнынил куыд архайы, мæ рудзынджы авгыл миты гæлæбутæ куыд æрбасæххæтт кæны, уый уынын, фæлæ исты уынæр кæнынц – нæ кæнынц, уый не 'мбарын, уымæн æмæ мæнæн мæ хъустæ дзаг сты мæ дадайы кæддæры тамакоты сыфты дзæнæтон музыкæйы зæлтæй...

## АРМЫТЪÆПÆН... СЫНДЗ КЪУТÆРТЫ АСТÆУ

Знон Дзæуджыхъæуы нæ республикæйы Хæсты ветеранты советы сæрдар инæлар Бедойты Русланы йæ куысты бабæрæг кодтон. Мæ хъæуккаг у. Йæ уæрæх кабинеты йын йæ фæтæн стъолыл бæзджын авджы бын федтон къам: нæ хъæуккаг лæууы дыууæ лæппуйы астæу, уыдон йе уæхсчытæм дæр не 'ххæссынц, се 'ртæйыл дæр хæстон тæхæджы дзаумæттæ. Адон дын чи сты, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын мæнæ цы радзырдта:

– Ивгъуыд æнусы æстайæм азты кæрон æз уыдтæн дард Йемены, разамынд лæвæрдтон тæхджыты æфсæддон хайæн. Уым цыдис хæст, æмæ нæ арвыстой сæ арв сын знæгтæй хъахъхъæнынмæ – уæд Советон Цæдис æмæ уыцы бæстæ хæларæй цардысты. Мæнæ мæ галиуварс цы лæппу лæууы, уый ма абон дæр цардæгас у, Витали Арсенев Тамбовæй. Тæккæ знон йемæ телефонæй дзырдтон, кæд та, дам ма сæмбæлдзыстæм. Мæнæ мæ рахизфарсæрдыгæй чи ис, Андрей Пискунов, уымæн ма уырдыгæй æрбаластам æрмæст йæ рахиз къухы æмбис

ræмбынықъæдзæй уæлæмæ. Саратовы бынмæ иу хъæуы уæлмæрды уымæн йæ чырыны æндæр ницы ис æвæрд.

Уый мæнæ куыд рауад: иу райсомраджы радон хæстон хæс æххæст кæнынмæ цалдæрæй куы тахтысты, уæд сæ мæхæдæг фæндараст кодтон, æмæ мын ацы Андрей мæ къух афтæ тынг æрæлхъывта, цыма мæ амæй фæстæмæ никуыуал фендзæни. Цыдæр æвзæр хъуыдытæ мæм æрцыдис уæд, цæмæндæр æм мæ зæрдæ æхсайдта, тарстæн ын. Уалынмæ мæм фæфæдис сты, Пискуновы, дам, æрæппæрстой. Уым балæууыдыстæм, æмæ дæ балгъитæг афтæ: йæ буарæй æнæхъæнæй ницыуал баззад, æрмæст ма мын мæ къух кæмæй æрæлхъывта, йæ уыцы армытъæпæн, – æз ын æй ссардтон сындз къутæрты астæу. Мæ цæссыгтæ калдысты, афтæмæй йæ æрбахастон æмæ йæ дохтырты цур æрæвæрдтон. Сæ иу мæ æфхæргæ дæр ма бакодта, зæгъгæ, уæлдæр ма дæ сырæзын хъуыдис ахæм лæмæгъæй, дæхиуыл фæхæц...

Нæ дæ бауырндзæн, Дамир, фæлæ хатгай мæ бæгънæг цонгмæ куы æркæсын, уæд мæ цæстытыл уыцы нывауайы. Кæдмæ афтæ уайдзæн, уый нæ зонын, кæд мæ йын фæраздзæн мæ зæрдæ?

Хъыгагæн ын, бирæ нал бафæрæзта, цæмæй тарстис, уый æрцыд...

Знон мæм телефонæй æрдзырдта мæ хæлар, зындгонд скульптор Дзбойты Михал:

– Мæнæн ын бабар кодтой бинонтæ цыртдзæвæн скæнын. Хорз уаид, йæ уæлæ фыстытæ поэтикон рæнхъытæ куы уаиккой, уый. Бафæлвар-ма...

Иу-ссæдз минуты фæстæ та йæм æз мæхæдæг сдзырдтон, бакастæн ын сæ:

*Уыдысты стыр дæ зонд, дæ конд дæр,*
*Ды дардмæ алкæмæ зындтæ.*
*Ыстахтæ хæхтæй дæр бæрзонддæр,*
*Фæзминаг кæстæртæн уыдтæ.*
*Уыдтæ нæ Ныфс æмæ нæ Намыс,*
*Дæ фарн ныр дæр ма Ирыл тауыс...*

*7 сентябрь, 2020 аз*

## ЦЫРТ НЫВГÆНÆДЖЫ ÆРМАДЗЫ

Æз иуцалдæр адæймаджы зыдтон, кæцытæ сæхицæн рагацау скæнын кодтой цыртытæ. Зæгъæм, «Иры Стыр Ныхас»-ы фыццаг сæрдар,

зындгонд ахуыргонд Гиоты Михал дæлæ Къостайыхъæуæй, курдиатджын брутаг скульптор Цорæты Дауырбег. Афтæ бакæндзысты, уый æнхъæл сын ничи уыд. Сæ дыууæ дæр мæ дзæбæх хистæр хæлæрттæ уыдысты, сæ дыууæйы ингæнтыл дæр æз мæ къух авæрдтон...

Уæлмæрдмæ кæй нæма аластой, ахæм цырт та æрæджы федтон нæ республикæйы адæмон нывгæнæг Дзбойты Михалы æрмадзы. Мах йемæ рагон хæлæрттæ стæм, æмæ мæ иубон бафæндыд, йæ ног куыстытæ йын куы федтаин, уый.

Йæ ныхас мæнæ афтæ райдыдта:

– Мæнæ уый у нæ республикæйы раздæры министртæй иу – Тедеты Павелы – номарæн фæйнæг, хъæууонхæдзарадон университеты ректор Темыраты Викторы заказ. Кæм куыста, уыцы хæдзары къулыл æй бакæнинаг у... Мæнæ уый та Сланты Къостайы ингæнмæ скодтон. Чидæр ма ууыл ацархайдта, фæлæ йын бинонты зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ мын ныллæгъстæ кодтой, ды, дам нын æй скæн. Фæлæ мæ сæйраг куыст, æз ма дын æй мæхæдæг равдисинаг уыдтæн, уæртæ фалдæр ис. Цом-ма...

Æмæ мæ йе 'рмадзы фаллаг кæронмæ ахуыдта. Уым хицæнæй иуварс æрдæгталынг къуымы федтон ингæны макет æмæ хохаг дурæй конд цырт. Дуры хуылфы ис мидæмæ къахт уæгъд бынат фидæны къамæн, йæ тæккæ бынмæ та фыст: «Дзбойты Никъалайы фырт Михал. 1938–20... азтæ».

– Фæстаг дыууæ нымæцы æндæр чидæр ныффысдзæн, – бамбарын мын кодта Мишæ, – æцæг кæд, уый иунæг Хуыцау йеддæмæ ничи зоны. Æз хъуамæ мæ райгуырæн хъæуы ныгæд æрцæуон мæ хæстон фыды тæккæ фарсмæ, æз уый мæхицæн раджы равзæрстон...

Æз æм фæстæрдæм разылдтæн, уый мæм бахудæгау кодта, æцæг йæ цæстытæ æнкъарддзинады уылæнтæй се 'мыдзаг уыдысты. Æз æй ницæмæйуал фарстон, фæлæ, æрмадзы фæлладуадзæн къуымы нæхи куы 'руагътам, уæд йæхæдæг нал фæлæууыд. Æвæццæгæн мын мæ цæстæнгасæй бафиппайдта, цы федтон, уый мын æнæнхъæлæджы кæй уыд, дис ыл кæй фæкодтон, уый æмæ загъта:

– Дамир, æз ногæй ницы зæгъинаг дæн, зоныс æй дæхæдæг дæр: æнæмæлгæ дунейы никуыма ничи царди. Мæлæтæй тæрсын нæ хъæуы. Уд чи у, уд, уый æндæр уавæры æрцæры, æндæр мур дæр ницы. Фыдæлты куырыхон лæгтæн-иу се стъолтыл æнæмæнг æвæрд уыдис сæргæхц, сæрыкъуыдыр дæр ма йæ хонынц. Уый сæ-иу рох

кæнын нæ уагъта иу хъуыддаг: мах рæстæгмæ стæм уæлæуыл. Æз æй зонын, æнæ ныгæдæй нæ баззайдзынæн, фæлæ мæ цæмæндæр тынг бафæндыд, мæнæ мæ аццы дыууæ къухæй мæхæдæг мæхицæн цырт куы скæнин, уый... Куыд дæм кæсы? Адæмы зæрдæмæ мын фæцæудзæн?

Бауырнæд дæ, мæ кæсæг, æз уæдæй нырмæ уæлдай арæхдæр, уæлдай зæрдиагдæрæй фæкувын не Сфæлдисæг Хуыцаумæ, мæ курдиатджын хæлары йыл фæдзæхсын. Фæнды мæ, тынг мæ фæнды, цæмæй ма уыцы цырт бирæ-бирæ азты уымæн йе ʻрмадзы æрдæгталынг къуымы рохуаты фæлæууа...

Йæхицæн дыууæ цырты сæвæрын рагацау чи ныффæдзæхста, уыцы лæджы тыххæй та мын иухатт радзырдта мæ рухсыбадинаг хистæр хæлар Хуыриаты Хазби:

– Мæ хъæуккаг Бестол уыдис дæлæмæдзыд лæг. Йæ къуыпрагъ фындзы бын æдзухдæр хаста бур хъæмприхитæ, бирæ уарзта тынг бахæрын æмæ бирæ бануазын, иухатт æй йæ сыхæгтæ сæ кæркдоны дæр баййæфтой. Фæлæ йæ царды кæрон цы æрхъуыды кодта, уымæ-ма байхъус, Дамир...

Йæ адзал æрцæуы, уый, æвæццæгæн, куыддæр æгъдауæй банкъардта æмæ иубон йæ хистæр фырты райсом раджы сыстын кодта æмæ йæ уæлмæрды фале хъæугæрон æппæты райдзастдæр ран обауы цъупмæ скодта æмæ йын загъта:

– Хъусыс, куы амæлон, уæд мын, мæнæ ныр кæм лæууыс мемæ, уыцы тæккæ ран ныссадздзынæ... дурын цырт!

– Ау, уый та куыд? – ныддис кодта лæппу, – ам дæ куыд хъуамæ баныгæнæм?

– Ныгæнгæ мæ бакæндзыстут дæлæ иумæйаг уæлмæрды, – ноджы хъæддыхдæрæй загъта Бестол, – фæлæ мын уым мæ ингæныл ныссадзынмæ цыртæн акалдзыстут нæ гæды бæлас. Уый тагъд бамбидзæн, фæлæ-иу йæ баивын мауал сфæнд кæн. Хъусыс, мæнæ мын ам та хъуамæ лæууа дурын цырт!..

Лæппу йæ фыды уыцы æнахуыр фæдзæхсты тыххæй сусæгæй радзырдта йæ мадæн, фæлæ йын уый дæр загъта:

– Чи амæлы, мæ къона, уый фæдзæхстæн æнæ сæххæстгæнгæ нæ вæййы, уæд ды йæ тæригъæды цæуыс, æмæ дын æй нæ ныббардзæн...

Лæппу йæ фыды фæдзæхст сæххæст кодта, абоны онг уыцы обауы цъуппыл цырт мысаны лæуд кæны, ницæмæ дары быдираг

къуыззитгæнæг дымгæты, миты уазал. Йæ цуры фæкусынц нæ хъæуы хортауджытæ, хъахъхъæнынц æй. Бестолы кой сæм арæх рауайы; чи фæзæгъы, æвзæр лæг уыди, чи дзы раппæлы. Хатгай кæрæдзийæн уайдзæфы ныхæстæ дæр нæ бавгъау кæнынц:

– Цытæ кæныс уый? Бестол дæ, мыййаг?..

Искæмæн хъæугæрон исты куы фæамонынц, уæд ын фæзæгъынц:

– Уæртæ Бестолы цырты цур...

Æрæджы мæ иу мæ хъæуккаг мæнæ афтæ фарста:

– Адæймаг амæлы дыууæ хатты: йæ уд куы сисы, уæд, стæй йæ адæм куы ферох кæнынц, уæд. Бестол кæд цыфæнды æвзæр уыдис, уæддæр, цы хиндзинад равдыста, уый федтай? Ды та цыфæнды сыгъзæрин дæр фест... Уый та йæ ном рох кæнын нæ уадзы...

*12 февраль, 2018 аз*

## СЫФТÆР ÆМÆ БУРАНЫ ТÆРИГЪÆД

Хатгай адæймаг боны дæргъы бирæ алыхуызон хабæрттæ фехъусы. Иутæ дзы, фыдæлты загъдау, иу хъусы бауайынц æмæ иннæмæй агæпп ласынц. Фæлæ дзы хатгай ахæмтæ дæр разыны, кæцытæ, тынг дæ куынæ фæнда, уæддæр дæ хъуыдыйы баззайынц, ницы хуызы сæ атæрдзынæ уырдыгæй. Мæнæн ныры онгмæ ахæмтæ рауадысты, алы азты дыууæ куыдзы тыххæй цы фехъуыстон, уыдон.

**Сыфтæры** тыххæй мын радзырдта мæ горæтаг сыхаг Дзиуаты Эльбрус:

– Мæ сиахс Цориты Æхсар æмæ йæ зæбулхъус куыдз Сыфтæр кæрæдзиуыл тынг æнувыд уыдысты, хъæуы мидæг иумæ цыдысты цинмæ дæр æмæ зианмæ дæр; йæ фæдыл-иу стырындз, адæм ууыл сахуыр сты. Æхсар куы фæзиан, уæд ын Сыфтæр йæ сынтæджы бынмæ бабырыд æмæ æхсæв-бонмæ фæкодта хъиу-хъиу – æз æй мæхи дыууæ цæстæй федтон, йæ цæссыгтæ куыд згъæлдысты, уый.

Сыхаг лæгтæй йæ чидæр уырдыгæй тардта, къæцæлæй-иу ын йæ фарс барæхуыста, фæлæ йын уый афтæдæр нæ бакуымдта, æмæ йыл уæд йæ къух ауыгъта.

Адæм уæлмæрдæй куы ‘рбаздæхтысты, уæд æй рæбинаг уаты Æхсары сынтæджы астæу мардæй æрбаййæфтой. Æхсары ус æй ауыдта фыццаг, æмæ, мæгуыр, йæ зæрдæ бахъарм, мард куыдзыл бахауд. Йе ‘мбал устытæ уым куыд ныцъцъæхахст кодтой, уый кæртмæ дæр

фехъуыст. Цалынмæ тагъд æххуысы машинæ не ’рбацыд, цалынмæ йæ рынчындонмæ нæ аластой, уæдмæ хæрнæджы фынгтæм зыбыты иунæг лæг дæр хæстæг нæ бацыдис...

Фыццаг сабатизæрмæ дæр сæм ныццыдтæн æмæ лæмæгъзæрдæ Сыфтæры ингæны цур дæр алæууыдтæн: цæхæрадоны йæ æхсæр бæласы бын баныгæдтой. Раст мæ бамбар, Дамир, мæ сиахс дæр-иу мын Мæрдты бæсты бахатыр кæнæд, фæлæ йын æз цæмæндæр йæ Сыфтæрыл йæхицæй къаддæр нæ фæрыстæн. Цыдæр кодтон уым, цы, уый абон дæр нæ зонын, фæлæ йæ куы ærымысын, уæд мæ зæрдæ уынгæг кæнын райдайы, афтæмæй мын мæ бинойнаг ныр цалдæр хатты загъта, ды, дам, тæригъæд кæнын нæ зоныс. Уæд уый циу?..

**Иннæ.** Дард Сомихæй та нæм æрæджы æрбацыд нæ уыцырдыгон сиахс Гришæ Давтян, не ’рвадæлты чызг, йæ бинойнаг Минæтимæ. Хæсты ветеран, æнахуыр уæздан лæг-иу алы фынджы бадты дæр хистæрæн уыди, чъирикувæг, æмæ йын æз мæ зæрдыл бадардтон, фынг куыд хаста, уый. Зæгъæм, дыккаг сидтæн-иу мæнæ ахæм æфсон ссардта:

– Иу уал нæ бануæзтам?.. Бануæзтам! Уым, ома нæ ахсæнты раззагæн уым иунæгæй æнкъард уыдзæн, цæй æмæ дыккаг дæр фæдæлæ кæнæм...

Æмæ-иу зæрдиаг худт ныккодта.

Æртыккаг сидт та-иу мæнæ афтæ райдыдта:

– Уым дыууæ нæ баисты?.. Баисты!.. Уæвæн ис, æмæ уым истæуыл нæ бафидауой, фæхыл уой. Хъæуы сæ æртыккаг – иргъæвæг. Ауадзæм та сæм æй...

Иу-æхсæз-авд сидтæй-иу æм сæ алкæмæн дæр йæхи цыдæр цымыдисаг æфсон уыди. Æз ын дзы иу уæлдай тынгдæр бадардтон мæ зæрдыл, æппæты фылдæр-иу ыл фæдзырдта.

– Иуцалдæр азы дæлæ Сыбыры фæцардтæн, – æнкъард хъæлæсæй-иу райдыдта, – уымы стыр хъæдтæй иуы астæу. Нæ куыстмæ-иу нæ дзоныгъты ластой, уым та – куыйтæ ифтыгъд. Дынджыр, хъуынджын куыйтæ уыдысты, сæ хъустæ æмбисæй дæлæмæ фæлдæхт. Сæхи æхсæнæй сын раздзæуæг уыдис, йæ ном – Буран. Мах сын æй сæ паддзах хуыдтам, тынг æнувыд ыл уыдысты. Кæцыдæр æхсæв, уымæй размæ чи нæма уыдис, ахæм уазал скодта, дымгæ сыстад, бæлæстæ къæс-къæс кодтой. Абон дæр æй нæ зонын, цæмæн афтæ бакодтон, уый, фæлæ æддæмæ рацыдтæн, уыцы Буран мын нæ куымдта, фæлæ йæ мæ фæдыл тыххæй æрбахæр-хæр кодтон æмæ йæ сынтæджы къах-

мæ фидар бæндæнæй ныббастон. Иннæ куыйтæн мæ бон се 'ппæтæн цы уыдис, фæлæ мæ бафæндыд, зæгъын, уадз æмæ сæ паддзах ахсæв хъæрм агъуысты фæуæд, удыбæстæ йын скæнон.

Фæлæ райсомæй райхъал дæн, кæсын, æмæ нæ дуар – зыхъхъыр, Буран уым – нал, йæ бæндæн бахсыдта æмæ алыгъди. Фæстæдæр мын бынæттон зæронд лæг Буранæн йæ уыцы æнахуыр ми мæнæ афтæ бамбарын кодта:

– Уый дæ фарсмæ йе 'хсæв уыцы хъæрм уаты иунæгæй куы арвыстаид, йе 'мбæлттæ та – уазалы, уæд æй йæхицæн нæ ныббарстаид. Бафæлвар йæ бамбарыныл...

Цæй, афтæ бакæнæм, æмæ ацы сидт зæгъæм ахæм паддзахы цæрæнбоны тыххæй, кæцы уæд та ма иучысыл уыцы Бураны хуызæн тыхса йæ адæмыл... Лæугæйæ!..

Махæй-иу зыбыты иунæгæй дæр ныхас не схаудта, зæрдиагæй-иу æй бануæзтам, йæ мысинæгтæ-иу нæ хъуыдытыл бафтыдтой...

*14 июль, 2025 аз*

## ЧЫНДЗÆХСÆВ НАЛ СКОДТОЙ

Мæ бинойнаг Фатъимæтимæ æрæджы бабæрæг кодтам нæ дзуарыхъæуккаг рагон хæлар, нæуæдзаздзыд Битарты Ирæйы. Ныхас нын бацайдагъ, æмæ нын уый æрымысыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæззау азтæй дыууæ цауы. Æз сæ мæ зæрдыл бадардтон.

**Фыццаг.** Немыц Ирыстонмæ дæр куы æрбацæйхæццæ кодтой, уæд-иу нæ хъæуы адæм дæр райсом раджы колхозы быдырмæ агуылф кодтой, нæ нартхор, дам, æнæ тындæй ма баззайа, зæгъгæ. Сæ тæккæ тонгæйæ куы уыдысты, уæд сыл знаджы дыууæ хæдтæхæджы бомбæтæ æрæппæрстой, æмæ адæмæй чи хъæуы 'рдæм лидзæг фæци, чи та – хæстæг хъæдмæ. Фæрниаты æрыгон чындз Зинæйæн бомбæты схъистæ йæ рахиз къах йæ агъдæй дæлæмæ ахауын кодтой æмæ ма афтæмæй уынæргъгæ нартхæртты æхсæнты фæбырыд, стæй… Иуцасдæры фæстæ хъæдæй рацæуын чи бауæндыд, уыдон æй ауыдтой, аракæс-бакæс кодтой æмæ, къах куынæ разынд, уæд Зинæмæ фæлæбурдтой æмæ йæ хæдзармæ сыскъæфтой. Йе 'ртæаздзыд лæппу Зауыр йæ мады уыцы хуызæнæй куы федта, уæд ныцъцъæхахст кодта, стæй йæ зæрдæ бахъарм ис. Сылгоймагæн уыцы бон æнæ баныгæнгæ нæ уыд. Уæлмæрдмæ йæ куыд фæцæйхастой, афтæ

знаджы салдæттæ сæ размæ фесты, раст зæгъгæйæ, ницæмæй сæ бахъыгдардтой.

Цалдæр боны Зинæйы къах агурæг ацæуынмæ йæ ныфс ничи бахаста, ничи бауæндыд, уымæн æмæ хъæуы уынгты хъуыст æрмæстдæр немыцæгты дзолгъо-молгъо, сæхи куыд дардзысты, уымæн ничи ницы зыдта, рудзгуытæй сæм кастысты. Æртыккаг æви цыппæрæм бон уыдис, уый уын абон бæлвырдæй нæ зæгъдзынæн, фæлæ кæсæм, æмæ дæлæ Солтанаты зæронд лæг Джамботт Зинæйы къах уынджы астæуты схæссы, хъæрæй кæуы. Адæм йæ фæдыл фылдæрæй-фылдæр кæнынц, сæ хъарджытæ уæларвмæ хъуысынц, устытæ сæ уæрджытæ хойынц, немыцаг салдæттæ уыцы æнæдзургæйæ кæсынц, бадгæ сæ-иу чи кодта, уыдон-иу сыстадысты; танчы сæр сармадзаны хæтæлыл дыууæйæ сæхи банцой кодтой, уыдон дæр зæхмæ æргæпп ластой. Дыккаг бон цалдæр зæронд лæджы уæлмæрдмæ ацыдысты, мах дæр цалдæрæй – сæ фæстæ. Зинæйы ингæн ракъахтой, чырыны фарсмæ йын йæ уыцы къах дæр æрæвæрдтой. Уæд мæныл авд азы дæр æххæстæй нæма цыдис, фæлæ уымæй размæ æз искуы истæуыл скуыдтон, уый, мæнæ ацы зæххардыстæн, ныр нал хъуыды кæнын, фæлæ мын уыцы бон уæлмæрды мæ цæссыгтæ мæ рустæ куыд сыгътой, уый ма абон дæр æнкъарын...

**Дыккаг.** Не ‘рвадæлты лæппу Батырбег æфсады службæ кодта дæлæ уæды Ленинграды, афицер уыдис, æмæ йæ йæ бинонтæ сæ фыстæджыты баййардтой, уым, дам, кæйдæр горæты, иунæгæй кæдмæ уыдзынæ, ссу, æмæ дын чындзæхсæв скæнæм. Байхъуыста сæм æмæ 1941 азы Хурхæтæны мæйы фыццаг бонтæй иуы ссыди. Фыццаг ын банымыгътой сæ зонгæ чызджы – куыста Дзæуджыхъæуы дæндæгты дохтырæй. Æртæ боны йæм уырдæм фæцыд, фембæлдтытæ кодтой, æмæ йын æрæджиау, мæнæ куыд вæййы, афтæ лæппу ныффæдзæхста, дæ мад, дæ фыды, дам, бафæрс, минæвæрттæ уæм кæцы бон барвитон, уымæй. Фæлæ йын чызг мæнæ афтæ куы зæгъид:

– Ды дæхæдæг цы бон зæгъай, уæд. Цы сæ фæрсон?.. Æз мæхæдæг мæхицæн хицау дæн!..

Уыцы къæйных дзуапп Батырбегæн фæхъыг, нымдзаст æм æмæ йæ фæрсы:

– Уый фæстæ та мæнæн уыдзынæ хицау?..

Ныууагъта йæ. Цы гæнæн уыд, æмæ йын ныр та банымыгътой Мамсыраты чызджы уæлæ Джызæлы, хуынд Тамарæ, уый дæр куыста Дзæу-

джыхъæуы сæйраг банчы. Цыбыр дзырдæй, уыимæ йæ хъуыддаг сырæзт, йæ минæвæрттæ сæм уыдысты, бафидыдтой, рагацау сбæрæг кодтой чындзæхсæвы бон дæр: 1941 азы 22 июны, хуыцаубоны, уымæн йæ хæдфæстæ бон, къуырисæры та хъуамæ поезды ацыдаиккой Ленинградмæ.

Фæлæ мæнæ кæцырдæм разылдысты хабæрттæ. Цалдæр боны ма хъуыдис чындзæхсæвмæ, афтæ Батырбегмæ йе 'фсæддон хайы хицауад сæрвыстой тел сæ карз домæнимæ: «Æвæстиатæй дæ службæйы бынатмæ раздæх!»

– Мæнæн æнæ ацæугæ нæй, – бамбарын кодта лæппу йæ мад æмæ йæ фыдæн, – уæ хъуыддæгтæ кæнут, æрхæссут æй, стæй йæ мæ хо Фарузимæ цалдæр боны фæстæ Ленинградмæ поезды рарвитут...

Æмæ ацыд. Дыууæ хæдзары сæхи чындзæхсæвмæ цæттæ кæнын райдыдтой. 21 июны сабаты сыхы фæсивæд, мæнæ-иу раздæр куыд уыдис, афтæ æргæвдинаг гал æмæ чындзы номыл хуын Джызæлмæ сластой, цæмæй зыдтой, дыккаг бон цы стыр бæллæх æрцæуыдзæнис, уый: райдыдта хæст. Цæй чындзæхсæв æмæ ма цæй цыдæр?!

Æртæ мæйы фæстæ Мамсыратæ уыцы гал æмæ чындзы номыл хуын фæстæмæ Дзуарыхъæумæ барвыстой, кæд, дам, уæ лæппу хæстæй ссæуа, уæд, дам, мах дæр ам стæм.

Нал ссыдис, мæгуыр…

*14 мартъи, 2026 аз*

## НÆ МЫЛ БАУУÆНДЫД...

Уæд æз районы газеты редакторæй куыстон æмæ иубон нæ горæты базарадон организацийы автолавкæйы шофыр Борсæты Ирбегæй хæсæй гауыз райстон, зæгъын, мæ мызд мын куыддæр радтой, афтæ дæ мæхæдæг ссардзынæн. Бауæндыд мыл, мæгуыр, уыцы бæрзонд уæздан лæг. Фæлæ афтæ рауад, æмæ уыцы бонтæй иуы хъуамæ районы партион дзуаппон конференцийы æвзæрстаиккой ног фыццаг секретары – фондз кандидатурæйы дзы уыдис. Æз дæр уыцы фондзы æхсæн кæй дæн, уый куыддæр æгъдауæй Ирбеджы хъустыл æрцыд, æмæ мын иуизæр мæ хæдзары дуар æрбахоста. Ныфсæрмытæ, никъкъæзæнæг, йе 'рбацыды сæр цæуыл уыд, уый зæгъынмæ дæр нал арæхст, фæлæ йæ æз йæ цæстæнгасæй бамбæрстон æмæ йын афтæ зæгъын:

– Ирбег, æмæ афтæ нæ баныхас кодтам, æз дын дæ гагуызы аргъ мæхæдæг бахæсдзынæн, зæгъгæ? Нæ мыл æууæндыс? Исты æрцыди?

Уымæн йæ цæсгом сырх хъулон афæлдæхт, æмæ дын уыцы уæзданæй афтæ куы бакæнид:

– Æрцæуинаг у. Мæн дæр раст бамбар, Дамир, фæлæ дæ, цы нæ вæййы, районы хицауæй а дыууæ боны куы равзарой, уæд ме 'хцатыл мæ къух ауигъдзынæн. Иу хатт басыгътæн. Æмæ дæм раздæр уымæн æрбацыдтæн...

Уый мæнмæ цы худæг фæкаст, цы худæг! Ирбег йæхæдæг дæр ныппыррыкк ласта...

## МÆ УСЫ, ДАМ, ФЕНОН

Æнæхъæн фараст мæйы службæ фæкодтон Тбилисы артиллерион полчъы, стæй мæ арвыстой Гуырдзыстоны стырдæр горæттæй иу Ахалцихмæ, радтой мын сержанты цин, мæ бæрны уыдис фондз салдаты. Сæ иу – бынæттон цæрджытæй. Куыд мын радзырдта, афтæмæй йæ фыд йæ иунæг лæппуйы тыххæй æфсæддон уæлдæр хицауадæй кæимæдæр баныхас кодта, æмæ йын дард ранмæ нæ ахаудта.

Иуцасдæры фæстæ мæм æрбацыд æмæ дын мын афтæ:

– Æфсадмæ ацæуыны размæ ус ракуырдтон, ауадз мæ нæхимæ, æмæ йæ фенон. Къуырисæры сæумæцъæхтыл ам уыдзынæн, ма тæрс. Мæ хæдзар ардæм хæстæг у...

Æз куыннæ хъуамæ тарстаин, уыцы ныфс мæхимæ нæ райстон, фæлæ йæ бакодтон нæ полчъы старшинамæ. Уыд сомихаг, йæ ныййарджытæ цардысты Дзæуджыхъæуы, мæнмæ дзæбæх зæрдæ дардта. Хабар ын куы ракодтон, уæд ног усы коймæ бахудти æмæ гуырдзиагæн йе уæхск æрхоста:

– Æмæ нын демæ цы 'рбаласдзынæ?

– Гогыз, – фæцырд æм ис лæппу, – гогызтæ нæм бирæ ис, урс гогызтæ. Сæн дæр нæм ис боцкъаты, Сталин кæй уарзта, ахæм сæн...

Нæ фæзындис гуырдзиаг нæдæр сæумæцъæхтыл къуырисæры, нæдæр – сихæрттыл, нæдæр афтидармæй, нæдæр æд хуын. Æхсæвы мæ старшина мæ хуыссæнæй сыстын кодта, йæ хъæлæсыуаг æмæ йын йæ митæй бамбæрстон: цыдæр æрцыдис.

– Бæллæхы нæ нытътъыста дæ гуырдзиаг, – æнкъард хъæлæсæй загъта уый. – Йæ ног усы кæимæдæр хуыссæны баййæфта æмæ сын сæ сæртæ къултыл фæхоста. Æрцахстой йæ... Цы дæ курын?.. Фæрсдзысты дæ хабæрттæй, æмæ-иу мæ кой ма скæн. Дæуæн ницы кæндзысты, мæн та ардыгæй фæтæрдзысты... Æмбарыс мæ?

Æз æй æмбæрстон.

Дыккаг бон фæссихор æгас полчъы дæр уæрæх кæрты рæнхъ слæууын кодтой, инæлар Цветков, цы æрцыдис, уый тыххæй тызмæгæй радзырдта. Иунæг æз разындтæн аххосджын, се 'ппæты цур мын мæ сержанты цин ныллыг кодтой, мæ пъагæттæ мын рафтауын кодтой, ногæй мæ ефрейтор рауади...

Ууыл бирæ азтæ рацыдис. Иурайсом Дзæуджыхъæуы сæйраг уынджы мæ кæддæры старшинаимæ хæрхæмбæлд фестæм, базæронд, йæ пыррыкк рихитæ сурс сты, фæцинтæ кодтам кæрæдзийыл, кæддæры хабар дæр æрымысыдыстæм, зæрдиагæй фæхудтыстæм...

## УАДАТИ МÆ СХУДЫН КОДТА

Нæ районы рынчындонмæ фыццаг хатт куыд бахаудтæн, уый уын радзурон. Мæ зæрдыл куы æрлæууы, уæд мын, фæнда дæ-нæ фæнда, æнæ схудгæ нæ вæййы. Кæд дæу дæр ахудын фæнды, уæд ма фæзивæг кæн, мæ фыст мын кæронмæ бакæс.

Уæд Беслæны горæты сæргъы лæууыдтæн. Иу къуырисæр, адæмы исæн бон мæ рахиз фарс бынæй срисс-срисс кæнын райдыдта. Æз æй ницæмæ дардтон, уый размæ бон Хуымæллæджы кæйдæр куывды мæ хæлæрттимæ, раст зæгъгæйæ, чысыл æрнуæзтытæ кодтон, æмæ, зæгъын, æвæццæгæн, уый фæстиуæг у. Алкæцы æрбацæуæгæн дæр сыстын – æрбадын, сыстын – æрбадын.

Рæстæг та цыди. Сихæрттæм æвваахс мæ кабинетмæ æрбахызт нæ районы тæрхондоны сæрдар Сулейман Уадати, адæм æй кæрæдзийæн йæ номæй нæ, фæлæ йæ мыггагæй амыдтой. Мæ цуры фæтъæпæн, нымдзаст мæм, стæй ныддис кодта:

– Дæ цæсгомы хуыз мæ зæрдæмæ нæ цæуы, Дамир, цыдæр хуызæн мæм кæсы. Исты дæ риссы, мыййаг?..

Хæлæрттæ уыдыстæм, æмæ дзы, кæй зæгъын æй хъæуы, ме 'мбæхст катай нæ басусæг кодтон, къухæй дæр ма йын бацамыдтон, цыдæр мæ кæм хъыгдары, уыцы бынатмæ.

Уый, цыма тынг бирæ зонæг æмæ бирæ цыдæртæ фенæг дохтыр у, уыйау йæ бынаты фестад æмæ загъта:

– Аппендицит дын у, дæ куырм тъанг. Ачъепп кæнын дын æй хъæуы...

Æмæ рахиз къухы æнгуылдзтæй хæсгард ацамыдта.

Стæй æрбадт æмæ мæнæ цы радзырдта:

– Иу-фынддæс азы размæ дæлæ Мæздæджы хуымæтæг тæрхонгæнæгæй куыстон. Кæцыдæр æмбисæхсæв мæн дæр мæ куырм тъанг срæхой-срæхой кæнын райдыдта. Тагъд æххуыссы машинæ мæ уымы рынчындоны балæууын кодта, æмæ мын æй уым уайтæккæдæр мæ хæлар дохтыр, уый дæр бесланыхъæуккаг, Булаты Владимир атæхын кодта йæ цыргъ кардæй...

Дыккаг бон цы базыдтон, уымæ-ма кæс. Сихорыл дохтыртæ, сæ куысты фæткмæ гæсгæ, рынчынтæ кæм хуыссыдысты, уыцы палатæтыл зылдысты, алкæй цур дæр-иу æрлæууыдысты, рафæрс-бафæрс, раныхас-баныхас. Ацы Владимир мæ уæлхъус куы алæууыд, уæд мæм уыцы æнæдзургæйæ нымдзаст, стæй æрæджиау, иннæтæ дæр æй куыд хъусой, афтæ куы ныддис кæнид:

– Уадати, ды та ам цы агурыс?..

Йе ‘мбæлттæм фæрсæгау бакаст, æмæ уыдон, цыма рагацау ныхас бакодтой, уыйау æмхуызонæй куы ныппыррыччытæ кодтой, уæд ма йын æй цы бамбарын хъуыд, дысон мын операци, саубыны расыг уыд, афтæмæй кæй скодта, æмæ йæхæдæг дæр хъæрæй худын райдыдта...

Ды нæма схудтæ, мæ кæсæг?

Æз уæд мæхи нæ баурæдтон, худæг мыл бахæцыд, æмæ, мæ рис тынгæй-тынгдæр кæнын куы райдыдта, уæд Уадатийы мæ кабинеты бадгæйæ фæуагътон, мæ дзæбæх шофыр Хуыбаты Русик мæ рынчындонмæ аласта, уайтагъд мæм рухсыбадинаг дохтыр, мæ хæлар Торчынты Виктор йæ цыргъ кард систа...

*26 февраль, 2025 аз*

## ЦЫ БАДАРДТОН ЗÆРДЫЛ...

Хатгай мæхи цахъхъæн хистæртимæ нæ кæддæры æвзонг азтæ куы æрымысæм æмæ дзы исчи куы рахъаст кæны, æз мæ ивгъуыдæй бирæ цыдæртæ æмæ бирæ кæйдæрты саубыны рох фæкодтон, зæгъгæ, уæд сын æз та мæхицæй раппæлæгау кæнын, радзурын сын, хæрз æрыгонæй зыбыты иунæг хатт кæй фехъуыстон кæнæ фыццаг хатт кæй бакастæн æмæ мæ абоны онг дæр чи нæ ферох, уыцы æмдзæвгæтæ. Уый сын цымыдисаг вæййы.

* * *

1963 азы æз хъуамæ ахуырмæ бацыдаин Мæскуыйы Литературон институтмæ. Фыццаг фæлварæны размæ нын уымы стыр залы фембæлд уыдис нæ бæстæйы зындгонд поэттимæ. Уæлдай тынгдæр дзы мæ зæрдæмæ фæцыдысты Васили Федоровы фæлмæн æмдзæвгæтæ:

*– Белым-бело, белым-бело...*
*По северу кочуя,*
*Я видел лебедя крыло,*
*Я видел лебедя крыло...*
*Им подметали... в чуме...*

Уæдæй мæ нæ рох кæнынц ацы фондз æнкъард рæнхъы, мæхинымæры сæ мæхицæн бакæсын, уыцы ныв мæ цæстытыл ауайы, мæ зæрдæ сриссæгау кæны...

* * *

1967 аз. Елхот. Районы газеты редакци. Иурайсом, æз æмæ Ходы Камал цы кабинеты бадтыстæм, уырдæм нæм æрбацыд зындгонд журналист, республикæйы радиокомитеты бæрнон кусæг Андиаты Мæхæмæт – ацы хъæуккаг, бæрзонд, уæздан лæг. Поэзийы кой нæм рауад, æмæ нын афтæ зæгъы, æз дæр, дам, скъолайы æмдзæвгæтæ фыстон. Иу нын дзы бакаст. Даргъ уыдис, фæлæ дзы мæнмæ цæмæндæр æппæтæй цымыдисагдæр фæкастысты йæ фыццаг цыппар рæнхъы:

*Райсом раджы хур куы скаст,*
*Æрдз куы уыд æнæмæт,*
*Гъеуæд скъоламæ фæраст*
*Андиаты Мæхæмæт...*

Æмæ йæ риу ныххоста…

Цалдæр азы размæ Камалимæ иукæмдæр фембæлдыстæм, æз ын ацы рæнхъытæ æрымысыдтæн, æмæ афтæ зæгъы, диссаг, дам нæу, æз дæр, дам, уыдон бадардтон мæ зæрдыл. Æхсызгон худт фæкодтам. Иухатт сæ Мæхæмæтæн йæхицæн дæр радзырдтон, мæ къух мын тынг æрылхъывта, бæрæг уыд, удыбæстæ йын æрхастон, уый. Афтæ зæгъы, мæ сабидуг, дам мын мæ цæстытыл ауайын кодтай...

*8 январь, 2021 аз*

# ХУР, ТÆРХЪУС ÆМÆ РАСТФЫССЫНАД

## ФЫНÆЙ КÆНЫН СÆ БАУАДЗУТ!

Университеты лекцийы рæстæг аудиторийы дæрддзæф бадæг студенттæ схъæлæба сты. Ахуыргæнæг сæм дзуры:

– Уæхи, уæртæ астæуæй чи бады æмæ æнæ сымæй къамæй чи хъазы, уыдоны хуызæн куы дардтаиккат, уæд разæй бадджытæ сæ тарф фынæйæ нæ фæхаудаиккой!

## ДОНЫ БÆСТЫ – КОНЬЯК

Фатеры хицау дзуры горæты доны службæмæ:

– Мæ кърантæй дон цæмæн кæлы?

– Ома куыд цæмæн?

– Уæ лæггæдтæн уыйбæрц æрцагуырдтат, æмæ дзы хъуамæ коньяк кæла!

## НÆ ДЫН БАЙРÆДЖЫ УЫДЗÆН…

Цъыккарæзт горæтаг лæппу сырх-сырхид дарæсы хъæуы æхгæд хизæнты цур хъомгæсы фæрсы:

– Вагзалмæ мæ фæндаг дæ фосхизæныл фæцыбыр кæнон? Сахаты ‘рдæджы фæстæ мæ автобус ацæуудзæн, нал æм æййафын.

– Тыхсгæ дæр-ма ма кæн! Ныртæккæ дæм мæ гал куы фæкомкоммæ уа, уæд, дæс минуты фæстæ цы автобус цæуы, уымæ дæр байяафдзынæ!

## СÆ ХÆСТÆДЖЫТÆ СÆ БАЗОНÆНТ!

Чызг скъолайæ, йæ цæсты бын цъæх, афтæмæй æрбацыд.

– Цы кодтай? – фæуыргъуыйау йæ фыд.

– Фыдгæнджытæ мын мæ телефон байсинаг уыдысты.

– Цавæр фыдгæнджытæ? Базондзынæ ма сæ?

– Æз? Сæ хæстæджытæ сæ базонæнт!

## АЛЦЫ ДÆР УЫНЫ…

Хуыснæг хæдзармæ бабырыд. Тути йæм дзуры:

– Кешæ алцы дæр уыны.

Хуыснæг ын йæ къалатийыл хисæрфæн æрæппæрста.

– Кешæ тути нæу, Кешæ фыййау куыдз у.

## НÆ ЙÆ ЗОНЫН…

Профессор, радон хатт та йæм æдзæттæйæ чи ‘рбацыд, уыцы студентæн афтæ:

– Нал дæ фæразын æмæ дын зачет æвæрын, кæд, студенттæ арæхдæр цавæр æртæ дзырдæй пайда кæнынц, уый зæгъай, уæд.

– Нæ йæ зонын…

– Иттæг раст! Сæрибар дæ!

## БÆРЗОНДÆЙ ХЪУАМÆ ФÆЛГÆСАЙ…

Халон æрвылбон æнæмæтæй бæласыл бадт. Тæрхъус æм схæлæг æмæ йæ фæрсы:

– Нæй гæнæн, æмæ æз дæр дæуау мæ бонтæ æнæмæтæй æрвитон?

Халон загъта:

– Цæуылнæ, табуафси.

Тæрхъус дæр бæласы бын æрхуыссыд. Уайтагъд рувас фæзынд æмæ – йæ сихор цæттæ.

Хатдзæг: цæмæй бадай æмæ мацы кусай, уый тыххæй хъуамæ бæрзондæй фæлгæсай.

## ЧИНЫГ ÆМÆ ХÆРИНАГ

Цæрæгойтæй стæмхатт чи æмбæлы, уыдоны бахастой Сырх чиныгмæ, иннæты – Хæрзад хæринæгты чиныгмæ.

## КÆРÆДЗИЙÆН ЛÆВÆРТТÆ

– Мæ удлæууæн, нæ кæрæдзийæн ма амæй-ай хуыздæр фæлладуадзæн бонтæ балæвар кæнæм!

– Цы хорз уаид! Разы дæн!

– Уæдæ хæрзбон ардыгæй къуырисæрмæ!

## АХЪÆБЫС ЫН КÆН…

Искæмæн хæс раттыны размæ йын ахъæбыс кæн. Гæнæн ис, æмæ йæ фæстаг хатт уыныс.

## ÆДЫЛЫЙÆН – БЫНАТ

Хорз коллективы æдылыйæн дæр бынат разындзæн.

## ХУЫЦАУМÆ КУЫВТОЙ…

Сауджын амард. Уыцы бæсты йын йæ хъуыддæгтæм æркастысты æмæ йæ зындонмæ рарвыстой. Йæ тæккæ размæ та автобус скъæрæджы – дзæнæтмæ.

– Уый та куыд, – загъта сауджын, – цæрæнбонты Хуыцауæн фæлæггад кодтон, адæммæ сидтæн, цæмæй йæм кувой, æмæ ныр – зындонмæ?

– Ды адæммæ куы сидтæ, уæд-иу бафынæй сты. Уæртæ уый автобус куы скъæрдта, уæд та иууылдæр Хуыцаумæ куывтой!

## РÆСТÆДЖЫ СУСÆГДЗИНÆДТÆ

Æхсæвы 11 æви 12 сахатыл бафынæй уай, уый ницы давы, фæлæ райсомæй 6 сахатыл сыстай æви фондз минуты æвдæмыл, уым цас хъауджыдзинад ис, цас!

## ЦАС НÆ ЗОНАЙ, УЫЙАС – ХУЫЗДÆР?

Ис ахæм хъуыддæгтæ, зонын кæй ницæмæн хъæуы. Гъе æрмæст бирæтæм афтæ кæсы, ныхас растфыссынадыл кæй цæуы…

## МÆ САРАЙÆН МЫН БАФИДУТ!

– Алло, базæ у?

– Раст не ‘рбахаудтат. Ракетæты базæмæ æрбадзырдтат.

– Уый сымах раст не ‘рбахаудтат! Мæ сарайæн мын чи бафиддзæн?

## МÆ ХУР, МÆ ТÆРХЪУС

– Мæ хур!

– Цы кæныс, мæ гæдыйы лæппын?

– Мæ сызгъæрин кæсаг, аходæн-ма ацараз!

– Ныртæккæ, мæ чысыл арс!

– Бузныг, мæ зæрватыкк!

– Табуафси, мæ тæрхъус.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу! Ды дæр мын мæ ном нал хъуыды кæныс?!

## ТÆРИГЪÆД У…

– Мæ чызг, уыцы лæппу сидзæр у, ноджы къуылых. Ма йæм смой кæн.

– Æмæ мæн хæрзконд-гуырвидауц нæ хъæуы!

– Нæ мæ бамбæрстай. Цард æй æнæуи дæр бафхæрдта, æмæ йын ды уæддæр батæригъæд кæн.

## ХИЦАУЫ УАЛ БАУАДЗ

Уæйгæнæн хайады кусæг, сервисы специалист æмæ сæ хицау сихор кæнынмæ рацыдысты. Ссардтой цавæрдæр рагон дурын. Фегом æй кодтой, æмæ аргъæутты æмбæлæг гоймаг ссæрибар. Дзуры сæм:

– Фæйнæ иу бæллицы уын сæххæст кæндзынæн!

– Багамæтæм, денджызмæ! – фæхъæр кодта уæйгæнæн хайады кусæг.

Фæцыдæр.

– Канарæтæм, змисмæ, сæрмагондæй мæнæн лæггад кæнæг массажистмæ! – фæцырд сервисы дæсны.

Фæцыдæр.

Сæ хицау загъта:

– Уый дын гъе! Ныр ма кусгæ та чи кæндзæн? Фæссихор фæстæмæ сæ куысты бынæтты куыд уой, афтæ!

Хатдзæг: дæ разæй уал хицауы бауадз йæ хъуыды зæгъын.

## СÆ КУЫСТЫЛ – ÆГÆР ÆНУВЫД

Рынчындон ссыгъд, æмæ зынгхуыссынгæнджытæ фæзындысты. Сæ куыст бакодтой æмæ сæйраг дохтырæн дзурынц:

– Тæссаг ницæмæйуал у, фæлæ, цы аст адæймаджы дзы уыд, уыдонæй фондзы йеддæмæ нæ фервæзын кодтам. Иннæтæ рухсаг уæнт.

Дохтырæн йæ зæрдæ бахъарм. Куы æрчъицыдта, уæд зынгхуыссынгæнджыты фæрсы:

– Уыцы фондзы куыд фервæзын кодтат, мæрддон куы сыгъд, уæд?

## РАКУЫРДТА ЙÆ…

Усгур йæ равзæрст чызджы йæ къухты ЗАГСæй рахаста. Уый йын йæ хъусы дзуры:

– Алик, ракуырдтай мæ, нæ?

– О, мæ зынаргъ!

– Уæдæ уæд æвæстиатæй дæ бæрзæйыл сбадон.

## ÆНХЪÆЛМÆ КÆСÆНТ…

80-аздзыд зæронд лæг бакъуырма æмæ дохтырмæ бацыд. Уый йын сæрмагонд аппарат рафыста, æмæ та йе 'рыгоны бонты хуызæн хъусын райдыдта. Иу мæйы фæстæ, дохтыр ын куыд бафæдзæхста, афтæ йæ хъусæн ифтонггарзы куыст бæрæг кæнынмæ бацыд.

Дохтыр загъта:

– Тынг хорз! Æвæццæгæн, дæ бинонты цинæн кæрон нал ис, ногæй хъусын кæй райдыдтай, уый тыххæй.

Зæронд лæг:

– Æмæ сын куы ницыма схъæр кодтон. Бадын æмæ сæм хъусын. Æмæ, мæ бынтæ кæмæн ныууадзон, уыл хъуыды кæнын…

## МÆ СЫХАГМÆ БАРÆДИЙУТ…

Сылгоймаг зынаргъ кæрц балхæдта æмæ уæйгæнæгæн афтæ зæгъы:

– Хæдзармæ мын æй æрбаласут, æрмæст уал-иу «рæдыдæй» мæ сыхаг Мисурæтмæ бацæут!

## ÆНДÆР МÆ НÆ ХЪÆУЫ…

Чысыл Абрам дуканимæ бацыд æмæ уæйгæнæгмæ дзуры:

– Ацы банкæйы мын æртæ литры мыд ныккæн.

Уæйгæнæг авг-мигæнæн байдзаг кодта.

– Æхца райсом мæ фыд бафиддзæн.

– Райсом?! Нæй уымæн гæнæн! – æмæ мыд фæстæмæ рауагъта.

Абрам рацыд æмæ йæ банкæмæ ныккаст:

– Мæ фыд тынг раст загъта. Сихорæн мæ дзулимæ бахæрынæн амæй фылдæр нæ хъæуы!

## КАПЕКК ДÆР ДЗЫ НАЛ БАЗЗАДАИД

– Нæ магуса лæппу та мын ме 'хцадон фæкайдта, – мæстыйæ дзуры фыд.

– Уый аххос æй цæмæн кæныс? – лæппуйы фарсхæцæг фæци мад. – Уæдтама сæ æз систон?

– Ды куы уыдаис, уæд дзы капекк дæр нал баззадаид…

## АДИХ СÆ КОДТАИККАМ

Æхсæвы мæм хæдзармæ хуыснæг фæзынд. Æхца агуырдта. Райхъал дæн, æмæ иумæ агурын райдыдтам, куы ссарæм, уæд сæ дыууæ дихы акæндзыстæм, зæгъгæ, ныхасгондæй…

## ФЫН ÆЦÆГМÆ НÆ ХИЗЫ?

Ус райсомæй йæ лæгæн афтæ зæгъы:

– Дысон-бонмæ мæ фыны уыдтон, цыма мын бриллиант цонгдарæн æмæ хъусцæджытæ балæвар кодтай. Æрттывдтытæ калдтой! Уымæн цы нысан уа?

– Лæг æй ахъæбыс кодта æмæ йæм дзуры:

– Изæры йæ бамбардзынæ.

Ус ницæуыл бацауæрста – диссаджы фынг ныккалдта, зынаргъ сæны авг байгом кодта, уат мыдадзын цырæгътæй саив кодта.

Лæг æрбацыд, æмæ йæм рæсугъд къопп дætты. Сылгоймаг æй цингæнгæ фегом кодта æмæ дзы федта… фынты нысаниуджытæ æмбарынгæнæн чиныг.

## ЙÆХИ САБЫР ДАРЫ

– Куыд у, цæй, дæ къупри лæг? Æхсæвыгæтты ма йе ‘хца казиноты æмæ ресторанты нықъкъуыввитт ласы?

– Нæ. Йемæ бæстон аныхас кодтон, æмæ тамако нал дымы, нал нуазы, рестораньæм нал цæуы. Сабырæй реанимацийы хуыссы.

## ХÆРÆГÆН – ÆФСЫМÆР

Астæуккаг Азийы автоинспекцийы кусæджы къухы æнæхъæн бон ницы бафтыд, æмæ мæстæй пихылæйттæ калдта. Кæсы, æмæ зæронд лæг хæрæгыл æрбацæуы.

– Хорз лæг, æгæр тагъд цæуыс, ивар бафид.

– Æгæр тагъд? Хæрæгыл?!

– Æмæ ма йæ лæдзæгæй дæр ныццавтай! Цæрæгойтæм цæй æгъатыр дæ! Ныртæккæ дзы хатыр ракур!

Зæронд лæг хæрæджы къухæй æрсæрфта æмæ йæм дзуры:

– Бахатыр кæн, хæрæг, лæдзæгæй дæ кæй ныццавтон, уый тыххæй. Де ‘фсымæр автоинспекцийы кусы, уымæн цы зыдтон!

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***16 августы*** Тугъанты Махарбеджы номыл Аивæдты музейы байгом РЦИ-Аланийы адæмон нывгæнæг, Уæрæсейы Аивæдты академийы академик, скульптор Соскъиты Владимиры равдыст «Хæрдмæцыд» («Восхождение»). Фенæн дзы ис Булат Окуджава æмæ Иосиф Бродскийы, нæ национ мифологийы, историйы, культурæйы ирд фæд чи ныууагъта æмæ йæ ном кæмæн баззад, ахæм адæймæгты сурæттæ.

► ***23 – 25 августы*** Абхазийы æнтыстджынæй ацыдысты Тæбæхсæуты Балойы номыл академион театры гастрольтæ. Равдыстой 3 спектаклы: «Гæздæнтæ», «Демон» æмæ «Отелло». Абхазаг аивадуарзджытæ алы равдыстыл дæр сæмбæлдысты къухæмдзæгъдимæ. Февралы Цæгат Ирыстоны паддзахадон театр суазæг кодта Самсон Чанбæйы номыл драмон театры труппæйы. Ирон театр гастрольтимæ Абхазы фыццаг хатт уыд 50 азы размæ. Æмæ ныр актерты ног фæлтæр дарддæр хæццæ кæны æфсымæрон республикæимæ бастдзинад.

► ***26 августы*** Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы директор, 60 азы дæргъы педагогикæйы къабазы бакусæг Къорнаты Татьянæ хорзæхджынгонд æрцыд майдан «Ирыстоны намысæн»-æй.

► Æхсæнадон-патриотон организаци «Ирон фæсивæд» æмбырд кæны историон предметтæ. Уникалон коллекцийы фенæн ис скифты-сæрмæтты рæстæгæй артефакттæ – рагон хæцæнгæрзтæ, аивгæнæнтæ æмæ ирон адæмы традицион цардыуаджы мигæнæнтæ. Бирæ экспонаттæ сын балæвар кодтой республикæйы цæрджытæ.

*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 9. 2026 г.
Подписано в печать 10.09.2026 г. Выход в свет: 21.09.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 249. Цена свободная

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

«Мах дуг»-ы равдысты къамтæ ист сты Ходы Никъалайы бинонты æвæрæнтæй.






Индекс 73247
12+